16+

ISSN 0235-0130

Дагъистаналъул адабият

# Гьудуллъи

Литературияблгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал



**Александр ПУШКИН:**

*“ГIантав чиясулгун бахIсги гьабуге”*

3/2024

май - июнь


С ДНЁМ ПОЭЗИИ СУЛЕЙМАНА СТАЛЬСКОГО
Сулейман Стальский
За годом отсверкает
И я умру, но мой наро
Ни в чём меня не упрекнет
В том ошибиться невозможно..





# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**3**

**2024**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад БисавгIалиев,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургьалова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
Сабигат МухIамадова,
ГIалихIажи МухIамадов.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

Реццалъгун бугьтаналъ гуккизе тоге...............................................................3

**АЛЕКСАНДР ПУШКИН ГЪАВУРАЛДАСА 225 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**Александр Пушкин**. Халкъалъул дидехун рокьи тIеларо.............................4

**ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ ЦОЛЪИЯЛЪ 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**Асадуллагь МухIамаев.** МагIарулай..........................................................10

**ТIАД ТIАВАП ГЬАБУЛЕЛ МУГIРУЗУЛ ЦIУМАЗ ЦIУНУЛЕБ БУГИЛАН ККОЛА ГЬАБ ТIАЛЪИ**

**ГIалихIажи МухIамадов.** Аваразул хаслъи билараб уммат, умумузул къадру цIуничIеб наслу…........................................................................61

Вехьасул тIил…..............................................................................66

**ДУН ВУГО МАГIАРУЛАВ, КЪУРАБАЗДА ГЪОРЛЪ ГIУРАВ**

**ХIайдар ХIажиев.** МагIарулав. Нахъа Колоса КIудияв ХIажи *(поэма)*……93



*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография:** ООО « Агентство «Кавказинтерпресс»
**Адрес типографии:** 355002, Ставропольский край, г. Ставрополь, ул. Лермонтова 191 Б

**ДРУЖБА №3 2024 г.**

*На аварском языке*

Подписано в печать 04.06.2024 г.
Выход в свет 15.06.2024 г.
Тираж 696 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл. печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 7,20. Физ.печ.л. 6,25
Заказ № 417. Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул калам

## РЕЦЦАЛЪГУН БУГЪТАНАЛЪ ГУККИЗЕ ТОГЕ

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Къо битIаги, сагIат лъикIаб батаги, ритIухъал, халкъалъе пайдаял ишазда баракат лъеги. Гьале тIаде щвана 2024 соналъул рии. Май моцIалда Дагъистаналда кIодо гьабуна халкъияв шагIир Сулейман Стальский гьавуралдаса 155 сон тIубай. Июнь ккола Александр Пушкин гьавураб моцI. Анлъабилеб июнь – гIурус адабияталъе кьучI лъуразул цояв, дунялалъул чIахIиял хъвадарухъабазул кьерда вугев Пушкин гьавураб къо, классик гьавуралдаса исана тIубала 225 сон.

Машгьураб «Памятник» абураб асаралда Пушкиница хъвалеб буго:

**Памятник гьабуна дица диего,**
**Гьелъухъе нухда хер бижизе гьечIо.**
**Гьелъул эркенаб тIогь зодоб тункула,**
**Александрил сидул ссиги дагь гьабун.**

**Гуро, тIубанго дун хун лъугIиларо –**
**Асаралъулъ лъураб рухI туризе гьечIо –**
**ЦохIониги поэт чIаго вукIаго,**
**КIоченаро дир цIар дуниялалда.**

**КIудияб Русалда рехсела дир цIар,**
**Ва щибаб мацIалда бицина гьез дир, –**
**Славяназул васаз, гIалхул тунгусаз,**
**Авлахъал хириял калмыказ, финназ.**

**Халкъалъул дидехун рокьи тIеларо,**
**КечIалъ рекIелъ лъикIлъи кунчIизабидал,**
**Эркенлъиян согIаб векалъ ахIидал,**
**ГIодор ккараздехун гурхIел гьаридал.**

**Халикъасул къотIи къабул гьабе, кечI,**
**ХIинкъуге ракIхунин, таж лъеян чIоге,**
**Реццалъгун бугътаналъ гуккизе тоге,**
**ГIантав чиясулгун бахIсги гьабуге.**

**Александр ПУШКИН**

## ХАЛКЪАЛЪУЛ ДИДЕХУН РОКЬИ ТІЕЛАРО

Дица цо диего памятник бана,
Гьелъул сухъмахънухда хер бижиларо.
Хвел гьечІеб бетІералъ гьеб эхетана,
Александрил сиги гьелде щвеларо.

Йохъ, тІубан кидаго дун хвезе гьечІо,
Гьайбатал дир бакънал нахъе рукІаго;
Рецц гьабила дие, гьеб моцІалда гъоркь
Цониги кочІохъан чІаго вукІаго.

Боржун ина дир цІар, Россия къотІун,
Рехсела дун гьенив киналго мацІаз:
Славяназ, гьезул чІухІарал васаз,
ГІалхулал тунгусаз, финназ, калмыказ.

Халкъалъе хиралъун, халат ина дун,
Гвангъарал асараз рорчІизаридал,
СогІаб гІумруялъул гІасиял къояз
Эркенлъи беццарал кучІдул ахІидал.

Мун БетІергьанасе, дир рекІел бакъан,
МутІигІаблъун букІа, ракІ бакъвачІого,
Реццальги мацІальги ахтаричІого,
Тохав гІабдаласулъ дагІбагъинчІого.

### РОСУ

ЗахІмат-рахІаталъул аваданаб бакІ,
Дица мун баркула, чІобогояб тІанкІ;
ТалихІ-рохелалъул лъелехьги тІад бан,
Чвахула дир къоял дуда жанисан.

Дун дур вуго: дица хисун кьуна духъ
Цирцияб азбарги аваданлъиги;
Эркенаб рохалихъ ричана дица
ЧІухІал бертабиги рекІелгъеялги.

Дун дур вуго: дие бокьулеб буго
Берцинаб гьаб ахги алъул гьугьенги,
Гьороца гьутIбузул гьенолеб сасги,
СихI кьотIун къанщараб ракьул гьумерги.

Дир пикрудал гьудул, паналъана дун,
Гьуригун кьурдулел кьер-кьерал тIугьдухъ,
ТIогьол махI бахъарал дур авлахъазухъ,
Хъархъалъан чвахулел чабхил иццазухъ.

Дида рихьулелъур, киса-кирего
Цереса унарел суратал руго.
Киве вуссаниги, сверухълъиялда
ЗахIмат-рахIаталъул асарал руго.

Дида рикIкIадасан кIиго батIияб
ТIад русби хIалтIулеб хIор цебе чIола.
Гьелда тIад гьелчолел ччугIихъабазул
ХъахIал байрахъазул паркъи бихьула.

Нахъасан раккарал хурзал, щобазда,
Харил авлахъазда дун цIакъ урхъула.
Гьезда сверухъ ругел гIиял рехъаби
ГIажаибго дида цере хьвадула.

Дида дора-гьанир гьабал рихьула,
Гьороца квегъарал куркьбиги рорхун.
БакI-бакIазда рарал рукъзал рихьула,
Рорхатал тIулбухъан кIкIуялги раккун.

Дун гьанив гьуинаб эркенлъиялда
Рекъон унев вуго, къо бахъанагIан.
РекIел рахIат хвараб хIалкъаялдаса
Хвасарлъулев вуго, заман анагIан.

Дун аваданлъиялъ ахIулев вуго
Гьаниб цо узданаб закон бахъизе,
НахъчIвазе намусаб зигараялъе
ГурхIараб жаваб кьун, жахIабго тезе;

Жагьилаб халкъалъул разилъи гьечIел
Риччалел харбазде гIинбангутIизе,
Залим-ахIмакъасул хIалтIуда жаниб
РукIа-рахъиналда гурхIунгутIизе.

**Нус-нус сон зулмудукь сокIкIараб агьлу**
**ЦIикIкIараб цолъиялъ ахIулеб буго.**
**Нужер рахъалдасан борхараб гьаракь**
**Гьуинго дир гIинда рагIулеб буго.**

**ГIакълудалъ рижарал нужер пикраби**
**РекIел гъварилъуда барщулел руго.**
**Гьелъ макьуги бичун, чорхол кIвахIги тун,**
**Жанисан хIалтIизе тIамулев вуго.**

**Амма пикрабазул квешал чIораца**
**ЧIагояб рекIеда ругънал гьарула.**
**Рохалил тIегь барал мугIрузда гьоркьоб**
**РекIел гьудуласда пашман бихьула:**

**Берал гIодичIого, ракI угьдичIого,**
**Агьлуялда бугеб бецIаб къварилъи,**
**КъватIиб бахъичIого, аз баччун бугеб**
**ГурхIел-рахIму гьечIеб, чIухIараб зулму.**

**Векьарухъанасул замана аниб**
**Зулмудул тIилазда бухьараб буго.**
**Гьесул бетIергьанлъи помещикасул**
**Пурцил ракканалда рекIараб буго.**

**Гьаниб залимзабаз, захIматал кванан,**
**Рекьарухъабазда кьабулеб буго.**
**Лагълъиялъул гьамут гарбидаги ххун,**
**Хабал мицIиралде цIан унел руго.**

**Умумуз мугъ чIварал чIагоял васал,**
**Росу тун, къватIире къокъунел руго.**
**Харде тIегь гIадинал тIинчIал мусудул**
**Басралъи щвеялъухъ ралагьун руго.**

**Огь, дир гьаракьалъе гьечIеб чIаголъи,**
**Пашманал ракIазе асар гьабизе.**
**Батулеб гьечIеб рес захIматалъул халкъ**
**Зулмуялда гъоркьа хвасар гьабизе.**

**Щайдай, дир каранда тIад цIаги бакун,**
**ТIубалареб мурад рекIелъ ккун чIараб?**
**РекIее бокьухъе, кьвагьараб хIалалъ**
**Цо ахIи тIамизе бутIа щолареб?**

**Бихьиладай дида эркенаб заман,**
**Лагълъиялдаса халкъ хвасар гьабураб?**
**ВатIаналда бугеб зулму тIагIине**
**ТIубан пачаясул пикру буссараб?**

## БОНАПАРТ ВА ЧЕРНОГОРЦАЛ

**«Черногорцалила? Щиб жо гьеб?» – илан,**
**Гьагаб суал кьуна Бонапартица, –**
**Уябищ гьеб наслу ццидалаб букIин?**
**ХIинкъуларелдай дир къуваталдаса?**

**Квеш ракI бухIилаха гьел ничбахъазул,**
**Старщинабазде буюрухъ гьабе,**
**Хех гьабун, гьездаса тIасаги бахъун,**
**Дида цере яргъил гъунал гьаре», – ян.**

**Гьале, гьес нижеде рехулеб буго**
**Нусго гIарадагин гIасиял боял.**
**Цадахъ къуват тIокIал гвардиялгун,**
**Къолдаби ретIараб рота, солдатал.**

**Ниж, черногорцазул, чи тIагIинчIого,**
**Чияр кверде унеб гIадат букIинчIо.**
**Тушманасда данде рагъде рахъине**
**ХъитIал, ганчIал нижер чIахIиял руго.**

**Ниж нижерго рукIнахъ ишан ккун чIана,**
**АхIичIел гьалбазе гьоболлъи базе.**
**Гьале, сверухълъиги гъурун балаго,**
**Байбихьулеб буго тIаде рачIине.**

**Борхалъуда гъоркьан гъункун унаго,**
**Рихха-хочи ккола, квеш ралагьула,**
**Жидерго бутIрузда тIаде къуларал**
**БагIарал тIагърازул цо кьер бихьула.**

**«ЧIа! Рега! Чи рикIкIун, цо-цояс цо-цо**
**Черногорец гIодой вортизе гьаве!**
**Нилъедасан гурIел гьарулеб гьечIин,**
**Нилъерги лъидаго гурхIел букIунге!»**

**Ярагъал чвархъана, чуял тIуркIана,**
**ТIаргъал гIурдуздаса гIодор рортана.**
**Нижилан абуни хъархъазда жанир**
**Рихьулареб хIалалъ рахчун рукIана.**

**Нижеца гьудулаб цо залпалдалъун**
**Франгазе кьуна кьварараб жаваб.**
**«Гьаб щиб хIалтIи?» – йилан хIикмат гьабуна.**
**«Дандерижийищ гьаб!» – Гьебги гуро аб!**

**Нусиялда къого гьалмагъгун цадахъ**
**Полковник цинтIаго гидалчIван ана;**
**Аскаралда жаниб рихха-хочи ккун,**
**КIварас кIвараб бахъун, нахъе лъутана.**

**Нижер гьайбатаб ракь гьелдаса нахъе**
**Франгазда квешго рихараб буго.**
**Ва гьел багIарлъула, тохлъукье нижер**
**БагIарал тIагъразда бер кIутIарабго.**

## АЙГЪИР

**– Мун щай хIихIидулеб, дир гогьаб айгъир,**
**Габур щайзе дуца дализабулеб?**
**Щай, жалги кIобокIун, басандулареб?**
**КIалдиб маххги букъун, бухьардулареб?**
**Дир гьабураб хъулухъ гIоларогонищ?**
**Я гIураб кIалцIи-хер кьоларогонищ?**
**Кьили-тIенк багIараб гьечIиланищ мун?**
**ЧIоло-квар чиллайдул бугогурищ дур?**

**– Дида рикIкIадасан рагIулеб буго:**
**ГIедераб тIваркъиги, кьолал дваргъиги,**
**ГIадалъан роржунел чIоразул сасги, –**
**Гьелъ лъугьараб буго дир хIихIидиги.**
**РахIаталда лъикIаб гIумруги тIамун,**
**ГIемер мех хутIичIо харда тиризе.**
**ГIурччинал авлахъал квер хьвагIунги тун,**
**КватIизе гьечIо дир гьумер хисизе.**
**Меседил лъим кьураб кьилиги бахъун,**
**Кьезе бугеб гIазаб гIагарлъун буго:**
**ГIарцул риун тIурал тIукъбиги рахъун,**
**ТIадагьал дир щанкIлал щущазе руго.**

**Дие бокьун гьечIо, кьолол демегал**
**Тушманас тIун рехун, дун гIицI гьабизе.**
**ГIетIул махI бахъарал хIуларал хьалбал**
**Дур тIомалъ тIад бигъун рахчизаризе.**

## ДАНДЕРИЖИ

**Авлахъалда хъумур руруданиги,**
**НакIкIазда гьоркьосан зоб гъугъаниги,**
**ГохIда нахъа ясалъ кечI ахIаниги,**
**Жиб-жиб гьаракьалъе, гьелдаго релълъун,**
**ГьечIеб бакIалдасан бижизе гьабун,**
**Дуца жаваб кьола киналъегIаги.**

**Мун чан къан букIуна бакIал гьуразухъ,**
**Дуца гIинтIамула тIолел гIунсузухъ…**
**Дуца жиб-жибалъе жавабал кьола,**
**Амма дуе жаваб кьолев чи гьечIо;**
**Мунги, дир кочIохъан, гьедин хутIула.**

*Руссинаруна ЦIадаса ХIамзатица*

## ЧАПАР

*(«Полтава» поэмаялдаса босараб)*

**МоцI-цIвайил канлъухъе, кватIараб ригьалъ**
**Гьав айгъирги рекIун унев вугев щив?**
**РагIал бихьуларел байдабаздасан**
**Свак тун, бекерулеб гьаб бартиго лъил?**
**Севералде буго казакасул нух,**
**Кивго хIалхьи боссе казак чIоларо.**
**Я гIурумухъалда, я ахил рагIдукь,**
**Я авлахъалда гьав лъалхъулев гьечIо.**
**Гьасул ярагъ цIерлъун кенчIелеб буго,**
**Каранзул чвантиниб гIарцул гуч буго.**
**Лебалаб гIаларча, жиб гьури гIадин,**
**Жал-рачI хьвагIулаго, боржунеб буго.**
**Ярагъ къваригIина, гIолилавлъидал,**
**ГIарац къваригIина, чапар вугелъул,**
**Чуги къваригIина, тIад рекIун ине,**
**Амма тIагъур буго бищун цIунун гьас.**
**ГIарацги, айгъирги, ярагъги – тIолго**
**ТIагърихъ рехун тезе рази вуго гьев.**
**ТIагъуран абуни боркьараб рагъда,**
**БетIер къотIичIого, кьезе гьечIо гьас.**
**Щай казакас тIагъур цIунулеб бугеб?**
**Гьелда букъун буго Кочубейица**
**ГIурусазул пача Петрахье кьезе**
**Мазепада тIасан басараб кагъат.**

*Буссинабуна Расул ХIамзатовас*

# Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул цолъиялъ 90 сон тӀубаялде

**Асадуллагь**
**МУХIАМАЕВ**

## МАГIАРУЛАЙ

*(Байбихьи – цебесеб номералда)*

**V.**

АхIмад армиялде ана колхозалъул цIияб ахикь бижараб микьиралъул кIаркьен багIарлъизе лъугьараб, кокон сурмалъараб заманалда. Фронталда вугеб мехалдаги гьесда гьеб ах ракIалдаса унароан. Жиндирго гьалмагъасе — Сурхайие гьес гванзлъун гIун рачIунел рукIарал гIечул гьутIбузул, хIалигъун, кванта багъарун рукIарал генул кIугьшузул мех-мехалда бицен гьабулаан. Гьениб бижизесеб къурахIажил гIечалъул, моцIи-гениялъул, гьенир гIезаризесел хинал улкабазулал цIиял культурабазул бицунаго АхIмадил кIалдиб лълъим кколаан. Армиялде унаго АхIмадица жиндир рекIел цо бащалъи ХIапизатихъ тун букIараб батани, цояб бащалъи гьеб ахикь тун букIана. ХIапизатида цадахъго гьесда гьебги ракIалде щолаан. Фронталдаса битIараб кагътида жаниб гьес хъван бачIун букIана:

«ХIапизат, дуда ракIалдаса унге нилъер цIияб ахилги нилъер кIиязулго цадахъаб гIумруялъулги гIел бащадаб букIин. БатIаго цIакъ кIвар кьун хъулухъ гьабе цIияб тайпаялъул гьутIбузе. Гьел къваригIун руго нилъерго мугIрузулаб тIабигIаталда реэдун ругьун гьаризе. Ахихъанлъиялда цадахъго дуда пастIанлъиги кIочонге».

ХIапизатиеги гьеб ах АхIмадиеялдаса дагьго бокьулароан. Гьенир гьутIби чIезе байбихьаралдаса нахъего гьей гьевгун цадахъ кидаго гьеб ахикь хIалтIулаан. АхIмадица хIалтIизарулел агрономлъиялъул тадбиразда хадуб гьелъ цIакъго кIвар кьун хал гьабулаан. Гьес кьураб гIакълуялда рекъон мединституталде лъугьине хIадурлъи гьабулей йикIарай ХIапизат агрономлъиялъул гIелму лъазабизеги дагьабги бетIералде босун хIалтIулаан. АхIмадица бицаралда, гьес гьарулел тадбиразда беццаб къагIидаялда тIад рекъон чIечIого, гьаб гьадин щай гьабулеб, доб додин щай толеб абун, щибаб жоялда тIасан гьикъардулаан, цIехолдулаан, гьабизе кколеб жиндаго бичIчIараб жо жинцаго хIалтIизабизе лъугьунаан. Колхозалъул цIияб ахалда «АхIмадил ах» абун гурони абуларел колхозчагIаз ХIапизатидаги «ГьитIинай агроном» абун цIар лъун букIана. ЦIеха-рехезе ккараб гIиси-бикъинаб жоялъе гьел АхIмадихъеялдаса цIикIун гьелъухъе ртулаан.

Школалда цІалулеб мехалдаго ХІапизатие бищун рокьулел предметал рукІана анатомиягун ботаника. Инсанасул къаркъала кинал лугбуздасан, кинал бутІабаздасан данделъун бугеб, гьел кинан дандран ругел, гьезул щибалъ щиб хъулухъ гьабулеб, цоцаздехун гьезул бугеб гьоркьоблъи щибали лъазе бокьулеб гІадин, гьелъул цІакъ гъира букІунаан гьутІбузул, ххурдузул «къаркъалаби» кинан рижун ругел, кинал бутІабаздасан данделъун ругел, ракьулъан, гьаваялдасан гьез кинал квенал росулелали лъазе ва гьелда тІад хІалбихьиял гьаризеги.

ТІабигІаталда жаниб ХІапизатил рекІее бищун кеп щолеб жо букІана ихдал мехалда, махІи баккараб, гьутІби тІегьараб гІужалда, махІ берцинал тІугьдузда гьоркьой гІодой чІун, цо тІегьалдаса цогиялде роржун гьоцІо цІулел, тІогьол хІур босун цоцахъе хьвадулел наязул хІалтІул хал гьаби, гьезул зузуялъухъ гІенекки. Щибаб гьветІалде аскІое ун гьелъ хал гьабулаан кинаб гьветІалда кинаб тІирщ кІанцІулеб бугебали, кинаб чІвантІ кигІаналъ кІодолъун, биццалъун бугебали.

АхІмад фронталде ун моцІ балелдего ахил бригадаялъул бригадирлъун ккун, хІалу-цараб къагІидаялда ахихъанлъи цебе тІезабиялде тІаделъун йикІарай ХІапизат, гІемер мех иналдего, комсомол организациялъул секретарлъунги йищана. Гьеб иш ккана, гІицІго колхозалъул магІишатияб ишалда гьоркьоб гуребги, росдал жамгІиябгун политикияб ишалда гьоркьобги гьелъ жигараб гІахьаллъи гьабиялъе байбихьилъун. РакІалде ккезе бегьулаан кІиябго хъулухъ цадахъ хІалтІизабун бажариларин гьелъухъаян абун. Амма гьеб ккана росдал магІишатиябгин политикияб иш цебе тІеялъе кумеклъун. Гьелъ жиндирго бригадаялде гьоркьоре цІана киналго комсомолал. ХІажалъиялде балагьун гьелъ гІуцІана батІи-батІиял кружокал.

Цо къоялъ басриял ахазухъ хІалтІулей ХІапизатихъе рачІана учительница Соняги фельдшер Наташаги. ХІапизатил бригада хІалтІулеб бакІалде гьел кІиялго гІемер рачІунаан. ГІемерисеб мехалда гьез руччабазулгун гьарулел кружоказулал занятиябиги хІалтІи бугел бакІазде ун, хІухьбахъиялъе чІараб мехалда гьарулаан, рагІизабун газета цІалиги гьениб букІунаан, цо-цо мехалда колхоз-руччабигун цадахъ лъугьун хІалтІизеги хІалтІулаан.

Жидерго занятиязул хІакъалъулъ ургъелбикьиялда ругел гьезда аскІое ячІун гІодойги чІун, Разият абулей цо ригь арай гІаданалъ «АхІмадил хабар щиб бугеб, ХІапизат, кагьат-жогІаги бачІинчІебищ?» - абун гьикъана. Гьелда рагІун букІинчІо АхІмадил хІакъалъулъ бугеб цІияб хабар… ХІапизатица гьелдехун гьабулеб гара-чІвариялъухъ ба-лагьун, гьеб хабар рагІун букІарал Наташадаги Сонядаги ракІалде ккана ХІапизатида гьелъул махІго чІван гьечІеб куц бугилан. Нахъа гара-чІвариги хІалтІуде буссинабун, «Помидор барщулеб гьечІищ, Разият, кваназе бегьуледухъ багІарлъарал гаралго гьечІищ?» - абун гьикъараб мехалда гьей гІаданалъ абуна:

— Гьагъаб багІараб ламадурго щай, гьудул ХІапизат, дуе къваригІун букІараб? Гьолъул бакІалда ражипер бекьун букІарабани, бегьулареб

букIарабищ? Цо-цо чагIаз жидейго берцинлъиялъе бекьаниги, нилъер гьанир гьеб кунел чагIиго гIемер ратилин кколаро. Диегони гьелъул махIгIан бокьулареб жого гьечIо. ЦIар щиб гъозулали, гьагъал цо сурмиял охцеразулни дида тIагIам кинаб букIунебалицин лъаларо.

Соняги ХIапизатги, цоцахъги ралагьун, релъана. Разиятица бицунеб жоялъухъ гIенеккун тамашалъун йикIарай Наташаца «Сурмиял охцерал щиб жо кколеб?» - абун гьикъана. Гьелда магIарул мацI СонядагIан лъикIго лъалароан. Гьей магIарухъе ячIун кIиго лъагIелцин тIубан букIинчIо. «Сурмиял охцерал» абун гьелъ баклажаналде абулеб букIин ХIапизатица бицараб мехалда нахъеги лъабалго цадахъ релъана.

- Цо нухалданиги мун гьай Наташал бакIалдего щванищ, Разият? - абун гьикъана ХIапизатица, цо минутгIанаб мехалда гьелъухъ ялагьун лъикI пикруги гьабун.

— Щвана валлагь, гьудул, чамго нухалъ щвана. Гьалараб лълъим тIаде ун бухIун букIараб дир хIетIе алъ гурищ сахлъизабураб. БотIрол унтиялъе дарабиги дагьалищ алъ дие кьурал. Алъул рукъалъул бацIцIалъиялъгун берцинлъиялъги, берцинаб махIалъги дунни жание лъугьинего намуслъун йикIуна.

— ЛъикI буго, алъул рокъор дуда гьоцIо-нахалъул хъуби, магIида бараб бакъвараб тIатIи-гьанго бихьанищ?

— БихьичIо валлагь, гьудул, расги жого бихьуларо. Щиб жо кванангIаги ай йикIуней лъаларо.

— Эдин батани, Наташаги Соняги щайха гьадигIан цIубарал, сах-саламаталги, гьадигIан гьайбатал, берциналги ругел? Мун щай гьадигIан хIалакъайги кьерукъайги йигей?

— Дида щиб лъалеб, дир яс, дун херай чIужу йигелъул батилаха! Ал руго бахIар-руччаби, ясал цIубаралги кьари-гъариял, берциналги рукIинарищ?

— Херлъун йикIаниги, мун гьабсагIатги нижедаса берцинай йиго, Разият, ХIапизатица бицунеб жо битIараб гьечIо, - ян абуна Наташаца.

— Гуро, дир эбел Разият, гьедин гуро, - ян кIваркьун абуна ХIапизатица. - ГIоло-хъанаб мехалдаги мун, берцинай йикIарай ятаниги, гьедигIан цIуба-гъубарай, щвалде щварай гIаданго йикIун ятиларо. ЦохIо мун гуро гьединай йигей. Нилъер киналго руччаби-ясалго азде данде ккун хIалакъал, кьерукъалги хIалтIуе къадаралги руго...

— Дунгийищха гьединай йигей? - абун елъана, гьебсагIаталда тIаде ячIун, яхъун чIарай Написат.

— Мунги ракъдал гарцI йиго, гьоркьоб махсара чIвазабуге, - ян гьелдехун юссун гьумерги букIкIинабун, нахъеги Разиятидехун ХIапизатица абуна:

— Дида лъала, Разият, нилъер цогидал гIадамазул гIадин, дур рокъорги руго гьоцIо-нахалъул, хьодул хъубиги, магIазда бараб бакъвараб гьан, мохмохал ва цогидабги. Дида лъала дуца гьеб кунеблъи, квине дур рес букIинги, дуца гьеб бахиллъун толареблъиги. Квани щиб, дур черхалъе квен гIолеб гьечIо. Гьелъие къваригIунеб цо-цо квен дуца гIемерго цIикIунги кьолеб буго, цо-цо гьечIого гIолареб квен кьезего кьечIогоги толеб буго. Гьелдалъун дур чорхол лугбиги кколеб куцалда цIубалел, камиллъулел гьечIо. Дуда ракIалде ккоге гIицIго дуде абулеб жойин гьеб абун. Гуро, нилъ киналго хIалтIуе къадарал

ругел гIадин, кваназеги назикал руго. Кваназе кIоларев чиясда хIалтIизеги кIоларо. Культурагун лъай гьаздасан босулеб гIадин, хIалтIизегун кваназеги нилъ гьаздасан ругьунлъизе ккун руго.

— Гьание ячIинегIан дица хинкIалги урба-хьонги, квинени киса гурин кунеб, Разият, гьезул цIаралгицин рагIун рукIинчIо, - ян абуна Наташаца. - Гьанже дица ражигун хинкIалги куна, дуцаялдасаги лъикI урбаги чIикIула. Мунги ругьунлъизе ккун йиго цIиял квеназе. Дур мохмохал чIахIиял руго, Разият, — абун елъана нахъеги Наташа, - мохмохгун цадахъ режани, «сурмиял охцерал» цIакъал рукIуна. Квен гьабизе дуца дун ахIе, дица мун бежараб цIигьаналдасаги гьанада цадахъ режарал гьел «охцерал» цIакъал рукIунилан ахIтIезайила.

— Гьа, дир эбел, овощал чIаразе, гIезаризе гурейги, гьезул квен гьабизе, кваназеги ругьунлъе, - ян абуна ХIапизатица. - Къадекваналъе гIодор чIезе мехги щолеб бугин, гьалмагъзабазулги гьираги базабун, хъусаризе жигар бахъе.

Разиятги Меседуги нахъе аралго, нахъеги ХIапизатица абуна:

— Нужорго гIатIидал ракьаздаса рачIун, гьал рорхатал мугIрузда, кьурабазда гьоркьор нуж чIун руго, Соняги Наташаги, нахъе ккараб нижер халкъалъе культура-лъай кьезе ва гьезул сахлъи цIунизе гIоло. Гьеб буго нужор хъулухъалъги комсомол намусалъги нужодасан тIалаб гьабулеб жо. Амма культура-лъай кьей гуро гIицIго цIалдохъабазда арифметикаялъул гIамалал, грамматикаялъул къагIидаби лъазариялда хассаб жо. Сахлъи цIуниги къокълъуларо гIицIго унтарал чагIазе дараби кьеялда. КъваригIун буго нилъеца колхозчагIи культурияб рукIа-рахъиналъе ва сахлъи цIуниялъе жалго ругьун гьаризе. ГIицIго овощал гIезаризе гурелги, хасалоялде гьел цIунизе ва гьезул квен гьабизе, ква-назеги ругьун гьаризе.

— ЦIакъ битIараб буго, ХIапизат, амма гьелъие къваригIараб буго рукIа-рахъиналъул ва сахлъи цIуниялъул кружок гIуцIизе, — ян абуна Наташаца.

— ГIемерго лъикI буго, нилъеца кружокалде хьвадизе ва гьениб лъараб жо хIалтIизабизе тIадаблъун гьабила киналго комсомолкабазда, нилъеца гьелда гьоркьоре цIала цIодорал-бегIерал цогидал ясалги,— ян абун лъугIизабуна Наташал пикруялдаса цIакъго разилъарай ХIапизатица.

## VI.

Заготовкаялъе кьолеб колхозалъул боцIи бачун районалде ун вукIарав ГIусман - ГIисал цояв вас - лъабго-ункъго къоялдаса хадуб, Май байрамги районалдаго тIобитIун гурони, тIадвуссинчIо. Кидаго вохха-хинлъун, гIанчIго вукIунев гьев гьанжесалъ рокъове ургъел чIварав гIадин, цIакъ гIодове валагьун вачIана; гьикъараб-таралъе жавабгицин кIвахIалго, къокъго кьун, кеп гьечIого вугин живан абун, гIемерисеб мехалъ живго вукIунеб гьалбадерил рукъовеги лъугьун, вегун чIана.

МаркIачIуда, ГIиса рокъове вачIун хадуб, кваназе вахъинавурав ГIусман, цо дагьа-макъабго жоги кIалдиб лъун, нахъеги гьадабго рокъове лъугьун, гIебеде вегана. Гьесул рагъа-ракариялъухъ балагьун, ГIисал рекIее рахIат гьечIолъи лъугьана, праздникалда мехтун вукIун, цо къваригIел гьечIеб гьалмагъиралде

гьоркьове ккунцин гуревдай вукIарав абун хIисаб гьабуна. Нахъеги гьесда ракIалде ккана ГIусманиде тIаде рецIел кколеб батилин, ялъуни судалде кколевцин гуревдай гьев вугев абун. ГIусман вукIана колхозалъул завхоз-складчи. Цо чамго къоялъ цебе гьесул складалда ревизия гьабун букIана.

—Щиб, дир вас ГIусман, къаси мун дагьав гIодове валагьун вугогури, рагIара-тараб хабарищ бугеб, гурого складалда ками-тIокIлъийищ ккун батараб? - абун цIехана ГIисаца, гьесда хадувги ун.

-БатичIо, дир эмен, щибго ками ккун батичIо. Нилъерго квер бацIцIад бугони, ками-ги тIокIлъиги бигьаяб жо буго. Гургинаб тIад чIеларо, чIанкIаб гириларо. Дида ургъел чIвазабун буго чIегIераб хабаралъ, - ан абун, ГIусманица кисиниса къватIибе бахъана хъахIилкьераб конверт. Гьеб букIана АхIмадихъе битIулеб жиндирго кагъат рехизе почалъул контораялде араб мехалда ГIусманида гьениб батараб, ГIисал адресалда бугеб кагъат. ЦIалун балагьидал гьеб батана АхIмадил ротаялъул чамго рагъухъанас ва, гьездаго цадахъ, Сурхайицаги гъулбасал гьарураб, хирияб ВатIан цIунулаго бахIарчияб къагIидаялда АхIмад хвеялъул бицун битIараб зигараялъул кагъат.

- БичIчIана, дир вас, гьанже якъинлъана. Гьебго хабарги бачIун нижерги бутIрул гIодоре къулун рукIана. Нилъ киналго хвезе рижарал руго...— янги абун, ГIиса лъугьана, гьеб кагъат цIализегIанго чIечIого, васасе яхI-махI кьезе.

—Дади, нуждоги гьеб хабар кисан рагIараб?— абун гьикъана хIалимабго гьаркь-идалъун ГIусманица. Сурхайил кагъат бачIин бицарабго гьев гIодове къулун чIана.

Гьеб сордоялъги гIенеккун чIун, нахъисеб къоялъ радал ГIисаца ГIашурадаги ХIапизатидаги кIиабилебги кагъат бачIин бицана, АхIмад хвеялъул хабар къватIиб загьир гьабизе изну кьуна.

Цебехунго гьеб хабарги лъан, жидецаго къватIибе рехизегIан ГIисалазе гьелъул бицен гьабизе кIоларого рукIарал гIагарлъи-мадугьаллъиялъул чагIи цо-цоккун, кIи-кIиккун тIаде рачIине лъугьана. КIиго-лъабго къоялда жаниб ГIисалазул рагъиде вахинчIев, гьезде бачIараб пашманлъиялда гьоркьоб живги гIахьалав вукIин лъазабичIев чи росулъ хутIичIо. АхIмад хвей гьезие гIадатияб хвеллъун букIинчIо, лъай-гьунар тIокIав, жидее бищунго хIажатав гIуцIарухъан камилъун букIана.

Чи хвараб бакIалде зигаралъе рачIунел, цебесеб гIагарлъи гьечIел руччабазе цIакъ бокьула хварасул эбелалъул, яцазул ва хасго лъадул рекIелъан рачIунел цIадулал жугьабазухъ гIенеккизе. Цо-цо руччабаз, хвалил рухIел бихьичIел гIанчIал гIолилаз жигар бахъула, нахъаялде жидеего магIна босизе букIине, гIолохъанай къоролалъул рагIаби рищизе, ракIалда ккезе. Нагагьлъун тохаб, чучаб жугьа, гогьаб рагIи гьелъул кIалдиса борчIани, гьезие гьеб бицаде гIола, нахъа-нахъаги цIигьабун, махсараде ккола. ГIисалазулъуре рачIун, унел руччабаз бищунго цIакъ хал кколеб букIана ХIапизатил рагъа-ракариялда хадуб. Гьез тамашалъи гьабулеб букIана гьелъул сабруялда, гIенеккун чIеялда. ТIад руссун унаго, нухаса гIебеде, гьез цоцазе чIехьолеб букIана жиде-жидерго пикрабазул таргьа-къвачIа.

— Доб сордоялъ ХIапизатил букIараб пасихIлъи бихьарабищ, йо додигIан гъираялда гаргадизе, гьадабгощинаб жо бицинего киндай долъухъа бажарараб.

Собраниялда рукIаразул гIемерисездаги рагIун бугоанин, аб хабаралъул махIгодай долда чIван букIинчIеб? – абун, ТIоцебесеб Маялъул хIакъалъулъ гьабураб ХIапизатил доклад ракIалде щвезабуна цоялъ.

— РагIичIого киб, гьудул, букIунеб, тIоцебего рагIун букIун батила. ГьедигIан хек-ко хIал лъазе толей гIаданищ дой йигей? Щулияб михир йиго, - абун кьуна цогиялъ жаваб.

— Лъимер гьабизе мех щун йикIиналъгIагидай додигIанго гьайбатлъун йигей? Щив талихI бугесул къавулъедай, дир яц, ай ккела? - абун жиндирго рекIелъ бугеб балъголъиялъул рагIал баккизабуна цо херай гIаданалъ, ригьнад виххарав васасул эбелалъ.

— Гьанжесаги цоги чиясул къавулъе эй сверани, Сурхай гьаглъун холаревищ, хеккого вачIинехъин рагIулин живгоги, - абун, гьелъул хьулал рикIкIад гьаруна цадахъ йикIарай гьелъул яцгIалалъ.

Абухъего, гьел къоязда ХIапизат цебеялдасаги беричлъун, берцинлъун йихьулей йикIана. Гьелъул бахьинаб гьурмада, цо-цо мехалда, зодихъ чIараб нуралъул гIадал, кьера-кьерал лъугьунаан. ЦIолбол кIоркIонаби гIадал, лахIчIегIерал, гургинал бералги дагьалги гвангъун, дагьалги чIваркьун ралагьулел рукIана. Амма, кинаб къварилъиялда гьоркьобги нахърател жиде-жидейго ургъулел рукIунел цо-цо руччабазул ракIаз кинал диванал къотIаниги, гьезул кIалаз кинал рагIаби рицаниги, ХIапизатил гьурмахъ, рагъа-ракариялъухъ балагьун гьелъул ракIалда бугеб жо лъазе лъиданиги кIолеб букIинчIо. Гьелъул рекIелъе ваккулев чи инсанцин вукIинчIо. ХIапизатил гьурмада кьера-кьерал лъугьунел рукIарал ратани, гьел рукIана гьелъул ботIролъе лъугьунел батIи-батIиял пикрабазул гIаламатал. Гьелъ рагIалде рахъизаризе кколел рукIана АхIмадица байбихьаралги гьесда ракIалда рукIаралги киналго хIалтIаби. Цебеялдасаги ХIапизат гьанже беричлъун, гьайбатлъун йикIарай ятани, гьебги букIана тIолго дунялалдаго бидул гIорал риччарав, цIияб, талихI бугеб гIумру гIуцIулеб ракълилаб халкъ рагъде цIарав тушманасде бахъараб, жиндир рекIелъ бугеб ццидаца, гьесдаса рецIел босиялде бугеб хIасраталъ гьурмаде бахинабураб цIа.

Лъудбиго рачинчIелниги, рукъалъ риххаралниги, васал, ваццал ругел руччаби жиде-жидейго ургъулел, анищал гьарулел рукIарал ратани, ургъалил бакIаб гьир мугъалде бегарай ГIашураги жиндиего нахъаялъе ургъичIого чIечIо. ГIашурал нахъе вугев вас - ГIусманги лъидасаниги сундуего нахъе кколароан. ГIашурал рекIеца хIукму къотIана ХIапизат чияр къавулъе йиччангутIизе.

* * *

Мехалиде щунищ, гурого бергьараб рухIалил асаралъищ лъаларо, АхIмад хвеялъул хабар къватIиб загьир гьабун щуабилеб къоялъго ХIапизат, лъимер гьабизе хIара чIван, бусаде ккана. Гьелдаса хадуб, кIиабилеб къоялъ радал, магIарда бакъ чIвалеб гIужалда гьелъ вас гьавуна.

ХIапизатица гьавурав вас хисараб бакI гьечIого инсуда релълъарав вукIана. Гьесул гьимун чIараб, гургинккараб гьурмада, лахIчIегIерал чIваркьун

ралагьарал беразда, лъухьун биччараб расалда, халатккараб мегIералда бер чIварабго гьесул кIодода - ГIашурада АхIмадил гьитIинаб заман ракIалде щвана. ТIаде рачIаразул цо-цоязги ас «чIван» ватилин эменан абулеб букIана.

ГIагарал чагIазул киназулго рагIи цолъана цIи гьавурав васасда гьесул жиндирго инсул цIар лъезе. Амма гьелъул бакка-бахъи гьабурабго, ХIапизатица цойидасанго дандечIей гьабуна. Гьелда ракIалде щвана метер нухда вахъунелъул къаси АхIмадица гьабураб васигат. Гьес абун букIана: «Вас гьавуни, МахIач абун цIар лъе», - ян. ТIадежоялъеги, АхIмад хвеялдаги ХIапизатил тIубанго ракIчIун букIинчIо. Шаяли жиндагогицин лъачIого, цо-цо мехалда жийго йорчIад йикIанигицин, гьелъие жинцаго гьарулел хIалтIабазул гьесдехун ургъел бикьулей йигеб гIадаб сурат лъугьунаан, сордойилго гIадин гьев макьилъ вихьулаан. ХIапизат кьварун чIун йикIана жинца васасда МахIач абун гурони абизе гьечIилан. КигIан къвакIун чIаниги, ахирги гьелда кIвечIо вакьадгин якьадалъул хъатир рехизе. «Гьединаб жоялъул жугьа бахъизейищ бегьулеб, гьеб мехалда ГIашурацаги ГIисацаги щибилан абилеб?» - ан жиндирго эбелалъ абурабго ХIапизат чучана, гьезул хIурмат гьабун васасда АхIмадан абизе разилъана: АхIмад чIаголъана.

Инсул магIу бахъун анкь балалде гьавурав васасда инсул цIар бачIинахъего абизе киназего захIмалъун букIаниги, гIадлъун бихьаниги, нахъеялде киналго ругьунлъун ана. ГIашурацаги ГIисацаги жидертIолабго пикру, рокьи гьитIинав АхIмадиде буссинабуна, гьесдалъун ракI чучизабизе, къварилъи-ургъел дагьлъизабизе лъугьана, кинабгоги тун, гьесул кинидахъе цIадарана. АхIмадан абунщинахъе ракI ссудулеб букIарай ХIапизатиеги, гьеб цIар лъун хадуб, жиндирго рижи батIаго цIакъ хиралъана.

## VII.

ГьитIинав АхIмадил рази-ракияб гьумералъ, кидаго гьимун чIараб, гIенеккун чIолареб кIалалъ ГIисал хъизаналдаса кIудияв АхIмад хвеялъул ургъел дагьа-макъабго тIаса бикьизабураб гIадин букIаниги, анлъго моцIидаса хадуб гьезул рокъоб нахъеги гьебго пашманльи цIилъана. Цо сордоялъ ХIапизатги ГIашураги васасде тIаде руссун, гьесие недегьаб мацI бицун, гьев веэдулел, жидеего рекIелгъей гьабулел рукIана. Столалда иахъа гIодов чIун, ГIисаги радиоялъ кьолел ахириял харбазухъ цIакъго пикру кьун гIенеккун вукIана. Гьеб заманалда, ракIалдаго гьечIеб бакIалдасан, тIаде лъугьун вачIана Сурхай. Рагъдаса вуссун, маркIачIудаса хадуб рокъове щварав гьев, цоги лъиданиги вихь-илалде, АхIмадил зигара гьабизе ГIисал бакIалде вачIана.

Сурхай вачIаравго ГIисаца, гьесул саламги буссинабулаго тIаде вахъун, гьесул квер босана, гьикъа-бакъи гьабулаго вачун столалда нахъа гьевги гIодов чIезавун, гьесда хьолбохъ живгоги гIодов чIана. Сурхайица, зигара бан, кIалъай гьабулаго, ГIисаги гьединго ХIапизатгун ГIашураги, гIодоре къулун бутIрулгун гIенеккун чIана. Сурхайица кIалъай гьабун лъугIарабго ГIашурацагун ХIапизатицаги гьесдехун къокъабго гьикъа-бакъи гьабуна.

- Гьаха, дир вас Сурхай, мунго кинан вугев, ругьун сахлъун тIубангIаги бугебищ? - абун кIалъазе байбихьана дягьабго лъалхъиялдаса хадуб ГIисаца. - Нижер АхIмадил иш кинан ккараб? Гьесие къварилъи ккараб мехалда мунго

аскIов вукIаравищ? Гурого мун гьечIеб бакIалдайищ гьев вукъа-вухьарав? Гьесул хвелалъул хIакъикъат лъазе бокьун, мун кидадай вачIинаян рукIана ниж.

«Мун гьечIеб бакIалдайищ гьев вукъа-вухьарав?» - абураб ГIисал рагIиялъ Сурхайил черхалде бохьараб гIетI базабуна. Гьеб суалалъе гьесда жаваб кьезе кIолароан. Самоварги лъун, квен-тIехалда квалквалей йикIарай ХIапизатица кьураб, «Гьев вукъараб бакI лъалебищ, Сурхай, гьанже гьенире ани, батизе кIвеладай?» - абураб суалалъги гьев дагьавги вагIаризавуна.

- Гьелъул иш ккана, яц ХIапизат, гьадинан, - абун байбихьана Сурхайица, гъоркьан-го ХIапизатиде берги щвезабун, жинцаго живго вакIа-вахаризе хIаракатги бахъулаго. - Ниж лъукъараб рагъ букIана цо гьитIинабго борхалъиялъе гIоло гьабулеб, амма, цIакъго цIоб тIагIараб. Гьеб борхалъиялда кверщел гьабизе тушбабазе швани, нилъер гIемераб аскаралъе нух къотIулаан, гIемерал чагIи гьуризе бегьулаан. Гьелъул къисмат бараб букIана нижер ротаялъул къвакIиялда, бажариялда. ТIаде унеб нилъер аскаралде хьиби-лалдасахун тушбабаз гьабулеб гьужум гьукъун чIезабун букIана нижеца, нусидасаги дагьал чагIаз. Тушбабазул гIарадабаз, пулеметаз жидер бугеб гуч буссинабун букIана ни-жер окопазде тIаде. ТIокIал чIечIого тIад тирун бомбаби ралел рукIана самолетазги.

Нахъаялде тушбаби лъугьана ихх гIадин чваххун тIаде рачIине. Чамго нухалда ни-жеца гьел пулеметаздалъун, автоматаздалъун кьвагьдон, харицелалъ ххер гIадин, рецун рана. Гъорлъ журараб мехалда рехизе хIадур гьарун рукIана гранатал. Цоялда хадуб цоги гьабун, тIаде гъолел рукIана тушбабазул цIия-цIиял кьерал. Гъурун ран майдан цIурал жидерго солдатазда тIасан рахун рачIунел рукIана нахъеги гьезул тIела-тIелал. Нижеегоги ракI унтарал камиял кколел рукIаниги, лъукъарал нахъегIан раччизе, гьезие кумек гьабизегицин захIмат букIана. Нижеца жигар бахъизе кколеб букIана чIваразе, лъукъаразе гIологи кьвагьдезе, тIаде рачIунел тушбаби нахъчIвазе.

Гьеб рагъда АхIмад вукIана ротаялъул командир. АхIмад цо бакIалда чIолароан, чи-чиясде аскIове ун, рагъухъабазе яхI кьолев, гулла-ххер лъугIун бугодаян хал гьабулев, команда кьолев вукIунаан.

Дидаса анцIго метраялъ квегIаб рахъалдехун вукIарав пулеметчи чIваравго, гьеб пу-леметалда нахъа чIун кьвагьдезе лъугьана гьесул кумекчи. Цо чамго минуталде, гIадалъ гуллаги шун, гьевги нахъехун рехун ана. Гьеб мехалда векерун ун, жинцаго АхIмадица гIулеметалъул гIоркь ккуна, кьвагьдезе лъугьана...

Сурхайица хIаракат бахъулеб букIана ГIисал хъизаналъе АхIмад хвеялъул хабар цIакъго гьезие асар гьабуларедухъ, гьезул пашманлъи цIикIунаредухъ бицине. Гьес халат гьабун бицана гьеб рагъдаги церехун ккарал рагъаздаги АхIмадица бихьизабураб бахIарчилъиялъул, бажариялъул. БукIаниги, битIахъего АхIмад лъукъараб, хвараб куцалъул бицине ирга щвараб ва ГIисал хъизаналъе гьеб хабаралъ гьабулеб бугеб асар бихьараб мехалда, Сурхайил мацI бабадизе лъугьана, гьев чIун хутIана. Кисиниса бахъун квербацIгин гьес берал рацIцIана, «Цо лълъим кье, яц ХIапизат», - анги абун, папиросалда цIа лъезе лъугьана.

ГьебсагIаталда Сурхайие кумекалъе ятана, жиндирго рекIееги хIехьезе кIолареб асар лъугьун букIаниги, гьесул мацIалъул бабадиги бихьун, ГIисалги ГIашуралги хIал хисун букIинги бичIчIун, хабаралъул чвахи батIияб рахъалде балагьизабизе лъугьарай ХIапизат. Цойидасанго тIаде яхъун, гьелъ столалда тIад, ГIисадаги Сурхайидаги цебе хинкIазул цIураб билищурумги хайгиналъул гъадароги лъун, чайги тIуна. КверчIенив лъун васги кьижизавун, кIалалъбакIалда халичаялда тIад гIодой чIун йикIарай ГIашурада цебеги чайдал стаканги лъун, гьелдехун «Воре, вас ворчIизе тоге, ворчIани, гьес нилъее рахIат биччазе гьечIо», - ян абуна. Сурхайидехун юссун, «Нижер вас цIакъго гIамаликъав, тIурузав жо вуго», - янги абун, жиндаго цебеги чайдал стаканги лъун, жийгоги ГIисада хьолбохъ, битIахъего Сурхайида дандйитIун, столалда нахъа гIодой чIана.

СагIаталдасаги цIикIараб заманалда ГIисалазул рокъоб хIалуцараб къагIидаялда гьезулгун хабаралда вугев Сурхайие, ХIапизатил хьвада-чIвади, рагъа-ракари бихьизе щваниги, берцинго гьелъул гьурмаде бер швезабизе санагIат ккун букIинчIо ва гьелде гьев регIунги вукIинчIо. Гьанже, ХIапизат битIахъе дандйитIун гIодой чIараб, АхIмад хвеялъул хIакъалъулъ рицунел рукIарал пашманал хабаралги АхIмадил васасул гIамал-хасияталде ва живго фронталде ун хадуб росулъ ккарал лъугьа-бахъиназде сверараб мехалда, Сурхайие рес щвана кинабго рахъалдасан ХIапизатил хIисаб гьабизе, гьанже гьесда цебе букIана гьелъул кинабго гьайбатлъи. Гьесул пикрабазулъ цо-цоккун цересан роржун ана цебехун ХIапизатилгун ккарал киналго лъугьа-бахъинал. Гьанже гьасда цее гIодой чIарай ХIапизат дой цеесей, чIурканаб лагаялъул, хIалакъккараб, гьитIинабго гьумералъул, жиндехун чи кIалъани, цIагIан багIарлъун гьумергун, намуслъун хутIулей, гIадатияй яс-гIадан йикIинчIо, щвалде щун цIубарай, дагьайги гьайбатай, дагьайги бер-цинай ХIапизат йикIана. Цебехун ХIапизатихъ рокьи ккун, гьелъие гIоло, кинаб батаниги, балагьалде данде инеги хIадурго вугеб заманалдаги, армиялда, фронталда гьей ракIалде щвараб мехалдаги Сурхайида, гIаммаб куцалда гьелъул рагъа-ракари, гьединабго гIаммаб, гьабан цIар лъезе лъалареб берцинлъи гурони, цебе чIолароан. Гьанже гьелъухъ валагьараб мехалда гьесул рекIелъ гьелъул щибаб рагъариялъул, щибаб лагаялъул накъищ лъугьана, чамго соналдаса хадуб жиб-жиб батIаго бихьаниги, батIа бахъизе лъаледухъ. Гьелдаго цадахъ гьаниб Сурхайида ракIалде щвана фронталда хвалилаб хIинкъиялда гъоркь, гIаздада гъорлъ регун, михъазда цIер чIвазабулеб квачалъ гIунизарулел ругеб мехалда, «ГIусман дир вац вуго, ХIапизатги яц йиго», - ян абун жинцаго АхIмадие кьураб рагIи.

АхIмад лъукъиялъул, вукъараб бакIалъул хIакъалъулъ кIалъа-басайго гьабичIого, гьоркьоб ккараб батIияб гара-чIвариялдаса пайда босун гьебги гьоркьоб инабун, тIадвуссун рокъове ине тIаде вахъарав Сурхайица ГIисада цебе, столалда тIад лъуна рокъоса унеб мехалдаго АхIмадихъ букIараб сукIулеб бумажник. Гьебги кодобе босун, «Гьаб щиб, гьудул Сурхай?» - абун гьес гьикъараб мехалда, Сурхайица, «Гьаб буго, дир эмен, нужо-хъе щвезабеян АхIмадица дида тIадкъараб аманат. Гьелда жаниб бугеб жо дида лъаларо, нужоцаго хал гьабе», - абун, жаваб кьуна ва, «Нужое сордо лъикI», - анги абун, тIад вус-сун ана.

## VIII.

Сурхай ун хадуб ГІиса, цебе ккун бумажникгун, хІухь къотІун гІенеккун чІана. Гьесда аскІое йилълъун ХІапизатги гьелде тІаде къулана. РакІ тІеренай ГІашурада гьелъухъ ялагьизецин кІвечІо, наказда гІункІрукьалги цузарун, надалда чІван кІиябго квергун гІенеккун чІана. Цо минутгІанаб заман гьоркьоб арабго, ГІисаца бумажник, «Ма, дир яс, жаниб щиб бугояли хал гьабе», - янги абун, ХІапизатихъе кьуна.

Хахулев вукІарав васги ГІашурахъе кьун, тавуханалъул къеда гьабураб, милъиршодал бусен гІадаб мегІелиялдасан босун, лимгІги столалда тІад лъун, ХІапизат гьелда гьоркь-ор ругел кагътазул хал гьабизе лъугьана. Гьениб батараб лъабнусго гъурущги ГІисахъе кьун, гьелъ абуна:

— ГІиса, гьанир руго гьасул жиндирго документалги, жиндирго кверalъ гІисинаб хатІалъ хъварал кагъталги. Гьаб чирахъалъул канлъухъе берцинго цІализе кІолелги гьечІин, метер радал цІализе бегьиларищ?

МоцІрол канлъухъе газета цІалулел ХІапизатил канал беразда, кигІан къадараб букІаниги, чирахъул канлъухъе кагътал цІализеги канлъи бихьичІого букІинароан. Гьелъул пикру бикь-бикьизабун букІана Сурхайица рицарал харбаз, жиндир суалалъе гьес жаваб кьечІолъиялъ. «Дир эбел жийго те», - ян абулеб гІадин, гьоркьове жувана гьитІинав АхІмадги: хахулеб карандаса тІезавун ГІашурахъе кьурав гьев гІодизе лъугьун вукІана.

ХІапизатил суалалъе ГІисаца, «Бегьила, дир яс, бегьила, вачун васги киниялда лъе, мунгоги кьижа. Радал яхъараб мехалда дуцаго цІалун, гьелда бугеб жо нижедаги бице», - абун, жаваб кьуна… ГьебсагІат жийго егулеб рукъое ун, ХІапизатица хех гьабун АхІмад киниялда лъуна, хІатІица гьебги кІибикІулаго, гьадабго бумажник рагьана. ТІоцебе гьелъул бер щвана АхІмадица цадахъ босун ун букІараб, копия жиндирго столалдаги бугеб, жиндиргоги АхІмадилги сураталде. Гьеб букІана АхІмадица кьучІ лъун, гьесул хІаракаталдалъун гьабураб цІияб ахикь, тІегьараб гъотІода гъоркь гІодорги чІун бахъараб сурат. Гьес гьеб босун ун букІана, «Дудаса хадуб дие хирияб жо ах буго, мунги ахги ракІалде щвеялъе босулеб буго», - абун, ХІапизатие махсараги гьабун. Цебе ккун хал гьабидал кар-точкаялъул тІадехунисеб букІнилъа байбихьун АхІмадил квегІаб кІаркьенги бацизабун, гьелда тІад лъугьун батана чІегІеркІкІуяб, рокьукъаб цо дангъва. Жиндирго сураталда, ботІрол катІари бикьараб, тІоноцІалде къараб бакІалдаги батана гьединабго кьералъул гьитІинабго тІанкІ. Чирахъалда цеегІанги ячІун, ХІапизатица гьелъул, лъикІ пикру кьун, тІаде къулун хал гьабуна. Гьелда батІа бахъизе лъана бакъвараб бидул накІкІуяб кьер. Гьалъул черхалде сири бана, свараб гьаркьидалъун, рагІун-рагІулаþедухъ «Би буго!.. Би!.. АхІмадил би!..» - абун жинцаго жиндехунгоги абун, гьелъ гьеб сурат жиндирго кІаркьада цузабуна, ракІ тамахлъарай гІадин лъугьуней йикІун, жиндирго кроваталде яхун, гІебеде чІвана.Дагьаб мехалдаса нахъеги тІаде яхъун АхІмадил документал хъирщулаго, гьезда гьоркьоб гьелда батана тетрадалъул тІамчил роцада бугеб, ункъихъе сукІун лъураб кагъат. Рагьизе лъугьиндал гьеб батана гьадабго биялъ рекІ-рекІинабун. БакІ-бакІазда рихьулаан хъахІилаб карандашалъ чІахІаго хъварал рагІабазул хутІарал цо-цо хІарпал. ХІапизатица гьелъул рекІарал бакІал, цІакъго мухІканго квалквадун,

ричIизаруна. Рагьун балагьидал, бакI-бакIазда, биялъ рахчизаричIого хутIарал цо-цо, кIи-кIи хIарпал, бащдал рагIаби гурони, тIубанго магIна кьолеб цониги рагIи батизе кIвечIо. КIиабилеб мухъалъул бетIералда баянго цIализе лъалеб букIана «Дун» абураб рагIи, гьелда хадуб бугеб рагIиялъул цохIого цо «Х» хIapn гурони батIа бахъизе лъачIо. Гьелдаса добехун букIана лъабго хIарп - «Ват», гьелъул нахъисеб рахъги хун бугоан. ЦIализе лъалеб букIана кагътил аххада бугеб, биялъ бахчизабун гуреб, лъугIичIого хутIараб рагIул бащалъиги.. Гьениб хъван букIана «Къис!...» абун. Сородулаго квералгун, ХIапизатица кагъат чирахъалда аскIобегIан ккуна, канлъуде данде ккун хал гьабуна. Кин гьабуниги, цоги цIализе кIолеб рагIи ккечIо. ХIапизат лъугьана гьеб лъабабго рагIиялда тIад пикру хIалтIизабизе. «Дун»-алда хадуб бугеб, цIализе лъалареб рагIи щиб букIине кколеб? Гьелъул бакIалда жинцаго ургъун ХIапизатица лъуна чамго батIияб рагIи. Ахирги, гьелъ хIукму гьабуна «хвана» букIине кколилан. «Ват» щиб жо? Гьаний гьай гIемер ургъизе ккечIо. Цойидасанго гьелъул ракIчIана гьеб «ВатIан» абураб рагIул хутIараб бащалъи бакIиналда. ХIапизатил гьеб пикру ритIухъ гьабуна «В» хIарп кIодо гьабун хъван букIиналъги. АхIмадица «ВатIан» кидаго кIудияб хIарпалдалъун гурони хъвалароан. ЛъикI буго, гьалдаса хадуб, мухъил аххада бугеб рагIи щибха кколеб? Гьанибги гьелъ, цойидасанго, «цIунулаго» ян абуна.

— БитIараб буго, АхIмад! - абун хитIаб гьабуна ХIапизатица гьезего гьечIев АхIма-диде, жинцаго рекъезабураб куцалда тIубанго гьеб мухъги цIалун. - Мун хвана, дуца би тIуна, ВатIан цIунулаго. ВатIан цIунулаго, тIураб би гIадада хвеларо. Гьелъие гIоло би тIезе, рухI кьезе дунги цо расул къадаралъги нахъе къаларо...

Нахъеги ХIапизат тIаделъана «Къис» абураб рагIуде. Гьалъ кIвар буссинабуна гьел-да хадуб лъураб ахIул ишараялдеги лъабго тIанкIалдеги.

— Гьаб буго лъугIичIеб, гIагалун хутIараб рагIи. Лъабго тIанкI лъурабги гьелъие гIоло букIине ккола. Нахъеги бащдаб кагъатниги чIобого букIаниги, тIокIаб хъвазе кIун гьечIо. КигIан квешго хъван букIаниги, хъвай-хъвагIай АхIмад тун батIияв чиясул гуро. «К» хIарпалъул гъоркьияб гIаркьелалъ чIванкъотIун бицунеб буго АхIмадил букIин. «В» хIарпги тIубанго релълъараб буго, щаклъи ккезе бакI гьечIо. Аб «Къис» щиб жо кколеб, АхIмад? КъисматгIаги гуребищ? Къисматя? Къисмат гьадин кканилан абизейищ дуе бокьун букIараб?

БитIараб буго, дур къисматалде тушманас нуцIа къана, дир къисматги бецIлъизабуна. Дур ракIчIа тушманасул къисмат дагьабги кьогIаб ккезе букIиналда!

Гьединал пикрабазда жийго жиндего юссун гаргадилей ХIапизат йигеб заманалда, жиндирго гIундузда ругьунаб «АхIмад» - ан абулеб гьаракь гIемер рагIунищ, гурого цоги гIиллаялдалъунищ лъаларо, гьеб сордоялъ гьитIинав АхIмад цогидал сардаз ворчIуларев вукIараб гIужалда макьидаса ворчIана. Гьезего гьечIев АхIмадиде хитIаб гьабун ХIапизат гаргадилей йигеб мехалда, гара-чIвари жиндехунго гьабулебилан ккун батизе бегьула, кьижун вукIарав гьев гIодизе лъугьана. «Гьале, дун гурищ АхIмад!» - абун абулеб гIадин, ХIапизатил пикруялъул цо бутIа гьес жиндехунго цIана.АхIмад кьижизавизе, гьесие керен кьезе кинияльде тIаде чIваралъуйиги ХIапизат «Къис» абураб рагIул

хIисаб гьабулей, гьелъул магIна балагьулей йикIана. Къисмат абураб магIнаги кьун гьеб тезе гьелъул ракI разилъулеб букIинчIо. Цо рагIигицин хъван лъугIизабизе кIолареб хIалалда рагIалде ккун, рухl бахъун лъугIулев вугев чияс хъвазегIанасеб цIикIараб магIнаги гьелдасан бичIчIуларoан. Гьеб букIине кколаан хвалда це-бе АхIмадица гьабураб васигат. Гьеб васигат тIубазабизе ккани, гьелъул битIараб магIна лъазе, АхIмадил мурад чIванкъотIун бичIчIизе къваригIун букIана.

Лъимер кьижун ккун, гьелъ керен биччан тейги цойидасанго «Къис»- алъул магIна ХIапизатил рекIелъе кIанцIиги цадахъ ккана. «БичIчIана, «Къис» - алъул магIна къисмат гуро, къисас буго, къисас! БичIчIана, АхIмад, бичIчIана!» - ян абун, ХIапизат кIанцIун тIаде яхъана.

Нахъеги гьеб кагътиде тIадеги къулун гьей, цояб рокъор ругел вакьадасдаги якьадалдаги рагIиларедухъ, жийго жиндего юссун, гаргадизе лъугьана:

— Къисасищ, АхIмад? Дур бидул рецIел босизейищ дуе бокьараб? Гьеб босичIого теларо. Дур бацIцIадаб бидул тIубараб рецIел дие щвеларо, дур бидул тIириялда нусго тушманасул хъубаб бидул иххалги ращалъиларо, амма дирго квердалъун гьезул чамго чи ракьалда лъечIогоги дир хIал хьеларо. Дидаги кIола туманкI баччизеги, дидаги лъала гьеб кьвагьизеги. Дунги ина рагъде, АхIмадил ва-сигат тIубазабичIого, къисас босичIого дун чIеларо, - ян абун чIванкъотIараб хIукмуги гьабун, гIемерал пикраби гьариялъ свакарай ХIапизат кьижизе бусаде лъугьана.

— АхIмад лъица хьихьилев? - абун кьуна гьалъ кроваталда егахъего жиндийго суал. - Гьев хьихьизе чагIи дагьал гьечIо, гьез гьев язихъ гьавунгутIи дида лъала, - абун кьуна жинцаго жавабги. - АхIмадил планал тIуразаричIогойищ телел? Гьел тIуразариги АхIма-дица дида тIад къараб аманат бугогури! - ян абуна гьелъ нахъеги. - Йохъ, гьелги тIуразарила, гьезиеги заман щвела гIалхул жанаваралъул гажал гъурараб мехалда. Аманаталдаса цебе васигат тIубазабизе, къисас босизе къваригIун буго!.. Къисас! – абун, ХIапизат, жийго фронталде иналъе планазе ургъулаго нахъеги кIанцIун тIаде яхъана. Цин гIебеде егун, нахъеги тIаде яхъун ургъулаго, жийго жиндаго гаргадулаго гьалъ сордо макьие бер данде къачIого рогьана.

## IX.

Радал хъахIлъи бараб мехалда гъапуллъун ккарай ХIапизат йорчIизаюна боцIи гъун тIад юссарайго, васасул кагътазда бугеб жо лъазе бокьун, рагьун нуцIагун тIаде яккарай якьад-эбелалъ. Я гьелда, ялъуни вакьадасда ХIапизатица бихьичIо АхIмадица хъвараб, бица белъун цIализе кIвечIеб васигаталъул кагъат. Гьелъ гьезда бихьичIо бидул дангъваби тIад лъугьараб жиндиргоги АхIмадилги суратги. ГьелъиебокьичIо гьезул каранда рекIараб хIасраталъул цIадуде тIаде нарт тIезе. Гьеб суратги АхIмадил васигатги рахараб гъансиниб лъун щулаги гьарун, ХIапизатица гьезда рихьана бомажникалда гьоркьор ратарал цогидал кагьталги рагъулал лъугьа-бахъиназде ишараби гьарураб гьитIинабго книжкаги. ХIапизатица гьеб сордо къисас босиялъе ургъулаго, жийго рагъде иналъе планал гьарулаго борчIараб батани, гьелъул якьад ГIашураги хIалхьун кьижун йикIинчIо, жиндаго хасал хиялазда йикIана. ГIашурал хиялалги хьулалги кинаб рахъалдасанги ХIапизатил пикрабазде,

планазде данде кколароан. Гьелъул бетIер хIалтIулеб букIана цIакъго батIияб рахъалде балагьун. Чамго соназдаса нахъего кьижун букIун, АхIмад хвеялъул хабар бачIараб къоялдаса нахъе хIалуцун хIалтIизе лъугьараб гьелъул эргъеро гьеб сордоялъ, Сурхай вихьун хадуб, дагьабги кутакалда ххенезе лъугьана.

Кинал къварилъабазги бихьиназеялдаса цIикIун ва хехго асар руччабазе гьабулеб гIадин, гьел къварилъаби тIаса рехиялъе, тIаса рехизе кIолел гьечIони, чучлъизе, дагьлъизениги гьариялъе нухалги гьезда хекко ратула. Чамго руцIцIарал гъанситаби риххиялъе сабаблъун лъавудаса арал, гIакълу дагьал руччаби кколел гIадин, риххун унел хъизанал руцIцIинариялъе бищун кIудияб роль хIалтIизабулелги, гIемерисеб мехалда, гIакълу тIокIал, цIодорал руччаби рукIуна. Нилъер ГIашураги гIакълу дагьай, гIунун чIарай, ялъуни кьохода пархараб цIа гIадай хехдарулей гIадан йикIинчIо. Гьеб сордоялъ ГIашу-раца жиндирго пикру буссинабуна нахъаялде жиндирго къайи-свери гIуцIиялъе тадбирал ургъиялде. АхIмадил магIирукъ биххилалдего гьелъул ботIролъ хьвадизе лъугьун рукIана ХIапизатил хIакъалъулъ бецIал хьухьал. Гьелда ракIалде ккун букIана ХIапизатица каву бахине тунгутIизе, АхIмадил гьитIинав вацасе - ГIусмание магьари лъун, гьелда квелъ базе.

ХIапизат йикIана гIицIго жиндирго росулъ гурейги, сверухъ росабалъги цоян абулей, берцинлъиялъул цIар арай гIадан. Амма ГIашурал рокьи ккараб гьелъул берцинлъиялъухъ - борхатаб, бахьинаб нодоялъухъги, ралагьаразул рекIелъе роххел тIолел лахIчIегIерал, гургинал беразухъги, къалмица хъварал гIадал, тIеренхалатал, лъухьун риччарал кьунсрузухъги букIинчIо. ГIашурал рокьи ккун букIана гьелъул берцинаб гIамалалъухъ, гIенеккараб, тамахаб хасияталъухъ. ГIашурада гьедигIанго гьелдаса ятIалъизе кIоларебги, чияр къавулъе гьей йиччазе бокьуларебги гьелъул чергесаб логода, рохокъотIуде щварал азали гIадал гъалазда бахиллъун, ялъуни биги рахьги жубараб гIадаб гьелъул кьер-гьаналъухъ урхъун, бахьинаб, борхатаб шекъералъухъ гIащикълъун гуро букIараб. ГIашурае гьей хиралъун йикIана гьелъул хIаракатчилъиялъ, цIодорлъиялъ, лъидехунго букIунеб гьуинаб гаргаралъ, недегьаб рагъа-ракариялъ. ГIашуралги ХIапиза-тилги гьоркьоблъи якьад-нусалъул букIинчIо, эбел-ясалъул букIана. Якьадалдаги нусал-даги гьоркьоб гIемер кколеб кьалги, семигини киса гурин, цоцазул рекIеда унтулеб, кIи-яздаго гьоркьоб гьогьен ккезе бегьулеб гара-чIваригицин гьезда гьоркьоб ккун букIинчIо. ГIашурал ракIчIун букIана жиндир вас «кIудияб дараналъ» бергьун вукIиналда. ХIапизатидаги бичIчIулаан васасул рукъалъе къварилъи кколеб жо якъадалъ малъунгутIи. Гьел кIияздаго лъалаан жал-жал ине кколеб нух, жиде-жидер даража. Амма гьаб нухалда ГIашураца жиндаго цебе лъун букIана тIубазабизе кIвей-кIунгутIи лъалареб, лъабго-ункъго чиясда хурхараб, цIакъго захIматаб масъала.

Цо къоялда ГIашура рагъида, ГIисал тахбакIалде тIадеги яхун, гьесда хьолбохъ, гIанкIу гIадин, гIодой чIана. Кутакаб гьури-муч, хъуй гьечIеб гъугъадигин цадахъ гIодобе биччан балеб чваххун-цIадал букIана рекIее бокьулеб тIвар-тIвари. ТIохдасан чваххулел гонгазул лълъеца букIана азбаралъуб бекьараб, тIаде баккараб цIоросаролъул, помидоралъул, ражиператъул кьеразда жанир хIорал чIезарун.

ГIашура аскIое ячIун гIодой чIарайго ГIиса, «Нилъер рекьарал жал лълъеца чурун росунцин ине гурин, ГIашура, гьагъаб лълъадал рукъел къазин», - абун

тIаде вахъана. Рокъовехун ун босун  дугъги ботIроде ккун, гьев болъодухъан гIодове азбаралъуве лъугьана. Гьединаб къваригIел ккани букIине хIадур гьабун гьороб лъун букIараб халатаб цIулал рогIороги рекъезабун, ГIисаца гонгазул лълъим азбаралъуса къватIибе, кIкIалахъехун чваххизабуна.

— Гьале, ГIашура, баракат, - ан абуна ГIисаца, тIад вуссун вачIун ГIашурада аскIов гIодов чIолаго. - «Май моцIалда рарал цIадал руго царгъинире чваххулел ролъул гьирал», - ан абулаан умумуз. Рекьарал жалазеги аб къваригIун букIана, гъабу-гъветIалъеги аб хIажат букIана, гIалах-мегIералъеги аб гьечIого гIолароан, нилъер гIадал чIунтарал ракIазеги аб дарман буго.

— Вай, ГIиса, - ян абуна ГIашураца, - дир ререкIеени щибгоги дарулъулеб гьечIо, цо  ругъун сахлъилалде цоги цIилъула. Нолъалдаса нахъеги  дир каранда толо бахъун буго...

ГIисаги ГIашураги гьадинаб гара-чIвариялда рукIаго, цин цояб рукъое лъугьун, нахъеги цогиялъуе яккун, кIиго-лъабго нухалда гьезда цееса  къотIун ана  квен-тIехалда квалквалей йикIарай ХIапизат. Гьей цеесан къотIун анщинахъе ГIашураца, угьун хIухьел биччан, гьелда хадуйги ялагьун, ГIисадехунги бер речIизабулаан. Цо нухалда цеесан тIерхьун арай ХIапизатиде хитIаб гьабун, амма гьелда рагIичIого, ГIисада рагIуледухъ, ГIашураца абуна:

— ХIурулгIин гIадай дудаса ятIалъизе йикIиналъги бугоха, дир дарман, дир керен туризабизехъин.

— Эб щай, ГIашура, нилъ элдаса ратIалъизе кколел? Щибниги хабар-жогIаги гуребищ дуда рагIун бугеб?

— РагIизени дида щиб рагIилеб, бетIерчIахъад, рагIизе кканиги, нилъеда бищун нахъа гурони рагIулеб жо букIунаро. БетIергьабазул гIин гIинкъабилан абула. Нилъеде щвезегIанго гIадамаз кинабго лъутIунги къотIунги лъела. Нусиланго кколароан дида ай, ясилан толаан. Гьанже чиярлъун яхъине йикIиналъ бугоха дир ракI биинабулеб, - абун щурана ГIашураца ГIисал гIинзунибе.

— Кинан букIаниги, ГIашура, дуда цо жо рагIун букIине ккола, - ян абуна нахъеги ГIисаца. - Чияр чагIиги анир гьечIелъул, женжедизарун рухь-рухьарал жал рицуней йикIинчIого, чIванкъотIун дудаго ракIалда бугеб жо щай дуца бицунареб?

— Дир гIинда рагIараб щибниги жо гьечIо, ГIиса, дица дуда абунагури рагIизе кка-ниги нилъеда гьеб бищун тIарамагъада гурони рагIиларилан. Дир ракI цIогьорлъун буго гьагьав Сурхай вачIаралдаса нахъе. Цебеги Залмуца дие гьабунщинаб рекIелбакъвай лъаларогойищ мун вугев? Дуда рагIана гурищ доб сордоялъ ХIапизатица бицараб жоги, гъос алъухъе ритIарал кагъталги. Гьанжеги гъов гIенеккун чIелиланищ дуда ракIалде кколеб? Гъов чIаниги, цогидал чIеларогури. ХIапизат гуро къороллъуда кватIулей гIадан. ГIадамазул берги ракIги гьалда тIад буго.

— ХIапизатица гIаданлъи хвараб жо гьабунгутIиялда дун, ГIашура, дидагогIанги божула. Амма росасе уней йигони, нилъеда гьей гьукъизе кIвеларо. Къого-къоло щуго соналъул гIумруялда йигей гIадан рос хун хадуб цогиясе унилан гIайиб гьабизеги ккеларо. ГьанжелъизегIан нуслъун йикIарай гIадин, нилъее гьей гьанжеялдаса хадубги яслъун йикIине ккола. Гьей йиго нилъер лъимадул эбел.

— Гьелда гIайиб гьабулей гуро, бетIерчIахъад, дунги йигей. Дидаги лъала намус хвараб жо гьелъ гьабунгутIи. Амма гIадамаз гьей хIалалда тезе гьечIо...

— Гьанже нилъеца щиб гьабеянха мун йигей, нилъеда гьеб гьукъизе кIвеларогури? - ян абуна ГIисаца, ГIашура кIалъан льугIизегIанго чIечIого, гьелъ бицунеб жоялда ракI рекъонгутIиги загьир гьабун.

—Дурго гIакълуги къан ккун вукIун гурони дуца чияр рагIи гъорлъе къазего толаро, дир гъарин ГIиса, - ян абуна ГIашураца гьесул тIирун чIейги мекъи бихьун. - Нилъги цоги нухалда ригьнаде рахъинчIого гIоларелъул, дие бокьун буго ХIапизатида квелъ базе, чияр къавулъан гьей яккулареб куц гьабизе. БичIчIарабищ?

—Агьа, гьединищ гъоб букIараб? БичIчIана, бичIчIана. Гьанже мун цо дихъги гIенекке. Дида кIоларо гьединаб ишалде гьоркьове лъугьине. Гьеб гуро гIицIго нилъеда бараб иш. Гьеб бараб буго 'нилъер ихтияралда гьечIев чамго чиясда. Дица абиларо Лайлаги ГIамирги рекъезаризе кIвеларин гьелъие абун. Гьел нилъедаса кидаго разиял рукIана, гьанжеги руго. Гьелдалъун иш тIубаларо. Гьанже ригьин эбел-инсул буюрухъалдалъун гьабуларо, тIоцебе васги ясги цоцазе рокьун, гьезда тIад умумулги рекъон гьабула. Дуда лъалебищ ГIусманидаги ХIапизатидаги рекIелъ рекъелебищ гьеб дуца абулеб жояли? Дуда лъалебищ ХIапизатие цоги ГIали-ГIумар вокьичIого, ГIусман вокьилевлъи? Дуда ракIалде кколебищ яц гIадин жинда цадахъ йигей жиндирго вацасул йикIарай лъади ячине ГIусман разилъилилан? АхIмадиеги нилъеца ригьин мунги дунги лъикIал лъугьун гьабичIо, гьесул жиндирго гьариялда рекъон, цебехунго ХIапизатилги гьесулги рагIиги данде ккун букIун гьабуна. ТIадежоялъеги, ГIусманил жеги ригьин-цIаялде ирга щун гьечIо, тохтурзабазул комиссиялъ заманалъе эркен гьавун вукIаниги, гIемер кватIичIого гьев фронталде ине ккола. Рагьде кIалтIе щун тушбабиги тун, гьеб ишалъе разилъани, гьев гIаданги гуро.

— Дуца ГIали-ГIумаралги рехсон инжит гьавизе, ГIиса, дир вас лъидасаги сундуениги нахъе ккарав гьечIо, - ян абуна хIалуцараб куцалда ГIисал щибаб рагIухъ гIинтIамун йикIарай ГIашураца. - Дудаго лъала тIубанго АхIмадидаги релълъарав вуго. Дица абулеб гьечIо гьабсагIаталъго гьесие гьей ячине ккелилан. Дие бокьун буго, ГIамирилалги рази гьарун, цо цIар чIвараб жо гьабун тезе, гьезул рагъиде яс гьарун цоги чи вахунареб куц лъугьинабизе.

— ГIусман АхIмадида релълъина, ГIашура, гьев гIадин тIубарав агроном, ялъуни инженер, тохтур лъугьун вачIараб мехалда. Анкьго сонилаб росдал школалъул гурони лъай гьечIев ГIусмание ХIапизат рекъон кколаро... ГIисал кIалъай лъугIилалде ХIапизатица, рокъосан къватIие яккун, квен лъугIун бугин, кваназе рахъаян лъазабуна. «ТIокIаб дуца дие гьеб хабар бицунге, ГIашура, гьеб ишалде гьоркьове дун жуваларо», - янги абун, ГIиса тIаде вахъана.

ГIисадаса жиндие кумек щунгутIи лъарай ГIашура, ГIисагун, ХIапизатгун цадахъ гIодой чIун квана-гьекъаниги, тIокIаб щибиланниги гьездехунги кIалъачIого, цIад къотIарабго яхъун Лайлал бакIалде хьетана. ГIашураца Лайлае жиндир ракIалда бугеб жо, свери-хъвериго гьабичIого, чIванкъотIун бицана. Гьелъул ракIчIун букIана Лайлаца жиндир гьари нахъчIвангутIиялда. БукIаниги, Лайлацаги гьей цойидасанго рази гьайичIо.

— ЭдигIан нуж элъие ГIедегIаралго щай, ГIашура, жеги хекко гьечIищ? – ан абуна Лайлаца ГIашурал ракIалда бугеб жо бичIчIарабгo. - Гьанжего гьединаб жоялъул цIар бахъани, ХIапизат цIакъго йихха-чIваркьун лъугьинародай?

— Гьанжего гьелдехун бакка-бахъи гьабеян дицаги абуларо, дир яц Лайла, гьабсагIаталда дие бокьараб жо буго нуж кIиязулго - ГIамирилги дурги шулияб рагIи. Гьелдаса хадуб нилъеца гьелда гьеб гIедегIичIого, дагьа-дагьабккун бичIчIизабилаан. Дида ракIалде ккола нижги нужги разилъараб жоялда гьейги тIад рекъечIого чIеларилан. Нилъер ГIусманги, дудаго лъала, гьадавго АхIмад гIадав, жегигицин рази-ракияв, гъорлъ восарав чи вуго. ГьанжелъизегIанго ХIапизатги гьевги цIакъго цоцазе хириялги руго.

— ГIамирил рахъ бигьаяб жо буго, ГIашура, дун разилъараб жоялда гьесги дандечIей гьабунгутIи дида лъала. Амма дун божуларо ХIапизатида. Гьелъие ГIусман вокьиларин абулеб мех гуро, гьевги нахъчIван тIаса вищизесев цоги чиги дида нилъер гьанив лъаларо. Гьелъие гьев жиндирго вацгIанги хириявги вуго. БукIаниги, цойидасанго гьей, «Дирго вацасе дун кьезехъинищ нуж ругел?» - анги абун чIани, гьеб мехалда нилъеда гьей мукIур гьайизе кIвезе гьечIо. Жинца ккураб нухдаса гьей кьуризайизе кIолареблъи дидаялдасаги нужодаги лъала. Цебехунги, нужодасаги цебе нижехъе раккулел чагIиги ккун рукIана, дудагоги лъала гьугъуй Залму хьвадилей йикIараб куцгIаги. Нижее рачIун рукIана нижго разиял бакIалги. Амма щиб бицаниги, кинал хIинкъаби кьуниги, гьей итизайизе кIвечIо, ахирги АхIмадие къадар хъван букIун буго.

— Гьелеха, дир яц, дун хIинкъараб жо, - ян абуна Залмул цIар бахъарабгo рекIелъе ццин рещтIарай ГIашураца. - Нахъеги нужохъе Залму гIадал нич бахъарал руччабиги хьвадизе лъугьун, нилъеда гьоркьоб гьогьен ккезе гуриланинха дун хехдарилей йигей.

— ГьедигIан хекко ниж чучилелилан дуда ракIалде ккоге, ГIашура, ниж гIедегIуларо. Нахъа нилъеего рекIел къварилъи ккечIого букIине, нилъеца гьанжего ХIапизат разилъулародаян хIалбихьизин, - абун, Лайлаца ГIашура берцинаб мацI бицун нухда лъуна.

**X.**

ГIисалазулъуве Сурхай вачIараб сордоялъ ГIусман рокъов вукIинчIо. Гьелдаса хадубги Сурхай къватIив вихьун гурони, парахатго гIодор чIун гьесдехун гара-чIвари гьабизе гьесие щун букIинчIо. Цо къоялъ бакъанида рокъове вачIун ГIусманица къаси жинца Сурхай гьоболлъухъ ахIизе вугилан лъазабуна. Гьеб сордоялъ ХIапизатица гьесие гьоболлъиялъе хIадурлъи, ГIисалги ГIашуралги рокъоб гьабичIого, жиндирго рокъоб гьабуна.

Сурхай вачIараб мехалда кIиябго рукъалъул кIудиял - ГIисагун ГIашура - гьезде аскIоре рачIун, Сурхайие гьикъа-бакъиги гьабун, дагьаб мехалъ гIодор чIун гара-чIварана. Ригь арал чагIазул харбидаса гIолилазе кеп щолареблъи бичIчIулел гьел, халат гьабун хабаргун чIамучI гьарун чIечIого, жинди-жиндир бетIералъ батIи-батIиял хIукмабиги къотIулаго, хеккого рахъун, жалго рукIунеб рокъорехун тIад руссун ана.

ГIисагун ГIашура къватIире аралго, Сурхайица кодобе босана ХIапизатица гьеб сордоялъ ургъунго, гьесул хIал бихьизе гIоло, столалда лъун букIараб сурат.

Гьеб букIана АхIмадил кагъатгун цадахъ фронталдаса бачIараб, ХIапизатида щияли лъаларей, АхIмадил кагътида жанибги жиндир хIакъалъулъ щибниги рехсей гьабичIей гIадангун аскIов чIун бахъараб АхIмадил сурат. Сурхайица гьеб кодобе босарабго ХIапизатица гьикъана:

— Сурхай, гьей гIадан щияли лъалищ дуда? ГьебсагIаталда Сурхайил гьумер цIадул цIуна, тIолго черхалдаго бохьараб гIетI бана. Цо секундгIанаб мехалда лъалхъизеги лъалхъун, гьес абуна:

— Лъала, ХIапизат, гьай гIаданги лъала, гьаб сурат бахъулеб бакIалда дунгоги ас-кIов вукIана.

— Гьай йиго нижер часталъул йикIарай Мария Михайловна абулей тохтур. Гьай йикIана цIакъ рази-ракияй, гъорлъ йосарай, лъикIай гIадан. Цо нухалда гьейгун цадахъ ниж гIодор чIараб скамейкаялда вукIана рагъда кIудияб багьадурлъи гьабурав ва гьелъие гIоло кIудиял шапакъаталги щварав цо рагъухъан. Гьениве вачIун гьесул сурат бахъизе лъугьана цо рагъулав корреспондент-фотограф. «Нижерги щай бахъулареб сурат?» - абун АхIмадица махсара гьабураб мехалда, гьес гьейги аскIой чIезаюн гьале гьаб миккил гъотIода гъоркь гьел кIиязулго сурат бахъана. (Сурхайица сураталда тIад килищ цун гьеб гъветI бихьизабуна). Гьел кIиязулго къокъаб биографияги хъван арав гьес, нахъа вачIун, цо-цо сурат гьезиеги кьуна.

Цо нухалда, почалде кагътал рехизе араб мехалда дица, махсарадего гIадин, АхIмадидаги лъачIого, гьеб сурат духъе битIулеб гьесул кагъатгун цадахъ конверталда жаниб лъун битIун букIана. Гьелдаса хадуб АхIмадица гьелъул хIакъалъулъ щибниги цIеха-рехейги гьабичIо. Амма дида гьеб кидаго ракIалда къан букIана. АхIмадие хияналъиги гьабун, ХIапизатил ракIалда зинкIкIулеб жо гьабуна гурищ дица абун дида гьеб, дицаго гьабураб, гIантаб махсара нахъа-нахъаги ракIалде щолаан. Дие щвечIо гьеб гIайибалдаса АхIмад тIаса лъугьинавизе. Гьари буго, гьанже мунниги тIаса лъугьа, гьелъул хIакъалъулъ щибниги батIияб жоги ракIалде ккоге.

— БатIияб жо щиб дида ракIалде ккелеб, Сурхай, щиб-щибниги жо ракIалде ккезе лъимерищ дун йигей, гьадинго, гьабсагIаталда ракIалде кIанцIараб жо гьикъулей йикIана, - абун жаваб кьуна ХIапизатица. - БатIияб жо ракIалде кколеб букIарабани, дица гьеб столалда тIад лъунги цIунилароан.

КIалалъ щиб бицениги, гьеб сурат бачIаралдаса нахъего ХIапизатил ракI гьелъ цIогьорлъизабун букIана. Гьелъ шибго асар гьабичIебилан жинцаго жийгогицин божизайизе, гуккизе гьелъ кигIан къасд гьабуниги, АхIмадил рокьи бикьун, мигьлъундай букIарабан абурал бецIал хьухьал, расги жиндагогицин лъачIого, мех-мехалда гьелъул гIадалъе рахинчIого хутIулароан. Гьанже Сурхайил жавабаз гьел хьухьал рикь-рикьизе, щущазе гьаруна, гьелъие кинабго гьелъул хIакъикъат баянлъана.

—Доб сордоялъ, Сурхай, цо пулеметчи чIваравго АхIмад, пулеметалъул гIоркьги ккун, живго кьвагьдезе лъугьанаяан абун, гьелдаса хадуб ккараб жо бицинчIого хутIун букIана, цинги щиб нужор ккараб? - абун гьикъана

ХIапизатица квана-гъанан лъугIун,  столалдаса квенги нахъе босун, ГIусманидаги Сурхайдаги цере чайдал стаканал лъолаго.

— Гьелдаса хадуб ккана, яц ХIапизат, цIакъго ракI гъанцIулеб хIал,- абун байбихьана гьанжеги гьеб хабар цIи гьабизе жиндийго бокьичIониги, ХIапизатил суалалъе жаваб кьезе ккарав Сурхайица. - Пулеметалда нахъа чIун АхIмадица цо-кIиго ирга биччалалде,  битIахъего гьесда хьолбохъ цун мина кьвагьун, АхIмадги  пулеметги хIурулъе, кIкIуйдулъе тIерхьана. Дида ракIалде ккана гIуж-куц лъалеб жо хутIун батиларин АхIмадил абун. ГьебсагIат дун гьеб хIурул карачелалде гьоркьове кIанцIана. АхIмад ватана гьеб бакIалдаса живго хъурщун нахъегIан къазе къеркьелев, гъумер бугоан  бида босун. «АхIмад, ругъун киб щун бугеб,  квеш  бугебищ?» — абун гьикъараб мехалда, АхIмадица «Йохъ,  гьитIинаб жо буго, мун дурго бакIалде а», - ян абуна.

Дун лъугьана гьесул ругънал рухьине,    дица къасд гьабулеб букIана хъурщизавун вачун гьев хIинкъи гьечIеб бакIалде нахъегIан щвезавизе. БажаричIо, кIолеб хIал букIинчIо. Ваччун вачун дица гьев цо гохIде нахъе щвезавуна. ТIад вуссун нижерго посталде араб мехалда дида нилъергоял гьенир ратичIо. ТIаде кумекги бачIун, гьел лъикIаланго церехун ун рукIана. Гьанже хадув ун дида дирго гьалмагъзаби ратизе рес  букIинчIо. МаркIачIул мех щун кутакалда бецIлъун букIана. Нахъеги дун АхIмадиде аскIове ана. Гьеб мехалъ лъана дида АхIмадил ругъназул кутак. Бохдузул рукьби гъургъу-рун рукIин лъалеб букIана. Гъумерги бидул цIун букIана. БецIлъиялъул кутакалъ щиб бакIалда кинаб ругъун бугебали лъазе кIолеб букIинчIо. АхIмадилги жинда кинал ругънал щун ругелалн бицине кIолеб хIал букIинчIо. ГIемер кватIичIого нахъеги рагъ тIаде гIагарлъизе лъугьана. Гьанже гьеб бакIалда чIезе хIинкъи букIана. Дица хиял гьабуна щиб гьабунги АхIмад полкалъул санитарияб посталде швезавизе кIвелародаян.

Ниж ине кколаан хьуцIилъан гIебеде. Лълъимазда тIад цIер чIван букIаниги, тIад хIетIе чIарабго гъурун ун, накалде бахинегIан лълъелъе тIерхьунаан. Ракь баккараб, го-хIккел бугеб бакIалде щваралго хIухь бахъизе гIодор чIезе кколаан. ТIадеялдаса тIаде АхIмадил хIал дагьлъулеб букIана. Свакаялъ дирги тату хун букIана. ТIадежоялъе дир ракI тамахлъизабулеб букIана АхIмадидаса чвахxулеб биялъги. Дир мугъ букIана гьесул биялъ биччизабун. Рилълъунеб рахъ лъазе толеб букIинчIо сардил бецIлъиялъги. Мех-мехалда дагьа-макъабго гIуж-рахъ лъазабулаан   рикIкIадасан  чIвалеб ракетабазул канлъуца.

Гьеб къагIидаялда ун, рогьинегIан нижеца нухлул лъабго километрцин тун батичIо. Рогьел лъалаго,  тушбаби лъугьана гьадаб нижеца ккун букIараб борхалъудасанги цогидал рахъаздасанги кьвагьдон сверухлъиялдаго цIа бакизабизе. Гьезие жаваб кьолеб букIана нилъер гIарадабазги пулеметазги. Ниж ккана кIиябго рахъалдасан балеб гуллил цIадакье. Ниж чIана гIодобе ккараб цо бакIалда гIебеде регун. Гьениб щвана дие АхIмадил киналго ругънал рухьинеги. Киналго ругъназда жемизе катан гIечIо, чIарталги гIечIелъубе дица АхIмадил ругънада,  тIаса бахъун, бихъ-бихъун, дирго гурдил рукъалаби жемана...

АхIмадил  чорходаги гьурмадаги минабазул тIелал гъорлъ къарал гIемерал ругънал рукIана. БукIаниги, АхIмадица хIал лъазе толеб букIинчIо, диегицин

яхI-махI кьун гарга-лев вукIана. Гьес гIемер рехсолел рукIана жиндирго берда цере чIварал жиндирго рота-ялъул лебалал гIолохъабазул цIарал, гьезул бахIарчилъи, бажари. ТIокIаб чIечIого дида гьарулеб букIана: «Мун нахъе а, хварав чиясухъ валагьун чIечIого, гьалмагълъиялде аскIове а», - абун.

БитIахъе нижер гIундузда цун, хьолбохъан, бутIрузда тIасан унел гуллбузул цIурцIуриялъ бетIер борхизе толеб букIинчIо. КIиябго рахъалдасан балеб гIарададул хъуялъ дунялго тIатIала балеб бугин кколеб хIал букIана. Амма, гьабигьанасда гьабил дваргъи рагIуларебин абухъего, нижер гара-чIвариялъе гьелъ щибниги квалквал гьабулеб букIинчIо. Нижер гIундул гьелда ругьунлъун рукIана. Нижер рекIееги гьелъ цо тIиригIаги асар гьабулароан: кколебщинаб жо ккун букIана, хьул гьабизе нахъе хутIараб жо букIинчIо...

Амма, кигIан дагьабги хьул гьабизе жо гьечIеб, халат рахъун хутIиялдаса хекко рухl бахъи тIаса бищулеб бакIалде ккараб мехалдаги инсанас, жиндирго ихтиярго гьечIого, цIакъго рикIкIадаб щиб-щибниги жоялдеги хьул гьабулеб букIун буго. Гьениб дица хьул гьабулеб букIана нахъеги нилъер аскарал тIаде рачIинародаян, ялъуни, къасилъизегIан хутIун, рукIкIараб мехалда авлахъалъул госпиталалде АхIмад ворчIизавизе кIвелародаян. Мех-мехалда хъурщун ун, дица, цо анцIго галул манзилалъ дорегIан ругел гIинтIидал хъархъалъе лъугьун, цебе нижго рукIараб, гьанже тушбабаз ккун бугеб борхалъиялде бер щвезабулаан, гьезул рагъа-ракариялъул хал гьабулаан. Гьел церехун рачIиналда, гьезул танказ мерхьун нижго чIинтIизариялда хIинкъи букIана.

Цо нухалда гьел хъархъалъан тIад вуссараб мехалда дида АхIмад ватана кисиниса бахъун хъатикь ккун жиндирго бумажникгун. Амма кIицIул-лъабцIул дун кIалъараб ме-халдаги АхIмадица жаваб кьечIо. КIал тун бугеб куц бугин асан, виххун ккун дица хехлъи гьабун гьесул надалда квер лъуна. «АхIмад, мун щай кIалъаларев? АхIмад, мун щай тамахлъулев?» - абун дун гаргадараб мехалда, чIваркьун дихъги валагьун, хIалицаго гIадин, «Ма... Сурхай, гьаб дир аманат... ХIапизатихе кье», - ян абун, жиндирго хъатикь ккун букIараб бумажник дихъе бегьана. «Дир инсуда... ВатIан... ВатIан цIунулаго... хва-нин абе», - ян гьоркьов лъалхъана. Нахъеги, «киназдего... салам. Къо-лъикI...», - абун бе-рал къанщана. Гьелдаса хадуб лъавуда гьечIел, бабадарал жал рицине лъугьана. «ГIечул гъветI!.. Генул гъветI!,..» абурал ва гьединалго цо чамго рагIаби ратIа рахъизе лъалел рукIана. Амма, гьесул мурад щибали, гьабан абун бичIчIизе кIолеб букIинчIо. Мех-мехалда «дади.., ГIусман... ХIапизат» абун, гаргадулев гIадин вукIунаан. БатIаго цIакъ гIемер рехсолеб букIана ХIапизатил цIар...

Жиндир цIар гIемер рехсолеб букIанин АхIмадицаян Сурхайица абураб мехалда ХIапизат, столалда нахъаса тIаде яхъун, нахъегIан ун гIодой чIана. ГIусманги, бадиб магIуги ххулун, гIодове къулун чIана. Гьезухъ балагьунги, гьеб мехалда АхIмадил букIараб хIал ракIалде щунги, ракI тамахлъарав гIадин лъугьарав Сурхайги, кисиниса бахъун кквербацIалъ бералги рацIцIун, дагьаб мехалъ гьоркьов лъалхъана.

— ГьебсагIаталда тушбабазул лагералда кутакаб хъуй бахъана, минометазулгин гIарадабазул гьаракь дагьабги цIикIана,— ян абуна Сурхайица, нахъеги жиндирго бугеб къуватги бакIа-бахарун. -Цощина тIаде рачIинехъинцин ругодай тушбабиян ракIалде ккун, дун гьадалго гIинтIидул

хъархъалъе вортана. РакIалдаго гьечIого, цойидасанго, тIаде вахъарав дида гьебсагIаталда битIахъего кIигъажалъ гулла щвана. Ругънадаса гIемераб биги чваххун, гьенив дун тамахлъун гIодов ккана, лъавудаса ана.

Дун вигьана санбаталда санитарный машинаялдаса малиялдаги лъун нахъе вачунаго. Нахъа госпиталалда лъана дида ниж рукIараб бакIалдаса гIемерго жанирегIан рачIун рукIарал тушбаби гьебго къоялъ къаде-нахъе нилъер аскараз щущахъ рихxизари. АхIмадица цебехун дунго хвалдаса хвасар гьавурав гIадин, АхIмадие дицаги дида хIалкIванщинаб жо гьабуна. Амма дида рекIелъ къараб ва кидаго кIоченареб жо буго АхIмадил жаназа гъоркьго хутIи, дирго кверaлъ гьев вукъизе щвечIолъи. Гьаниве рокъове щун хадубги гьабуна дица цоги гъалатI, ХIапизат, - ан абуна Сурхайица гьелдехунги вуссун, - духъе кьезе кколеб букIараб АхIмадил аманат дихъа, мунги цее йикIадго, ГIисада кодобе кьун борчIун ккана. Аманаталъе хиянальи гьабунагури дица абун, гьебсагIатго ракIги бухIана. БукIаниги, ГIисахъа нахъе босун, нахъеги духъе кьезе намусалъ къабул гьабичIо,— ян абуна Сурхайица, цойидасанго вахъун ГIусман къватIивехун яравго.

— БатIалъи щиб, вац Сурхай, дир инсухъе кьейги дихъе кьей гуребищ кколеб! ГIисаца бумажник, тIадецин валагьичIого, добсагIатго дихе кьуна,— ян абун, ХIапизатица Сурхайил гIайиб бацIцIана.

ГьебсагIаталда ХIапизатида «Къис..!» абун хъвараб АхIмадил кагътил сурат цебе чIана. Сурхайица АхIмадил аманатни гьедигIан бацIцIадго тIубазабун бугин, дица досул васигат тIубазабулеб гьечIогури абун, рекIелъанго жинцаго жиндего гIайиб гьабуна, жийги рагъде инчIого чIеларин абураб гьелъул нигат дагьабги щулалъана.

## XI.

ХIапизатица Сурхайдехун гьабулеб кIалъай лъугIулаго росолъехун балагьараб гордухъан, кьурабалъ багъун дагьалги зварун, рагIизе лъугьана радиоялъ кьолеб магIарул музыкаялъул ва кочIол хIеренал бакънал. Гьел рагIулел рукIана битIахъе дандбитIун, бакъдехун рахъалда бугеб колхозалъул правлениялъул канцелярияладасан. Гьел бакънал рагIарабго Сурхай жиндирго ботIролъ рукIарал фронталъулал пашманал сураталги дагьа-макъалго тIаса рикьун ун, вигьа-вичарав гIадин лъугьана. Зирараб, роцIараб гьаркьидалъун, гIодобе биччараб тамахаб бакъаналъ оркестргин цадахъ Нуцаловалъ ахIулеб букIана:

**«Биун месед тIураб ВатIан цIунизе**<br>
**ТIулил вацал араз ахIизин цо кечI.**<br>
**ТIогьол квацIи гIадаб гIорхъи хьихьизе**<br>
**ГIищкъуялъ цIаразе цIализии цо реч».**

- абун байбихьулеб ЦIадаса ХIамзатил кечI. Гьеб лъугIизегIан Сурхайги, гьединго ХIапизатгун ГIусманги хIухь къотIун гIенеккун чIана.

— Унгоха, ГIусман, рикIкIада бакIазда ва хасго фронталда ругеб мехалда нилъерго музыкаги кечIги рагIизе бокьулеб куцха, - ян абун, гьеб кечI лъугIун музыкаялъул бакънал кьезе лъугьарабго накъиталде байбихьи гьабуна

Сурхайица. - Цо-цо нагагь, Москваялдасан кьолел нилъерго Дагъистаналъул бакъназухъ гIенеккизе швараб мехалда, битIахъе гьанире, магIарухъе щун, нилъерго тIогьолал мугIрулги бецIхъахIилал мучIдул, рохьалги рихьарал гIадин, кIкIалабахъан унел гIоразул гъугъаб гьаракьгун кьурабалъан, парсахъан чваххулел лъаразул чвалчвалиги рагIулеб бугеб гIадин кколаан.

— Гьаниб дагъаб багIарунги бугин, Сурхай, рилълъа дагьаб мехалъ гьогьмада гIодор чIун гIенеккизин, - абун, ГIусманги гьесдаго цадахъ Сурхайги, тIаде рахъун, рукъалда нахъа бугеб ахикье лъугьана. Гьездаса цее кIанцIун ун, ХIапизатица генул гъотIода гъоркь бугеб гьитIинабго столалда цебе кIиго бакIги лъуна, тIад скатертги тIамуна. Гьеб букIана жиндирго рукъзазда нахъа, цIидасан гьел ралеб мехалдаго ургъунго, батIа гьабун бакIги тун, росдаде тIаде балагьараб борхатаб кьурул рагIалда ГIисаца гьабураб, ХIапизатил рокъосахун гурони жанире лъугьине цоги кисанниги нухги гьечIеб гьитIинабго ах.

Росуги росдада нахъасан байбихьулеб гIатIидаб мегъги букIана гвангъараб моцIрол канлъуца лъалъалеб. ГъотIода гъоркь бакI цIун бихьулаан гIодобе гъараб сурмакьераб гIечалъул. Мех-мехалда тIваркъи бахъунаан барщараб пихъил бакIлъиялъ карал гIодорехун руссинарурал гIаркьелазулъан, тIамхил хвашиги бахъинабун, гIодобе гъунеб генул.

— Кванан бихье, Сурхай, кверкъидул гIадаб махIалъул, гьоцIохIалаб, цIакъ батIияб тIагIамалъул гени гури аб бугеб, - ан жинцаго кодобе босун цо гениги хIанчIулаго, ГIусманица «Цебехунги нуж цоги хIинкъарал рагъаздеги ккун рукIараб куц бугоха?» — ян абун, нахъеги Сурхайил харбихъ гIенеккизе бокьи лъазабуна. АхIмадица живго хвасар гьавиялъул рехсей гьабун гурони, Сурхайица гьеб кинан ккарабали бицун букIинчIо. ГIусмание бокьана гьелъулги хIакъикъат лъазе. ГIусманица гьеб суал кьолеб рагIарабго, рокъоехун йикIарай ХIапизатги, хехлъи гьабун босун васасул киниги хьибилалда лъун, битIахъе гьезде тIаде балагьараб гордухъ лъикI кIвар кьун гьезухъ гIенеккун чIана.

— Фронталда кканщинаб жо бицун бахъинаро, гьудул ГIусман, - абун байбихьана Сурхайица, кваназе кодобе босараб гениялдаса хъалги бахъулаго. - Дица дуе бицинин цо нухалда диргоги АхIмадилги ккараб къисса.

Цоги чамго рагъухъангун цадахъ АхIмадица дун витIун вукIана тушбабазда кодоб бугеб цо росулъе разведкаялде. Нижеда тIад къан букIана гьеб росулъ бугеб тушбабазул рагъулаб къуват лъазабун, ялъуни пленги восун тIад руссине. Ниж гьенире ана рикIкIадасан тирун, цо ризаб рохьосахун. Росдал рагIалде гIагарлъулаго нижеда батIа бахъизе лъана тушбабазул хъаравуллъиялъул постал ругеб бакI. Гьенире щвезе хутIун букIинчIо нусгогIанасеб галул манзил гурони. Гьеб хъаравуллъиялда тIасан тирун росулъе лъугьине ккани, цоги батIияб рахъалдасан нух букIинчIо. Хъаравулзабазул гIисинаб гунгуниялъухъ, гIаздада тIад гьезул хIатIазул бахъунеб къиш-къишиялъухъ гIенеккун, нижеда лъана гьеб посталда тушбабазул кIиго чи гурони гьечIолъи. Гьелдаса добехун рохь букIинчIо, ниж ине кколаан хаслихъе бегараб, гIазул цIураб хурисан гIебеде. Нижер цевехъан Зайцевас, жив-жив чиясул гIинда кIалги цузабун,

щурун лъазабуна щивав цояс гьелдаса хадуб гьабизе кколеб жо. Гьев вукIана хIалбихьи бугев лебалав разведчик...

ХъахIал халгIаталги ретIун, ниж ана биццатаб гIазулъан гIебеде чахьазда хъурщун. Тушбабазде аскIоре щвезе битIахъе щуго-анлъго галул манзил хутIараб мехалда, дагьавго лъалхъизеги лъалхъун, Зайцевас хьибилалда цун вукIарав дир квер, къан ккун, туркIана. Гьеб букIана ишалде байбихьулеб букIин лъазабулеб ишара. ГьебсагIат кIанцIун тIаде вахъун тушбабазул цоясда тIад речIчIун, Зайцевас, жинцаго кIалалда хъатги чIван, гьев гъоркь лъезе кколаан. Гьесдаго цадахъ дицаги гьев цоясе гьебго жо гьабизе кколаан. Нижеда нахъа цун вукIарав кIиявго гьалмагъасги гьезул ярагъ бахъизе за гьезул квералгин кIалал рухьине кколаан.

Рагъулаб лъай дагьлъиялъ ва хIалбихьи гьечIолъиялъ гьениб дица гьабуна кIудияб гьалатI. Зайцевасда цадахъго тIаде вахъине кколев вукIарав дун дагьавго лъалхъун ккана, цо чамго секундалъ кватIана. ГьалбацI гIадин тIаде кIанцIун дугъдазабун кIалги бухьун, Зайцевас тушбабазул цояв гIодов лъолаго, дир квер тIаде щвелалде цоявас гIасияб гьаракь биччана. КIиабизе гьаракь гьабилелде гIадалъ бараб тункIица кIалагъоркье речIчIизавун, дица гьесулги хIухь-махь лъугIизабуниги, гьес гьабураб гьаракь рагIун, тушбабазул окопаздаги ахIи балел гьаркьал рахъана.

Тушбабаз ракетал риччан канлъи гьабилалде гъванщилъ зaралги тункулаго цеве къотIун пленгун, ниж цо заз-хъарахъ бугеб хIарккиялде рорчIана. Гьенир кIалагъоркье ре-гана, гIаздада гъорлъе лъугьун, ракьалда ригъун, кьерун чIана.

ГьебсагIаталдаго ракетазул канлъуца сверухълъиго къалъизабулеб букIана. Ниж ругеб бакI лъачIониги, немцаз нижеда тIадги цIа бакизабулеб букIана. ЦIорон гамачI лъугьараб ракьги гIазуги букIана гIарадабаз, бомбабаз гьобогьун балеб, гьаваялде хьвагIулеб. ГIундукьан унеб гуллил букIана къотIи гьечIеб цIур-цIури.

Гьеб бакIалда кватIун хутIани, чIаго нахъе рорчIизе нижее рес букIинчIо. БитIахъе хьолбохъ цун кьвагьулел минаби тIадеялдаса тIаде ризлъулел рукIана, гьезул кутакалъ ниж, эхедеги росун, гIодор речIчIизе гьарулаан, тIаде хьвагIулел ракьул гIеркъаз рукIана мугъал рухулел, гIамгIараби рахъинарулел. Жибго гьеб бакI букIана немцазул позициялдаса гIицIго ункънусго-щунусгогIанасеб галул манзилалда. Нилъерал ругеб позициялде букIана кIиго километр гIагарун манзил...

ГIемер кватIичIого, нилъер гIарадабаз гьабуна хъуй бахьине, немцазул позициялда тIад гьабуна гьаваялде хьвагIулеб ракьулги гIазулги кIкуй лъезе. Гьелдаса пайда босун ниж лъугьана церехун ине. БакI-бакIалдаса хъурщун, бакI-бакIалдаса рекерун ун, дир гьалмагъзаби цереса тIагIана, дун гъоркьго хутIана...

— Аб щай? Гьалмагъзабаз мун гъоркьго тарав кин? - абун гьикъана ГIусманица...

— Немцазул хъаравуласда гIадалъ туманкI балаго, цIородаса хъущтIун гIодов речIчIарав дир рацIцIуниса хIетIе букIана бихьунищ, гурого борчIунищали, дугъдан гьорон. Хьархьалъ рахчун ругеб мехалда гуллил цIур-цIуриялъги бомбабазул хъудиялъги дида гьелъул унти лъазе течIо, амма гьалмагъзабазда

хадув векерулаго дун гIодов ккана, гали бахъизе кIвечIо. Гъезда дун гъоркь хутIи лъан гьечIо нижерго посталде щун хадуб гурони.

Совет гIарадабаз чIух лъезабун, щибго жо бихьизе толеб гьечIониги, гьеб бакIалде немцал цебехунго босараб ишаналдалъун гьоркьоса къотIичIого кьвагьдолел рукIана. Гьениб кьвагьараб минаялъул гIисинал тIелал речIчIун, дир квегIаб мачIгин бетIерги бида чваххдезе лъугьана. Гьеб ругъун щун хадуб дица, дирго бугеб къуватги бакIарун, цевехун ине хIаракат бахъана. Амма, гIазулъан хъурщун ун, къого-къоло щуго галул манзилалъ довегIан, цоги расалъиялде щваравго, тату хун гIодов ккана, квачалъул кутакалъги чорхол тату хвеялъги цойидасанго гъапуллъун ккун ватана.

Цо заманалдасан, вигьарав гIадин лъугьарав дида лъана дирго гьурмада цо хинаб хIухьел чIвалеб букIин. Гьеб мехалдаги дун тIубан лъавуде вачIун вукIинчIо, дида бер балагьизе кIолеб букIинчIо.

Гьод букIкIинабулеб, тIолго черхалдего гъаргъар базабулеб квачалъ гьорораб хIатIилги мачIалда бугеб ругьналги унти лъазецин толеб букIинчIо. ТIадежоялъеги, рекIелъе кIанцIараб кинабали лъалареб цо хIинкъиялъги дида бер балагьизе кIолеб букIинчIо. Дие лъугьун букIана тушбабазда кодове ккун вугев гIадаб асар.

Нахъеги дир гьурмада хинаб хIухьел чIвана. Гьелдаго цадахъ дирго кIаркьада чияца квер бахъулеб букIинги лъана. Тушманасул квер бугин гьебан ракIалде ккун, кутакалда виххарав дир кIиябго бер цойидасан балагьун ана. Дир гьурмада гьумерги цузабун, аскIов вегун ватана АхIмад. Гьеб мехалда дун гьалгъан валагьун хутIана, хварав чи чIаголъарав гIадин лъугьана... АхIмадица дун цIоб тIагIараб хвалил къвалакьа кьурун вахъана. АхIмадил гьеб хъулухъ кIочон тани, дун гIадан гуро.

Амма...

Сурхайил ракI тамахлъана. БотIролъе кIанцIарал батIи-батIиял хиялаз, гьеб бакIалда жиндирго букIараб хIалалъул суратал цере чIеялъ ва гьениб жинцаго АхIмадие гьабураб къотIи ракIалде щвеялъ гьев «амма» - ялда чIезавуна. Гьелда хурхараб хадусеб рагIи абизецин гьесул гьунар гIечIо.

Сурхайил рекIее лъугьараб асар бичIчIарав ГIусманица, «Гьале дие бищунго бокьулеб бакъан», - ан абун, гьесул пикру цIана гьебсагIаталда радиоялдасан кьезе лъугьараб «Хочбар» операялъе композитор ХIасановас къачIараб аваразул халкъияб кочIол бакъаналде.

## XII.

Гьаб къисса цIалулезда гьанжелъагIанго лъала росулъа къватIире рахъунеб мехалда АхIмадги Сурхайги гьудуллъи, ялъуни гIагарлъи-божилъи бугел чагIилъун рукIинчIолъи гуребги, цоцаздехун гьезул ракIал рагьарал, роцIцIарал рукIинчIолъиги. Жиндир йокьулей кьерилас яхъигIан гIолохъанчиясул рекIеда унтулеб жо щибго букIунаро. Гьесда гьеб кинго кIочонаро, гьеб ракIалде щванщинахъе гьесул би гьалдезе лъугьуна. АхIмадил ракI СурхайилгIан бецIго букIинчIо. Гьанже, рагъулал гьалмагъзабилъун, нухлулал-къайицадахъаллъун лъугьун хадуб, Сурхайидехун дагьабги ракI бацIцIадго гIагарлъиялъе гьесие нухал гIатIилъана, бергьенлъи гьесда кодоб букIана: Сурхайидасаги бергьун

ХIапизат ячун мурадалде щвей гуребги, фронталда командованиялъ АхIмад взводалъул командирлъунги тIамуна, Сурхайги гьесул взводалъул мухъилав рагъухъанлъун ккана. Инсанасул рекIее бищунго бакIал жалазул цояб буго рокьукъав чиясул цIобалде ккей, гьесул лъикIлъи къабул гьабизе кколеб даражаялда хутIи. БукIани щиб, АхIмадил гIаданлъиялъ, ракIалъул гIатIилъиялъ тIадеялдаса тIаде Сурхай жиндехунго гIагар гьавуна. Гьес гьев жиндаго цадахъа ватIалъизе течIо, гьесие гьабуна квер рекIунебщинаб лъикIлъи. Гьезул гьудуллъи дагьабги щулалъана вахIшиял тушбабаз рухIарал росаби, шагьарал, ракълилаб халкъалъе гьабураб пасалъи бихьараб, жидерго эркенлъи цIунизе тIаде бахъараб совет халкъалъул цолъи, цоцазул мацI бичIчIуларел батIи-батIиял миллатазул гIадамазулгицин ракIазул гIагарлъи бихьараб мехалда.

Фронталда букIараб АхIмадилги Сурхайилги гьоркьоблъи нилъее тIубанго баянлъизе гьечIо, Сурхайица бицараб хабаралдаса хадуб АхIмадица гьев кинан хвасар гьавуравалиги гьаниб бицинчIони. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб АхIмадица ва гьесул гьалмагъас бицараб жоялда рекъон гьеб ккун буго гьаниб нахъа рехсараб сураталда.

Сурхайги гъоркьго хутIун гьесул гьалмагъзаби тIадруссун рачIараб мехалда АхIмадида кутакалда ургъел чIвала. Гьезда гьес кIудияб бадибчIвай гьабула. Ккун вачIарав немцав штабалде щвезавизе буйрухъги кьун, командованиялдаса кколеб куцалда изнуги босун, живго гьев, Сурхайида цадахъ вукIарав Зайцевги вачун, Сурхай валагьизе нухда вахъуна. Зайцевас бицунеб жоялъухъ балагьун гьев гIемер рикIкIад вукIине кколароан.

Жидерго блиндажалдаса къватIире лъугьун гIемер мех бахъилалдего гьел ине кколаан гIазулъан хъурщун, гьезие рес букIинчIо тIаде рахъун цо галицин тIамизе. БитIахъе тIад цун рихъулел ракетаз букIана сверухълъиго къалъ-къалъизабулеб, кIиябго рахъалдасан цоцазде балеб гIарададул букIана дунялго тIатIала балеб гIадаб хъуй. ЛъикIалан манзилалъ чахьазда хъурщун ун, ахирги гьел щвана Сурхай гъоркь хутIараб хIарккелалде, хъархъалъе. Гьеб мехалда немцал гьеб бакIалде кьвагьдолел рукIинчIо. Амма, гьеб сверухълъиго гьобогьун бан, гъоркьияб рахъ тIадехун буссинабун букIана. Сурхайги тIутIун ван ватилин абун ракIалде ккун, гьенир гьел кирехунго хъирщадана, гьеб жаниблъиялдаго гьез квер щвезабичIеб бакI течIо. Мех-мехалда немцаз риччалел ракетазул канлъуцаги гьезда гьеб сверухълъиго хъатиниб лъураб гIадин бихьизабулеб букIана. Амма гьезда Сурхайил гIуж-лъалкI кинго батизе кIвечIо.

АхIмадида ракIалде ккана гьалмагъзабазда хадув векерулаго щвараб гуллица гIодов ккезавун хун, дагьавги довегIан гIазулъ къан ватизе бегьулин гьев абун. АхIмад гIадав, бацIцIадаб ракIалъул инсанасе бигьаяб жо букIинчIо цадахъ вукIарав гьалмагъ чIванин абун росулъе, гьесул хъизаналъухъе кагъат битIизе. Гьединаб хабар лъазабизе ккеялдаса гьес живгоги гьесда цадахъ хвейго тIаса бищилаан. Амма АхIмадил рекIее дагьабги кве-шаб асар гьабуна, гьесда дагьабги цIикIун хIинкъи ккезабуна гьебсагIаталдаго рекIелъе кIанцIараб

цоги батIияб пикруялъ. Гъесда ракIалде ккана немцазде кодове пленлъунцин ккканадай Сурхай абун.

Гъедин батани, щиб кколеб букIараб? Балики, жиндаго лъазего лъачIого, Сурхайил кIалдиса жагъалаб-гъалатIаб рагIи къватIибе борчIани, щиб букIунеб?! Гъеб мехалда цоясе, кIиго-лъабгоясе зарал ккун хутIулароан, цIикIаразе ккезе бегъулаан.

Гъанже гъабизе кколеб жо щиб? Лъалхъизе бегъуларо! ТIокIал чIечIого, тIад руссине, гъелъул хабар тIадругезухъе щвезабизе, цIиял тадбирал, цIияб хIадурлъи гъабизе ккола. Гъал тIад руссана.

Шуго-анлъго метралъ цевехун хъурщаравго АхIмадида батIа бахъизе лъана гIазулъан гIебеде квегIаб рахъалдехун цо чи хъурщун араб гIадаб хIучч. Гъелги хъуршана гъебго рахъалде балагъун.

Дагъал дорегIан аралго цо гомоглъиялда гъезда батIа бахъизе лъана бегун ккараб гъотIол хIехьалда релълъараб, гIазуца бацизабураб цо жо. Гъеб бихьарабго АхIмадил ракIчIана Сурхай хун вукIиналда.

Сурхайиде аскIове щваравго АхIмадица гъесул гъурмада квер бахъана, би хIалтIулеб бугищали бихьизе рацIцIуниса гъеж ккуна, гъванщида квер чIвана. Гъасда лъана жегиги гъесул би хIалтIулеб букIин, гъев хун гъечIолъи. ХъахIлъи балеб букIана. Штабалде хабар лъазабизе хехлъи гъабун Зайцевги тIадвуссинавун, АхIмад Сурхайида аскIов вегана.

Сурхай вигьиналде, гъев лъавуде вачIиналде рогъа-роцIана, тIад бакъ чIвана. ТIоцебе бер ричIарабго жиндаго хьибилалда вегун АхIмад ватун, Сурхай виххун ккана, чIваркьун валагъун хутIана. «АхIмад, АхIмад, мунищ? АхIмад, мун кив вукIарав, нилъ кир ругел?» - абун гъев тIаде ворхизехъин вукIана. АхIмадица гъев ворхизе течIо, вегахъе чIезавуна, «Воре, гъаракь бахъинабуге!» - ян абун хIинкъи кьуна. Гъанже гъезие къо-бакъ инегIан бетIер борхизе рес букIинчIо: гъел жалго немцазул постазде цIакъго гIагарлъухъ рукIин гуребги, гъезул кваранаб рахъалда битIахъего гъезда тIаде балагъараб гохIдаги гъеб сордоялъ тушбабаз пулемет лъун букIана. АхIмадил гIинда чIвалеб букIана пулеметалда нахъа ругел тушбабазул гунгуни. Дагъабниги бетIер тIаде борхани, пулеметалъ ирга биччан бетIер тIаса босизабизехъин букIана; дагъалниги шура-хъурани, немцазул мино-метаз гъел, гъаваялде къвагъизарун, хIурудахъ риччазе рукIана.

Къо бачIана зирхун роцIараб. ЦIан битIараб гIазул авлахъ букIана бакъде данде кенчIелеб. Амма, гъебгун цадахъ кIиявго магIаруласе гIазаб кьолеб букIана Кавказалда рукIун киданиги бихьичIеб, Севералда хасаб квачалъул кутакалъ. Минометазул цIаду-кьагIанги гъел хIинкъун рукIана цIоб тIагIараб гъеб замгъариялъ цойидасанго ганчIал гIадин гIунизаризе гурилан.

Хьул къотIараб гъеб минуталда кумекалъе ватарав АхIмадида бер чIварабго рекIее лъугъараб асаралъищ, гурого гIаздаде данде багъун, бадиб чIвалеб бакъул нуралъул тIад руссарал чIораз рухIизарунищ лъаларо, Сурхайил берал лъугъана магIица чваххдезе. Бидул макъар къараб кIаркьадасан чваххулел магIил гарал, гирун, гIаздаде рортулел рукIинчIо, гъенирго гIунун,

цIункIулукIал лъугьун чIолел рукIана. Гьел рортизарулаан гьесул гьумералда кIалги цузабун мех-мехалда гьохьулев АхIмадил хIухьлаца. КIиясулго гьурмал рукIана цIорон, понцIон рачIун, къучIби гIадин лъугьун; берал рукIана гьорон гIамгIераби лъугьун берзулрукъалгун, тIагIун ун.

Жиндирго чIаголъиялде кверги хьвагIун, гьеб жужахIалъул цIадулъе АхIмад жив хвасар гьавизе гIоло вачIун вукIин лъарабго, Сурхайил рекIеда букIараб чIегIераб хъал гъаршун бортун ана, цебесебго ццидал кинабго гьизги чурун ун, гьесул каранда цIияб, бацIцIадаб гьаваялъул гьогьен чIвана.

Цоцазда цузарун бутIрулгун, сорон цоцалъ кьабулеб ца-кIалгун, кIиявго гьалмагъас гьеб къо биччана гIаздалъ тIепун, кьерун чIун. Гьел рукIана гьороца тIаде хьвагIараб гIазуца рацизарун. Гьезие рес букIинчIо собораб гъеж-квер багъаризабизеги, цIунцIраххараб хьибил хисизеги. Дагьалниги рагъа-рачарани, гIанси чIараб гIазу тIаса бикьани, гьезде бер щвезе бегьулаан аскIор цун, тIаде къулун ругел пулеметчагIазул. Гьеб мехалда гьезие дунял букIинчIо.

Мехталил кутак лъугьараб мехалда инсанас нахъа ракIалде щванщинахъе живго жинкьаго нечолел чанго хабарал рицунел гIадин, жидер ахир квешлъиялде буссине бегьулел балъголъаби къватIире рехулел гIадин, дандияс гьабураб гIаданлъиялъ жиндир согIаб рекIее гьуинаб асар гьабурав, жиндирго разилъи кинан загьир гьабилеб, гьесда живго кинан лъикI вихьизавилевали лъаларев чиясги чамго батIиял къотIаби гьарула, сундалъун бугониги жиндирго ракIалъул бацIцIалъи, ритIухълъи бихьизабизе сундего вачIунаро. Шурун гурони гаргазе бегьулареб гьеб хIинкъараб бакIалда АхIмадицаги Сурхайцаги къватIибе реххана лъикIабги квешабги жидер рекIелъ бахчун букIараб кинабго балъголъи. Гьезул кIал щвана росдал гIумруялдеги жидерго хъизаназдеги. АхIмадил гIаданлъиялъул кIодолъи лъараб, гьесул ракIалъул бацIцIалъиялда, гIатIилъиялда ракIчIараб, жиндие гьес гьабураб гьунаралъул кIодолъи бичIчIараб мехалда, Сурхай АхIмадидасан нечана. Жиндир рекIелъ гьесдехун букIараб рокьукълъи, квешал пикраби гьанжеги гьесдаги рихьулел ругеб гIадаб сурат цебе чIун, гьесул чорхода сири бана. Гьанже гьесие АхIмад ракI-ракIалъго вокьана, сундасаго тIаса лъугьана.

Жиндир рекIелъ лъугьараб гьеб кIудияб хиса-баси АхIмадида лъазабизе бокьун, Сурхайица, къан ккун, гьесул квер босана. Бидул макъар къарал цIororал кIутIби гьесул кIалалда цузарун лъабго нухалда тIатIалаго убачги гьабун, гьес абуна: «АхIмад, жакъа къоялдаса нахъе мун вуго дир кIудияв вац, ГIусман вуго дир гьитIинав вац, ХIапизатги йиго дир тIул бикьарай яц. Дуда цевесан хвечIого гали нахъе босани, дие хIарамлъаги эбелалъул хахараб рахь», - абун.

Бакъанидехун гьава хисана: буран багъарана, зодисан балебищ бугеб, гIодоса босунищ хьвагIулеб бугебали лъалареб куцалда гьороца рахъ-рахъалде балеб гIазуца гьабуна, анцIго галул манзилалда вугев чиги вихьизе кIвеларедухъ, дунялги рукIкIине. КIиявго гьалмагъасе щвана дагьа-макъабго гъеж-квер гьанкIизабизе, хьибил кьуризабизе. АхIмадида ракIалде ккана, гьеб бецIлъудаса пайда босун, гьениса нахъе рорчIун лъикIилан. АхIмад хIинкъун вукIана къасилъагIан гьенирго хутIани, нахъеги дунялги роцIцIун, немцазул ракетазул канлъукь нахъе рорчIизе кIунгутIизе гурилан, ялъуни гьел тIаде

рачIине гурилан. БукIаниги, гьеб пикру рехxун тезе ккана: Сурхайил хIетIе, сукIизе кIоларедухъ, дугъдан гьорон букIана. Живго гьевги цIакъго хIал дагьлъун лъугьун вукIана. Нагагь лъутизе ккани, вахъун чIун гали босизе Сурхайида кIунгутIи якъинлъана. ЯхI гьабизе ккана къасилъизегIан.

Гьеб заманалда гьоркьоб АхIмадил рекIелъе кIанцIана цоги батIияб пикру: гьев ургъана кIиявго пулеметчиги плен гьавун вачине. Амма гьесие Сурхайидаса щибго кумек щвезехъин букIинчIо. ТIадежоялъеги, пулеметчагIазулгун иш тIубазе лъугьани, гьев гъоркь хутIиялдаги хIинкъи букIана. АхIмад ургъана пулеметчагIи жинцаго цохIо пленлъун росиялъе планазе. ЦIакъго гIинчIван гьев гIенеккана гьезул гаргаралъухъ, гIаздада тIад гьезул хIатIазул бахъунеб къишиялъухъ. Цо-цо мехалда цIакъго баянго гьезул гара-чIвари рагIаниги, гьелдасан гьеда щибниги жо бичIчIулароан: ингилис мацIалъе лъикIго мадар гьабулев гьесда немец мацIалъул щибниги жо лъаларoан, амма гара-чIвариялъул гьаркьил батIалъи хIисабалде босун, гьесда лъазе кIвана гьенив кIиго чи гу-рони гьечIолъи.

Къасиялде буран багъарана. Мех-мехалда риччалел ракетаз канлъи гьабуниги, анцIго-анцIила щуго галиялъ рикIкIад вугев чиги вихьулеб хIал букIинчIо. АхIмадица хехлъи гьабуна Сурхай рикIкIадегIан щвезавизе. Живго хъурщизавунги, мех-мехалда гъеж ккун жинцаго хадув цIанги, хIалил мададалъ вачун, гьес гьев кIинусго-лъабнусго галул манзилалъ рикIкIаде щвезавуна. ТIокIав лъалхъичIого, гьебго къагIидаялда хъурщун, живгоги пулеметалъул рукIел бугеб бакIалде тIад вуссана. Гьенибе ункъо-щуго метр хутIараб бакIалде щун гIенеккидал, гьасда гьениб щибго хIухь-махь батичIо. ХIапаро гIадин шурун, цо-цо рокьоялъ цевегIан къан гIенеккун, гьев щвана пулеметалда цузе битIахъего кIиго-лъабго галул манзил хутIараб бакIалде. Гьениб гьесул гIинда чIвана бухьун гьабураб къваридаб гвандинив кьижун ккарав пулеметчиясул сванхиялъул гьар-акь. ГьебсагIаталда гьес хIадурлъи гьабуна: тIасаги бахъун, жемун къвалакь ккуна бозил халгIат. Гарбида бан автоматгун, къубуралъул тIамачги жанибехун чIвазабун, хIадур гьабуна къвалакь бараб таманча. Сверухълъиялде лъикI гIинчIван гIенеккизеги гIенеккун гьев, гIонкIкIода кету гIадин, немцасда къабукъун тIад речIчIана. Цо параялъ ботIрода халгIатги жемун, гьес тушманасул хIухь къотIизабуна. АхIмад тIаса рехизе, гьесда гъоркьа нахъе ворчIизе кигIан къеркьаниги, гьелъие немцасул жигар гIечIо. Гьар-акь борчIиларедухъ, дугъдазабун бухьун кIалгун, гьединго щула гьарун кверaлгун, жин-дирго пулеметги жиндаго баччизабун, АхIмадица немцав цеве къотIана. Гъванщида цуза-бун таманчагун вачун гьевгун, гIемер кватIилалде гьев Сурхайида тIаде щвана.

— Гьале, Сурхай, мун рекIине хIамаги бачун вачIун вуго дун, тIаде ворха, - ян абун, АхIмадица гура-шурун гIаздалъ вугев Сурхай тIаде ворхизавуна. Немцас баччун букIараб пулеметги жиндирго гъажалда бан, Сурхайги гьесул мугъалда рекIинавун, АхIмадица це-вехун валагьун хазабуна.

Гьоркьоса къотIичIого ракетал риччан сверухълъиго къалъ-къалъизе гьабулеб букIаниги, гIазул бураналъул бецIлъулъ гьел «кирачагIи» тушбабазда рихьизе рес букIинчIо. Гьезул минометазул, пулеметазул цIидасан хъуй бахъана гIицIго гьел жидерго посталда цере щвараб мехалда. Авлахъалъул

госпиталалдаса кивениги витIизе ккечIого, Сурхай цо чамго къоялдего сахлъун тIаде вахъана. Нахъеги гьев жиндирго ротаялде тIад вуссана ва рагъул майданалъул цересел позициязде ана.

## XIII.

ЦIакъго чара гьечIеб къваригIел кканиги, цеехун Лайлал бакIалде унарей йикIарай ГIашура гьанже щибаб къоялъ радалги къасиги гьение хьвадизе лъугьун йикIана. Цоцазда цузарун бутIрулгин гьел кIиялго гIемер гунгудулаан, щурщудулаан, гIемер эргъолаан. Лайладехун ГIашура гаргадулей йикIана АхIмадие ХIапизат гьарулеб мехалдаги би-цинчIеб, цIакъго хIелараб, гьелъул рекIелъ рекъолеб гьуинаб мацIалдалъун. Гьелъ абулеб букIана гьитIинав АхIмад бестIаллъун хутIизе гурилан хIинкъун йигинги, ГIусманица гьесие эменлъи гьабизе къваригIун бугиланги, къваригIел гьечIел чагIигун данд чIвалевин гьеван хIинкъун йигиланги. ГIашурада лъикI лъалаан, ГIусманица ячуней йигони, ХIапизат цоги лъиениги кьезе Лайлае бокьилареблъи, гьеб иш рагIалде бахъизабизе гье-лъиеги дагьабги бокьилеблъи. Амма ГIашурае къваригIун букIана хехлъи гьабизе, Лайлалазде цоги чагIи хьвадизе лъугьиналде ХIапизатил кIалги итизабун, гьелъул эбел-инсухъа щулияб рагIи босизе.

ГIусманицаги ХIапизатицаги Сурхай гьоболлъухъ ахIараб сордоялъ ГIашурада дагьабги цIикIун ургъел чIвана, гьелда макьу щвечIо. Гьелъие захIмалъана гьанже гьев дагьа-дагьавккун тIаде-гъоркье ваккизе лъугьунев вукIин. «Алъул ахир лъикIаб кколарин» абун ракIалде ккун, сордоялъ эргъелей йигей гьелъие гьанже аскIовехун вегун вугев ГIисадехун ургъел бикьиялъулги пайда букIинчIо: ГIисаца жиндирго рагIи абун букIана, гьелдаса гьев нахъ вуссунаревлъи лъалаан.

Радал яхъун, гIунтIун гIансагун, ГIашура Лайлахъе ана. КIиялго цадахъ ургъун, гьезул гIакълу цолъана ХIапизатида тIаде гьелъул рекIелай, Лайлал нус СагIадат тIамизе. ХIапизатги СагIадатги рукIана кIудиял гьудулзаби. Гьезул букIунароан цоцазда бицунареб, балъго гьабулеб жо.

— Гьание ячIая, дир яс, гIодой чIа, жакъа нижее мун батIаго цIакъ къваригIун йиго, дуда бицунареб жо нижер букIунаро, - ян абун ГIашураца жиндаго хьолбохъ гIодой чIезаюна гьез бицунеб жо жиндасан балъго гьабулеб бугеб гIадин ракIалде ккун, гьезде аскIоего къачIого, рукъ бацIцIад гьабулей йикIарай, Лайлаца гьаракь гьабурабго екерун ячIун цее эхетарай СагIадат.
— Нижеца мун ахIун йиго, дир яс, нижедаго ракIалда бугеб жоялъул дудехунги ургъел бикьизе. Нижее бокьун гьечIо гьагьав нилъерго гьитIинав АхIмад бестIаллъизе, къваригIун буго ГIусманица гъосие эменлъи гьабизе, - ян абун ГIашураца СагIадатиеги бицана жинцаго ургъанщинаб ва Лайлаеги чанго нухалда цIалкIанщинаб жо. Гьелъ бицанщинаб жо ритIухъ гьабун, жиндийги гьеб иш бокьун букIин лъазабун гаргадана Лайлаги.

— ЦIакъ лъикI буго, дир эбел ГIашура, гьедин гьабизеги ккола, - ян абуна СагIадатица херазда ракIалде ккараб жоялда рекIелъанго цIакъго тамашалъи гьабуниги. - Нилъеца гьеб иш тIубачIого теларо.

— Гьагъай цо Залмул макруялдасаги хІинкъун йиго, дир яс, - ан абуна ГІашураца Лайла рокъоехун яхъун арайго, гьелда хадуйги ялагьун, гьелдасан балъго гьабулеб гІадинан. - Цебехунги гьагъалъ гьабизе нахъе жо течІо, дудаги лъаларей гІадан гуро, сундасаго нахъе къаларей чІужу йиго. Гьанже гъолъул василан вугев жоги вачІун вугелъул, гъой гІенеккун чІезе гьечІо.

ГІашурада лъалаан СагІадатиеги Сурхай вокьуларевлъи. Гьелъул вац Сулейманица ячуней гІадан жинца ячинеян тІад вахъун, гьезиеги гьес лъикІаланго рекІелбакъвай гьабун букІана, СагІадатидаги гьеб кІочонароан.

—Гьелъие бокьухъе иш ккезе нилъеца кин гьабунги теларо, дир эбел ГІашура, ме-тер дунги ХІапизатги рецаризе харибакІалде ине руго. Метерго дица долъие гьелъул бакка-бахъи гьабила, - ян абуна СагІадатица, гьелъул мурад тІубазабизе кІвеялда цІакъго щаклъун йикІаниги. Амма СагІадатил ракІалъ щулияб куцалда хІукму къотІана, ГІусма-ние инчІониги, ХІапизат, шиб гьабунги, Сурхайие инегІаги тунгутІиялъе.

* * *

ХІапизатги СагІадатги рецарулеб ссан букІана росуги росдал кинабго мегъги хъати-ниб лъураб гІадин бихьулеб борхатаб парсиниб, тІаса гІодоре ралагьани, бер биххулеб, гІасияб кьурул рачлида. Церехун гьей кІияйго магъилъ кирехун ругониги, лъачІого хутІулароан. ГІенеккаразул ракІал тирхизарулел гьезул кочІол бакънал рагІулареб бакІ магъилъ жаниб кибехунго букІунароан. Гьеб къоялъги гьел жалго ругеб бакІалъул борхалъиялъ лъидаго рихьулел рукІана, амма гьезул гьаракь-бакъан лъиданиги рагІулеб букІинчІо. АхІмадихъ бараб чІегІер бахъизе ракІалдацин гьечІей ХІапизатилги, гьелъул хъатир цІунун жеги чараб ретІелцин тІад ретІичІей СагІадатилги щокъроса жеги кочІол гьаракь къватІибе баккизе рес букІинчІо.

ХІапизатилги СагІадатилги гуребги, гьеб риияль росдал тІолабго магъилъ кибехун-ниги кочІол бакъан рагІулеб букІинчІо. МугІрузда, кьурабазда багъун мех-мехалда гІинда чІвалеб, рикІкІадаса бачІунеб гІарадабазул гъугъаб гьаркьица киназулго гІундул гъугълъизарун рукІана: рагъ щун букІана Дагъистаналъул рагьде - Моздокалде, Орджоникидзеялде. ЛъарагІлъиялдехун араз росун рачІунел рукІана цІоб тІагІарал тушбабаздаса лъутун бачІунеб халкъалъул ракІ унтулел хабарал. Росдада жанивго вукІинчІо велъун кІал бичІулев, кочІохъ гІенеккизе, рекІелгъей гьабизе ракІ билълъунев чи. Рагъде чи инчІеб рукъ нагагьги букІинчІо, кагъат-хабар тІагІарал гІемер рукІана, АхІмадилалда хадубги кІиго-лъабгониги сахал гІолохъабазул магІу бахъун букІана. Росулъ хутІун рукІинчІо, херал-бецсалниги, ругъун щун сакъатлъи ккун рагъдасан руссаралниги гурони, иш бажарулел бихьинал. Рагъде инчІого хутІарал, ригь арал бихьиналги гІолохъанал руччабиги ун рукІана тушбабазе нух къазе—окопал рухъизе, щулалъаби гьаризе. ХутІаралги регІизе толел рукІинчІо хІалуцун тІад чІвараб хІалтІуца. ХІалтІизе кколел рукІана кІиго-лъабго нухалъ цІикІкІун.

Гьединаб хІалалда гьоркьоб кІияйго гьудулалъ гьеб къо биччана жидедаго рагІараб-тарабги бицун, АхІмадиде ва Сулейманиде гьарурал магІаби, кучІдулги гІисинаб бакъаналъ жидецаго жидеего рикІкІунаго.

СагIадатида ракIалда букIана ГIашурацаги Лайлацаги тIад къараб хъулухъ гьеб къоялъ тIубазе, цIияб ригьиналъул хIакъалъулъ ХIапизатие бакка-бахъи гьабизе. Гьеб къоялъ гьабулеб гьелъул кинабго гара-чIвари букIана гьеб мурадалъе гъоркь-бакI къачIаялде буссараб.

- Нилъер ГIалил Шамайица росу бахинехъин букIин рагIарабищ, ХIапизат, эбел хвадие цо гIоркьилав щолев рагIулагурищ, гьудул, - ан абуна СагIадатица, ссанул цо хIарккелалда гIодойги  кIусун, хъандироялда бахъизе бахкенги кодобе босун, гьелъул хIакъалъулъ ХIапизатида ракIалда бугеб жо лъазе лъикI кIвар кьун гъоркьанго гьелъухъги ялагьун.

СагIадатие жаваб кьелалде ХIапизат, цо гIеркъида тIад хъандироги чIван, гьелда аскIой гIодой чIана, гьуршун рачIарал жиндирго гъалал ракIа-рахаризе, данде рачун кьурун, гъванщида нахъа гьезул гIомо гьабизе лъугьана. ХIапизатие бокьичIо Шамайил цIар бахъизего: цо рахъалдасан, гьей йикIана ХIапизатил цеесей гIагарай гIадан—яцгIалалъул яс, цоги рахъалдасанги, гьелъул рагъа-ракариялъ цебегоялдаса нахъего ХIапизатил гьелде кутакалда ццим бахъун букIана. ТIадежоялъеги, АхIмадица ХIапизат ячиналде гьей, гьесие жийго ине бокьун ГIисалаздаги ГIамирилаздаги гьоркьор мацIал гьаризеги лъугьун йикIана.

ХIапизатица тIад рагIи чIвазабун, гьеб хабар гьоркьоб къинабизе гурилан, гьелъ щибиланниги абилалде нахъеги СагIадатица тIад базабуна:

—ДудехунгIаги ургъел бикьиго гьабун букIинчIебищ, йо, гъолъ, дур эбелалдани гьелъул жакъалъизегIанги хабарцин рагIун гьечIоанин?

— Росуго суризабураб гьеб гважул ургъел бикьиги, гьелъулгун гIагарлъи-божилъигийищ, гьудул, дие къваригIун бугеб, СагIадат, - ан абуна ХIапизатица, букIкIинабун гьумергун гьелдехунги юссун. - Гьединал нич бахъарал хъублъабаздаса дир ракIбуссуна.. ТалихI буго батIияб росулъегIаги уней йикIин. Гьенибги хIебтIулеб махIце-лиш гьеб бугеб? ГIемер кватIичIого гьенибги махI бахъина, тIад юссун ячIина.

ХIапизатил ццим бахъараб гIицIго гьей жиндирго гIагарай гIаданлъун йикIинал-далъун батилин абун ракIалде ккараблъун бихьизабун, гьей кIалъан лъугIизегIанго чIечIого, СагIадатица нахъеги:

— Росасе ин гIайибищ, гьудулай, бугеб, росасул хабар бачIун магIу бахъунги гIезегIан мех бугелъул! БетIербахъи къварилъун, чара къосун йикIун ятила, - ян абуна.

— Росасул хабар бачIиналдеги лъикIал хабаралищ, йочIурай, гьелъ рахъинарурал! БетIербахъи къварилъун йикIарай ятани, гьагъаб лага-махьагин бегьа-бегьаразулъуй яккун гьелгьедилей йикIинчIого, гьугъуле гьугъуй Мусал Нуцалай гIадин щай хIалтIичIей? ГьугъудинаЙ йикIине ккола чIужугIадан. Жал данделъараб къоялдаса нахъего Мусалги Нуцалалъулги рагIи данде кколеб букIинчIо, жакъа ратIалъила, метер риххила абураб хIалалда рукIана. Муса армиялде ана гурищ - кинабго лъугIана. Нуцалалда бичIчIун буго жиндир рос киве ун вугев, лъида цевеса ва лъие гIоло гьев вагьулев вугевали.

Квер-квер гIадаб лъабго лъимерги хьихьун, Нуцалай, къасилъи-къадлъи лъачIого, хIалтIана, руччабаз гьабулебги гьабуна, бихьиназ гьабулебги гъоркь течIо. Жиндийго кьураб ракьул бутIа Нуцалалъ лъицагоялдаса лъикI

хIалтIизабуна. Гъолъул хуриб гIадаб хIалигъараб хIалухъен исана магъилъ жанибго гьечIо. ГьанжелъизегIанго колхозалъеги гьарун рагIула кIинусидаги хадур захIматкъоял. Росасда хадубги битIун буго, къваригIанщинабги жаниб лъун, лъабго посылка. КигIан къваридаб, чара къосараб къоялъги гьолъ рокъоса къайи-матахIалъул щибниги жо бичун гьечIо. Мусал ретIел-къайи, хазина гIадин, гъансинибги лъун цIунун буго. Шамайин абулей гьугъуй къватIулалъин абуни, ГIали армиялде аравго гьесул сагIатги бичун, жиндиего туфлаби росана, ГIалил тIагъурги бичун, шал босун тIад чIвана. Жиндирго чорхоеги чохьоеги гIоло гьабизе жойищ гьелъ тараб!

Жиндаго ракIалда бугеб жо цебе рехизе Шамайил харбидалъун санагIат ккунгутIи бичIчIарай СагIадатида цоги батIияб рахъалдасан гара-чIвари гьабизе ракIалде ккана. Къайиялде аскIое ун, босун гунзаригун ячIун, ХIапизатиеги кьун, жинцагоги гьекъон лъимгун, дагьаб мехалъ лъалхъи гьабун хадуб, СагIадатица абуна:

— Гъоб цо сураталда щиб дуца гьабураб, ХIапизат, хвезабичIого бугебищ?

— Кинаб сурат дуца абулеб? - абун, цойдасанго тIуркIун ячIана ХIапизат, тIад бидул дангъваби ругеб, АхIмадилги жиндирги суратдай алъ абулеб, алда аб кисандай лъараб абун ракIалде ккун.

— Гъоб цо сурат букIинчIищха, йо, цо берцинай гIаданги аскIой чIун бахъараб АхIмадил сурат.

— Гьеб щай, гьудул, дица хвезабулеб? - абун ХIапизатил гьанже ракI гIодобе биччана. - ГьабичIо валлагь, месед гIадин цIунун буго.

— Гьой гIаданго щийдай, гьудул? Щакъго берцинай жоги йихьула. Лъухьун лъураб гIадаб мегIерги кьунсрул-бералги битIахъе дурилан ккола. ТIогьиса бегIерлъи гурони, мегIералъул батIа бахъизе лъалеб бакIцини гьечIо. Гьолъие вокьунгIаги гуревдай ав вукIарав?

— Щиб, гьудул СагIадат, лъалеб. Элъие эвги вокьун вукIун ватизе бегьула, эсие эй-ги. Боркьараб цIадулъ, кьера-кьераб гIакъубадулъ ругел чагIаз рекIелгъей сундалъун гьабуниги, гIайиб гьабизе бакIищ бугеб!.. АнцIго лъадиги ячун вачIани кIваричIоан, чIаго тIад вуссарав ани... Сурхайица дие гьей гIадан щиялиги, гьеб сурат бахъи кинан ккарабалиги баянго бицана. Гьанжеялдаса хадуб дица гъоб сурат дагьабги лъикIго цIунизе буго.

— Нахъеги дуда кIалъа-басазе Сурхай вихьаравищ, ХIапизат?

— Щай вихьуларев, сон релъедал сордо бащалъизегIан нижер бакIалда вукIун, АхIмадги живгоги лъукъиялъулги кинабго кканщинаб жоги бицун гурищ эв арав,— абун ХIапизатица гьеб сордоялъ жиндаго рагIанщинаб жо бицунеб мехалда, СагIадатида ракIалде ккана ГIашура хехдариялда гIайиб гьечIеб букIун бугилан.

— Гъосда ракIалда бугеб жоги рагIун батилаха дуда,— ян абуна цеве додигIан риха-рав вукIарав Сурхайидехун гьанже ХIапизатил лъикIаланго божилъи лъугьун букIиналда тамашалъи гьабурай СагIадатица.

— Щибдай, йо, эсда ракIалда бугеб? - абун хехлъи гьабун гьикъана, щаяли, гьеб рагIи дагьаб рекIеда зинкIкIараб гIадин лъугьарай ХIапизатица.

— Гьагъав Ахкубег вихьуларищ, гьудул, дуда, кивехун вилълъаниги, Сурхайги цадахъ ккун, гьев веэдулев вугев? Гъосул гIадат буго, кинав вугониги,

цо иш билълъунев, цIияв чи росулъе вачIани, ялъуни жинде данде валев чи росулъ лъугьани, сундалъун бугониги гьесул кIалги къазабун, кверде восун, нахъа кинаб бугониги цо багьана батун гьевги, тIокIав данде кIалъаларедухъ, кIичIикье ккезавулеб. Жакъа гьанире харибакIалде нилъ ра-хинаричIониги хурул-боцIул бригадабазухъа гьабун бажаруларого гъоркь хутIунищ рециялъул хIалтIи бугеб? Нилъерго ахазукь гьаризе кколел иргадулал хIалтIаби нилъерго бри-гадаялъул дагьалищ рукIарал?

— Ахкубегил рагъа-ракариги хIалтIиги, СагIадат, нилъеда лъикI лъала, гьелъул би-цине ккеларо. Нилъер колхозалъул магIишат цIакъго гIаркьаххараб, батIи-батIиял рахъазда бухьараб букIин ва гьанже нилъер хIалтIулел чагIи бащадалги росулъ хутIун гьечIолъиги хIисабалде босизе ккола. Цоял руго фронталда, цоял ун руго тушбабазе нухал къазе. Жиб-жиб хIалтIи жиндир гIужда тIобитIизе цоцазе кумек гьабичIони, колхозалъул тIолго магIишатго нахъе ккола. БоцIи гъутаналде унеб, магIарде бахунеб заманалда боцIухъабазе кумек гьабичIони, гIемераб боцIиялъе зарал ккола, жиндир гIужда бецичIони, хharида гIучI къала, гIадада хола. Цогидал хIалтIабиги гьединалго руго. Рецаризе рахъун боцIуе кумек гьабиялдалъун гьабсагIаталда нилъер ахазе кколеб зарал гьечIо. Гьелда дица гIайиб гьабуларо. Дуца дида бице Сурхайида ракIалда бугеб жо щибали.

— Ахкубегги гьевги ургъулел рагIула, гьудул ХIапизат, щиб бугониги цо багьанаял-далъун, кинаб бугониги цо гIайибги гIунтIизабун бригадирлъиялдаса мунги нахъе гьаюн, дур бакIалда бригадирлъунги, цебего гIадин, агротехниклъунги Сурхай тIамизе. Къва-ригIун буго цIодорго чIезе. Дида гьеб бицана цIакъго божарай, гьезул рагъа-ракари, балъголъи лъалей гIаданалъ.

— Сурхай бригадирлъун тIамизе гьечIо, СагIадат, гIемер кватIичIого, Ахкубегги нахъе гьавун, гьесул бакIалда колхозалъул председательлъун ккезе бегьула.

— Бажариладай, гьудул, росулъ рагIи билълъунел чагIиги киналго гъос жиндехун-го руссинарун руго, районалъул бутIрузги гъосул рахъ ккола. ТIадругезда живго берцин вихьизавизе гъосул бугеб махщел дуда лъаларищ? Гьез тIад къараб жо кигIан дагьабниги гъос нахътIамун толаро, «Кьваризабилагури нилъеца», - ян абун, цоги сундухъниги гIинтIамичIого тIубазабула, колхозалъул хун унеб хIалтIиялъул ургъелцин гьабуларо. Жинде данде варав чи гъос, нахъасан бох бан, гIодов речIчIизавула. Дуда бихьулагури, жинда тIасан газеталде хъвадарунин абун, гьугъув пакъир, цояб кверги гIайиблъарав ин-валид ГIисал Абакар, бригадирлъиялдасаги ватIа гьавун, партиялдасаги рехана; бугьтан-чи, мацIихъанан цIарги лъун, нахъе кьабун чIезавун вуго. Абакарица газеталда бахъараб жо кинабго битIараб букIаниги, собраниялда гъосул рахъ кколев чи цониги вахъинчIо. Нилъер ал гIадамазда божун щибго жо гьабизе бегьуларо, гьудул ХIапизат.

— Ахкубегил рахъ кколел дагьа-макъалго чагIи рукIаниги, СагIадат, гьелги, гьесул тIекълъиги лъаларого, гьес гьабулебщинаб жоги ракI-ракIалъго ритIухъ гьабун ругел чагIи гуро. ГIемер кватIичIого гьел киналго гьесде данде разе руго. Колхозалъул магIишат Ахкубегил жиндирго боцIи гуро, гьесиеялда бащад нилъееги гIахьалаб боцIи буго. ГIредседательлъиги гьесие ирсалъе щвараб

жо гуро. Гьесул тIекълъи лъан хадуб районалъги гьесул рахъ кквезе гьечIо. КолхозчагIазда гьанже кинабго бичIчIун буго. Гьевги хисун гьесул бакIалда Сурхай, ялъуни цогияв вищулеб къо рикIкIад гьечIо. ГIисал Абакарги гIемер кватIичIого жиндирго бакIалде ккезе вуго. Элда дур щаклъи ккоге!

— Кинабго эб дуда кисан лъараб, ХIапизат?

— Эб кисан лъарабали нилъеца нахъа бицина, ялъуни дудаго берда бихьила. Гьанже нилъерго хIалтIуде руссинин, - абун, ХIапизат, хъандироги кодоб ккун, тIаде яхъана.

* * *

ХIапизатица гьарулел цIиял хIалтIабазе гIемерал квалквалал кколаан колхозалъул председатель Аххубегидасан. Бищун кIвар бугеб хIалтIи гьабураб мехалдаги гьаб гьадин щай гьабураб, доб додин щай тараб абун гьес багьанаби чIвачIого толароан, пуланаб жо гьабун гьечIилан, гьаризего кколарел жал рихьизарун гIайибал чIвалаан. Цо нухалда колхозалъул ахазул риххарал къадал гьаризе цо-кIиго устар кьеян гьарараб мехалда, гьезие жидейгоги бокьаниги, гьез гьабулеб цоги кIвар бугеб хIалтIиги гьечIониги, гьел риччала-рого гьабизе жо тIагIарай ХIапизат, кумек гьарун, парторганизациялъул секретарь Хирачовасухъе кIанцIун йикIана.

— Дида лъаларо, СагIид, херав Аххубегил жиндийгоги гьечIеб гIакълуялъ нухги бихьизабун, колхозчагIи кигIан мехалъ хIалтIилелали,— ян абуна ХIапизатица секрета-расдехун, жиндирго аслияб хъулухъалъул бицен гьабун лъугIун хадуб. - Гъосухъани нилъер магIишат щибниги цебе тIезабун бажарулеб гьечIо. Ражаб председательлъун вугеб мехалда колхоз лъикIго цебе тIун унеб букIана. Гьанже ас нахъаса нахъе цIалеб буго, кинаб бугониги цIияб хIалтIуда цебе хIетIе лъолеб буго.

— Щиб гьабилеб, ХIапизат, дунги гьаниве вачIиналдего, Ражаб армиялде ун хадуб, цебехунги анцIго соналъниги председательлъи гьабурав, хIалбихьи бугев чийилан, гъов вищун ватана. Гьанже гъосул бакIалда лъезе чи щоларого вуго. Райкомалъ, исполкомалъги абулеб буго председательлъиялъе цоги бажарулев чи валагьеян. Валагьилев киса, иш бажарулевщинав чи армиялде ун вуго, хутIаралги цо-цо кIвар бугеб хъулухъалъ ккун руго.

— Чам соналъ хъулухъ гьабуниги, СагIид, расги лъайго гьечIого бетIерлъи гьабурав чиясда хIалбихьи бугев чийилан абизе бегьиларо. АхIа-чIваркьун хIакимлъиялъул къагIидаялда ракIалде ккара-ккараб гьабизабулев вукIин гурони, жинда лъан, нахъ гIунтIун, планалдалъун гьабулеб жо Аххубегил щибго гьечIо. Колхоз гIадаб кIудияб магIишаталъе бетIерлъи гьабулев чиясе къваригIуна, колхозчагIаздехун гьабулеб балагьиялъе бащалъи бугеб битIараб нух кквей гуребги, батIи-батIияб рахъалда хурхараб лъайги. Гьесда лъазе ккола дагьа-макъабниги хIисабги, бухгалтериялъул ишалги, гьесда ричIчIизе ккола гьаричIого гIоларел агрономлъиялъул тадбиралги. Гьев нахъгIунтIизе ккола боцIи хьихьиялъул ва цогидал ишаздаги. Гьел ишазул цонигиялъе Аххубегил бичIчIи гьечIолъи гуребги, нахъаялде гьев цеве тIеялде хьул гьабизе бакIги гьечIо. Газетал, тIахьал гъос цIалуларо, чанго нухалъ ахIаниги, канлъукъав вугин жив абун багьана батун, председательзабазул курсазде, семинаразде

инчIо, совещанияздеги гъов унаро. Колхозалъул магIишаталъе къваригIун вуго, цIикIараб лъай гьечIониги, лъай босизениги кIолев, пагьму бугев, лебалав, тирияв бетIер.

— КъваригIунни вуго, ХIапизат, - ан абуна СагIидица, велъизеги велъун, - гьединал чагIи кисан ралагьилел, нилъер гьанир гьединал чагIи щал ругел?

— Гьугъуле дуе гьахIанже фронталдаса вачIарав Сурхай, гьугъуле дуе АдухIил Чакар... - абун ХIапизатица чанго гIолохъанчиясда ва чIужугIаданалда цIар чIвана. - Гьазда бугеб багьана щиб? Киналго гьел руго росдал школаги лъугIизабурал, бегIе-бекерал, жидер бажариялде, цере тIеялде хьул гьабизе бегьулел гIадамал.

— Гьев Сурхайил хIакъалъулъ дицаги пикру гьабулеб букIана, ХIапизат, дуда кинан ракIалде кколеб: тIасан рорчIарал жал гьаричIого, берцинго колхозалъул магIишат цебе тIезабун гъосухъа бажариладай?

— Эб щай бажарилареб? Гъос лъугIизабуна нилъер росдал школаги, гъов цIалана агротехникаялъул курсаздаги. Гьанже фронталдаги чанго жо бихьун, гIадлу-низамги бичIчIун букIине ккола, цебеялде данде ккун, гIемерго сабурав, гIодове виччарав чи лъугьун вихьула. Мекъи унев вугони, малълъа-хъвазе ккела. Малълъараб босуларев, цIодорлъи гьечIев чи гуро.

— Гьедин батани, гIемер кватIичIого рищиял рукIине руго, цоги чиясеги ургъе, дунги ургъила. Гьаб хабарги нилъеего те.

## XIV.

Къойил норма бецун лъугIарабго, битIун къалъул гIужалда, цIорораб иццул лълъималъул цIураб гунзариги хьибилалда лъун, кIияйго гьудул, цо борхатаб хьитIалде тIадеги рахун, нахъеги хIухьбахъиялъе гIодор чIана. АхIмадихъ чIегIер баралдаса нахъего тIоцебе гьеб къоялъ тIад чIварал гьезул сурмиял гормендаби гIурул мухъалдасан чIвалеб тамахаб гьороца парпазарулел рукIана. Июлалъул бакъул лагьиялъ роркьизарурал гьезул ракIаздаги гьелъ гьогьен чIвазабулеб букIана. Ризаб махил рохьосан бачIун, борхатаб кьурулъан, чIахIиял накIкIил гъутIбуз бацараб рачлиде чваххулеб гьаракь аскIоб гIадин рагIулеб букIана. Аххаде щвелалде хIурлъун щущан ун, гьаваялдаго лъугIулеб гьелъул тIираби, гьороца хъамун рачIун, цо-цо мехалда ХIапизатилги СагIадатилги гьурмада рещтIунаан. Гванзаб ххарица бацараб, тIогьолъ босараб, гъваридаб кIкIалахъахун чIвалеб гьуинаб тIогьол махIалъ гьезул чорхолъе цIияб рухl, цIияб къуват тIолеб букIана.

МугIрул тIабигIаталъул бечелъиялъ, берцинлъиялъ, къоялда жаниб чанго нухалда хисулеб гьаваялъул батIи-батIиял хIалаз, гIаламатаз ХIапизатилги СагIадатилги гIолохъанал ракIазе жинда-жинда хасал батIи-батIиял асарал гьарулел рукIана. Гьей кIиялъулго хиялаз, эргьерабаз гьезул щибаб цоялъе кьолел рукIана жинди-жиндир ургъалил даражаялда рекъарал кьер-кьерал жавабал. АхIмад ватIалъиялъул ургъалица ХIапизатил рекIеда лъурал ругънал сахлъун рукIинчIел гIадин, гьелъул гьалмагъ СагIадатги цее гIадин рази-ракиго йикIинчIо. Жиндирго гIумруялъулав гьалмагъ, ракI бащадав рос, ХIапизатилги тIул бикьарав вац - Сулейманил кагъат-хабар тIагIиналъ гьелъул рекIелъеги батIи-батIиял хиялал кIанцIулел рукIана.

КIияйго гьудулалъул рекIеде рагIад рехизабулеб букIана, кьурабалъан, парсахъан роржун рачIун, цо рахъалдасан цоги рахъалдехун тIерхьун ун, нахъеги тIела-тIелал лъугьун тIад руссун рачIунел чIегIергъудузул чIиргъи-хъуялъгун кьерхадул бакънал рачунел чара-гъарал кьерхахабазул хехдариялъ. РахIму гьечIел тушбабазул бида росарал квералгун ццидалал ракIал гьезда ракIалде щвезарулел рукIана хIотол бакълъабазда рагIад базабулел, лулби гIадал кваркьабиги гIебеде ритIизарун, кIкIаламухъалда тIад тирулел цIумазул цIоб гьечIел квачIазгун рокьукъал гьаркьаз.

Гьезул пикру жидедехунго цIалеб букIана цого бакIалда чIун гьунарал гьарун гьава ххалел, гьава хисизехьин букIин лъазабун зодихъ кьурдулел гьорогведазул расандиялъ. Гьоркьо-гьоркьоб ХIапизатил ракI нах бахараб гIадин хIеккинабулеб, хIеренлъизабулеб букIана бакътIерхьудасан, рохь рекIарал рорхатал щобалъан рагIулел, живго вихьуларев цIанавехьасул швантIихалъ рачунел кочIол бакъназгун нохъода хутIарасул накабаз.

Мех-мехалда ХIапизатил рукIкIараб рекIеда канлъи чIвазабулаан мугIрузул тIогьисан, тIалабалъан гIодоре чваххун рачIунел тIокIкIарал иццул лълъимазул, матIуялдаса тIад буссун бачIунеб гIадин, бакъде данде гвангъун, рикIкIадасан гьурмада речIулеб кунчI-кунчIиялъ.

БитIахъе тIаса гIодоре ралагьани, хъатиниб лъураб гIадин гьазда бихьулаан рорхатал кьурабаз сверун рачел къараб, гIатIидаб расалъиялда бугеб бецIхъахIилаб мегъги, керчал гъутIбузда гьоркьосан, магъил бакьулъан баккараб жалго рижараб росуги.

КIияйго гIолилалда ратIа рахъизе лъалел рукIана, гьаваялъул гIаламатаз хехдаризарун, цIан ритIарал тIохазда, девуца рохьун гIазухъахI гьарурал гIатIидал рагъабазда гьурщараб ххер, бакъвазе бараб пихъ бакIаризе рортанхъулел, ракълилаб заман букIара-бани, хIалтIуда квер хъваларел рукIарал херал чагIи.

— Жакъа нилъгиялиха, ХIапизат, кIалдиб лъезе пихъ-мичIгIаги босичIого, хьвагIун квералгун рилълъана, бачIого хутIулеб рагъариги гьечIин, тIад цIад речIилалде гьагъаб мочIогIаги бецун лъугIизабизе тIаде рахъинин, - абун СагIадатил кIалдиса къватIибе бачIун лъугIилалде, тIасан гIодое, кьурабалъан эхее ялагьун йикIарай ХIапизатица абуна:

— Гьагъав гъоркьан тIаде вахун вачIунев чи ГIусман вугилан ккола. ГIусман ватани, нилъее пихъ-мичIги босичIого вачIунгутIи лъалеб жо буго.

Дагьабги рагIалдегIан къан тIасан гIодоре ралагьарал кIияздаго, цо кIудияб чIегьги къвалакь ккун, щобилъан тIаде, кьурабалъан эхеде вахун вачIунев ГIусман ватIа вахъизе лъана.

Хъандирабиги кодоре росун гьей кIияйго тIаде рахъунаго гъугъадизе байбихьана. БакътIерхьудасан рачIунел рихьулаан лахIчIегIерал хехал накIкIал. НакIкIил карачелазда гьоркьосан рихьулаан гIодорги зодорги цурал цIадал хIубал. РагIулеб букIана гьорол гIадаб кутакаб дум-думи, гьар-гьарди. Гьелъ бицунеб букIана цо рахъалдехун кутакалда горо балеб букIин.

— Цо рахъалда жакъаги цIороца михир бачунеб бугоха, нилъер анибегIаги щвечIого хутIани лъикIан, сон-церекъадги, бахъун чIараб жо течIого, цо-кIиго росдал мегъ чурхъун лъунилан рагIана,— янги абулаго ХIапизат ецаризе лъугьана.

— Исана гIадаб гьалагаб сонго бихьичIо, нагагьаб къоялъги бачIого хутIулеб гьечIо, цIорол гарал гъорлъа камун цIадги балеб гьечIо. Биял гIемер тIуни, гьаваялъулги гIамал хисулебин абула, гьедингIагийищ лъаларо, - ян абун СагIадатги ецаризе гIодое къулана.

КIияйго гьалмагъалъ цо-кIиго квацIи гьабилалдего бакъул канлъи лъугIана. Цойидасанго данделъун, хехал чIегIернакIкIаз сверухълъиго бацизабуна, маркIачIумехалъ гIадин, дунялго рукIкIун ана. Гьоркьо-гьоркьор цIорол гаралгин чIахIиял щубал тIинкIизе лъугьана. ЦIадул хвалчаби хьвагIулеб гIадин, ххенолел рукIана гьоркьоса къотIичIого пирхулеб пиридал хехал мацIал. ГIундулго рацизарулел рукIана дунялго тIатIала балеб гIадаб, кьурабалъ багъун, дагьабги кутаклъулеб гъугъадиялъ. Хехлъи гьабун нахъе лъутун, кIияйго нохъоде кIанцIизе ккана.

Лълъел тIирабиго гьоркьор гьечIого балеб гороялъ цо минуталде гIодоб бакI хъахIлъизабуна. ЦIулакьодул гарал гIадал цIорол къотIаби нохъода кьерарал гьезул хIатIазукьеги гирун рачIунел рукIана,

Цебе кIанцIун бачIараб цIорол гороги кодобе босун СагIадатица «ГIеботIаса КъурбангIалица абухъего, гьабни битIахъе ТIанусибе адрес хъвараб букIине ккола», - абун махсара гьабуна.

— Зодисан рехулеб щибаб гороялда я ГIеботIе, ялъуни ТIанусибе абун адрес хъван букIуниланищ дос абураб? - абун ХIапизатги дагьайго гьимана. ХIапизатица абурал гьел рагIаби СагIадатицаги гьебсагIат тIаде щварав ГIусмание такрар гьаруна.

— ГIеботI - ТIанусибе базе босун унеб букIараб цIорол къвачIаялъул нухдаго кIал бичун ун. жакъа жундуз кинабго гьеб нилъер гьанибе хьвагIун тун рагIула, - ян абун, ГIусманицаги релъанхъизаруна.

— Нилъни щиб-щибниги бицунел ругин, нилъер магъие щибдай алъ гьабун буго, гъутIбузда пихъго хутIанадай? - абун ХIапизатица абураб мехалда, «Йохъ, жакъа аб нилъер магъида хъвачIо, жиндирго хъвавудасан мугIрузул ракьанккун гIебеде цебехун ана», - ян абун, ГIусманица гьелъул ракI парахат гьабуна.

ГIусман нохъоде щвелалде цIорол тIваркъи дагьлъун, гIисинаб цIад базе лъугьун букIана. Кьурул ракьанда дагьаб мехалда кьеризе, вахчизе щваниги, цIороца ГIусман лъикIго вухун лъун вукIана. ЦIороца бидурихь къунцIизабун, кваранаб кверги бида босун букIана.

ГIусманил кверда би бихьарабго ХIапизатица, хехлъи гьабун жиндирго таргьиниса босун ГIусманил квералда йодги бахун, тIад катанги жемана. Жиндирго бригадаялъул чиясул хъандироялъ, носоца квер къотIани, заз-хъарахъалъ хъарсун би бачIани букIине авлахъалде хIалтIуде унеб мехалда ХIапизатица йодалъул шишаги бацIцIадаб катанги цадахъ босичIого толароан.

ТIаса бахъун кьезабун ГIусманил тIасагурдеги, къанцIцIун лълъимгун, нохъодул кIалтIа, цIад щолареб бакIалда магIида бан, ХIапизатица гьесухъе, жиндаго тIад жемизе жиндирго гормендоги кьуна.

ГӀусманица бачӀараб квенги пихъги цебе бан лъабалго квана-гьекъана. Гьел кванан лъугӀилалде, щущан риххун ун накӀкӀалгун, бухӀун бакъ щвана.

Гъоркьан тӀаде, мугӀрул тӀогьиллъабазде лъутун ун, цересан тӀагӀунел накӀкӀазул бакӀалда бакълъи-къедалда рихьизе лъугьана бакъуца гьаваялде цӀцӀалеб цӀадал лълъималъул - хӀухьлал карачелал. Дагьлъизе, тӀагӀине лъугьана рахъ-рахъалдасан чваххулел рукӀарал иххил лълъимал. БитӀахъе нахъехун рахъалда, ХӀапизатги СагӀадатги рецарулел парсазда дандритӀун ругел хӀотол бакълъазда цере раккизе байбихьи гьабуна цӀадакьа-цӀорокьа тӀурун нохъо-къедалде ракӀарун чӀун рукӀарал гӀачи-бачазул рехьедазгун цӀаназул рехъабаз. Кьурабазда рагъун цоцалъ журан, рикӀкӀадасан рагӀулел рукӀана кӀечӀезарун рачӀалгун, эхеде ритӀун хвенхалгун рахъ-рахъалде роргулел хӀамузул гьагӀигун гӀачивехьасул зурмил гьаркьал.

Заз-хъарахъалда тӀад рещтӀун, тӀела-тӀелал лъугьун цо гъветӀалдаса цогиялде роржун чӀир-чӀидизе, бакънал рачине лъугьана жиде-жидер бусабахъе кӀанцӀун, гьенир-гьанир кьерун рукӀарал гӀисинал хӀанчӀи. БакътӀерхьудехун гъваридаб кӀкӀалахъан чваххулеб гӀазухъахӀаб лъарал рагӀалдаса тӀаде, халича тӀамураб гӀадин тӀогьоца чар гьарурал гӀурабазда кваналел рихьулаан фермаялъул гӀулби. Гьезда сверун лъугьун расандулел рихьулаан рахь рекӀарал таял.

Цо сагӀатгӀанаб заманалъул хӀухьбахъиялдаса хадуб нахъеги мегӀер-гӀалах чӀаголъана. ГӀадамалги хӀайваналгиги жиде-жидер ишазде – цоял хӀалтӀуде, цоял кванде руссана.

Гьеб мехалдаги рикӀкӀадасан рагӀулеб букӀана цо гъугъади, двар-двари. Гьеб букӀана бакъ-баккудехун гороялъ сундаго чухӀи балеб гьаракь. Гьеб гьаракь гъоркьго къинабуна цойдасанго бецӀ-къварилъухъан бахъараб гъвар-гъвари, кьвагь-кьвагьиялъ. Гьебги букӀана бакъбаккудасан бакътӀерхьудехун, рорхатал кьурабазда гьоркьосан бачӀунеб бергьараб иххил хъуй. Гьунун бачӀунеб бакъваяб кӀкӀабгӀица тиризарун рачун унел рукӀана рукъ-рукъ гӀадал тӀалаби, ганчӀал; тӀад разарун рачун рачӀунел рукӀана тунка-тункараб бакӀ тӀезабун кьалбалъанго рахъарал чӀахӀиял гъутӀби.

Цебе ккара-ккараб жо биххизе, тӀезе гьабулеб, щвара-щвараб бакӀ чӀунтизе, шущазе гьабулеб иххил рокьукъаб гьаркьица рекӀее квешаб асар гьабурай, батӀи-батӀиял хиялал ботӀролъ хӀалтӀизе лъугьарай ХӀапизатица, кӀанцӀун тӀадеги яхъун, абуна:

— Гьанже нилъги цӀакъго кватӀулел руго, кинавго чиги хӀалтӀизе лъугьун вугин, нилъецаги хӀалтӀуде байбихьун лъикӀ.

— Нормаги лъугӀун бугелъун, кӀиабизеги биччараб ххарилъе рецаризе лъугьинчӀого, эхере рилълъаян кигӀан ГӀусман гаргаданиги, ХӀапизатги СагӀадатги гьелъие разилъичӀо.

— Цого-цо нормаги лъугӀизабун хӀалтӀудаса ниж кидаго тӀад руссинчӀо, ГӀусман, - ан абуна ХӀапизатица. - Нижее хутӀараб жо буго бащдаб къоялъул нормаялъеги гӀолареб гьагъаб цо мочӀо. Метерги гьелъие гӀоло гьанире рахунелищ рукӀинел? Цо сагӀаталде гьебги лъугӀизабун нижги рачӀина, гьеб биччараб ретӀелги хисизе мунго эхеве а.

Гьезул хъандирабиги лъухьун, ГӀусман, гирун унеб гьорчо гӀадин

кIанцIелаго, кьурабалъа гIодове, чабхил сухъмахъалдаса эхеве ине лъугьана. ТIерхьун унев гьесда хадуйги ялагьун ХIапизатица «Воре, эбелалъда дир АхIмад гIодизе тогеян абе», - ян гьаракь гьабуна.

## XV.

ГIусман ун дагьаб мехалдего, гванзаб ххарилъ, гIенкьелидал ва гIинтIидал хъархъазда гьоркьоб ХIапизатил хъандиро бана гознаялъул бусеналда. Гьениб батана килоялъул цIайиялде бахилареб гIадаб, гьорлъан канлъи бихьулеб, гIазухъахIаб гьацIул чед. КIияйго гIодой чIун гьоцIо кваназе лъугьунаго ХIапизатица абуна:

- ГIусман иналдегIаги батичIеб бихьулищ абги, щибго жоялъул талихIго гьечIев чи вуго эв.

Кванан хутIарал гьацIул къечIалги гIабкIил тIамхилъ жемун нахъе лъун, нахъеги рецаризе лъугьунаго СагIадатица абуна:

— Унгоха, яц ХIапизат, гьагъав ГIусманил рагъа-ракариялъул берцинлъи. Дидагони гьев битIахъе вацилан ккола. Гьардарай гурищ гьагъасул къавулъе ккезесей, гьагъасулгун гIумру бухьинесей гIадан.

— Диргоги рекIелгъей битIахъе гьесде букIуна, гьудул,— абун жаваб кьуна ХIапиза-тица гьелъие. — АхIмадил магIу бахъаралдаса нахъени дие эв батIаго цIакъ хиралъана. АхIмад ракIалде щун ургъел бикьи гьесдехун гьабула. Гьесулгун гара-чIвари гьабураб ме-халда дунялго рагьун уна, АхIмадгун гаргадарай гIадин ккун, тIолго ургъелго тIаса босула. Гьесул недегьлъи-хIеренлъиялъги, гIамал-хасияталъги дунгони гьесдаги хIинкъун йикIуна.

— Живгоги вихьулищ, йо, ватIа вахъизе лъаларедухъ АхIмадида релълъарав вугев. Тохлъукье берчIвараб мехалда гьесдехун пархен бихьун диргони «АхIмад!» - абун гьаракь борчIизе дагьаб хутIула. Дагьавги цIубарав, гъункарав, кIигъажалъаги досдаса дагьав гIебав вукIин гуреб, щибниги батIалъи гьечIо. АхIмад дагьа-макъавго тIере-гъеренав вукIинчIищха, ХIапизат? ВукIана.

— ГIашураги гьебго жо бицуней йикIуна. Гьанже гьелда цоги чи бердаго вихьулев гьечIо. ГIайиб гьабизе бакIгийищха бугеб? ГIун рахъун битIун бер бахилаб гIужалда чанго лъимерги хун, нахъе хутIарав цого-цо вугев вас!

— ГIашурада ракIалда щибдай, гьудул, бугеб? Асие ригьин-цIаялъе ургъулейгIаги гьечIейдай? - илан абуна, ХIапизатица ГIусманил гьабулеб хIурмат-хъатиралъе кинаб магIна кьелебали лъаларого, хIайранлъарай СагIадатица.

— Гьебали киб букIараб жо, яцако!— ян абуна, СагIадатил яцалъ - Меседуцаги чанго нухалда ГIусманил рехсей гьабиги ракIалде щун, гьанже СагIадатицаги асул адигIан бицен гьабулебго щайдайин, азда ракIалде ккараб жо бихьулищан тамашалъарай ХIапизатица. - АхIмадил магIу бахъун лъагIел тIубалалде гьелде регIунищ гьей йигей! Живго эвги элъие киса къабуллъулев! АхIмадил хабар бачIиналдего цо нухалда дица бакка-бахъи гьабураб мехалдаги гьоркье кIанцIизе вахъана. Бида босун ВатIанги, рагьде кIалтIе щун тушманги тун, ригьназде регIунищ нилъ ругелан абун, дир рагIи цебе баккизего течIо. Гьанжеяли гьесде гьелъул цIар бахъунго пайда щиб? Гьосда ракIалда бугеб жо дида лъала, гьосул хиялал батIиял руго!..

— Эсда ракIалда бугеб жого щибдай, ХIапизат, цощинай йокьарай гIадангIаги гурейищ эсул йигей?- абун елъана, гьанжеялдаса санагIатаб заман букIинарилан, ГIашурал ракIалда бугеб жоялъул бакка-бахъи гьабизе хIадурлъулей йикIарай СагIадат.

— Йокьарай гIаданго йигейищ гъосулали лъаларо, эбги букIине бегьулареб жо гуро, - ян абуна, расги лъачIого эсиеги Меседу йокьунгIаги гурейдай йигей абун, рекIелъе щаклъи кIанцIарай ХIапизатица. - Рагъ лъугIарабго жив цIализе инчIого чIеларилан вукIуна. АхIмадица гIемер бициналъищ лъаларо, гъосул цIакъ гъира ккун буго электрикалъул инженерлъун лъугьине. АхIмадица гIемер рехсей гьабулаан магIаруллъиялъул гIоразда, лъаразда электрикалъул станцияби раялъе ругел гIатIидал ресазул, гьелъ магIарулазул яшав кьучIдасанго хисизабизе букIиналъул. Дос абулаан анцIго соналдаса хадуб магIарухъ Ильичил чирахъаз гвангъизабичIеб, чIобого щолеб лълъел къуваталдаса пайда босулареб цониги росу хутIизе гьечIилан.

— ЦIала-къали, гьудул, гьабилин ккани, ригьнаде руссун хадубги бажарулеб жо буго. ТIокIав цIализего цIаличIониги, гьугъув Мусал ГIалидаса бажарараб учительлъи гьабунгIагийищ ГIусманихъа бажарилареб. Нилъерго гьанив цIаларав гурони, цоги кивениги инчIого ГIали, учительлъиги гьабун, хIалхьезегIан гIарацги босун вуго.

— ГьабсагIаталда гIарац щолеб бугин абун, башдаб гIагаларав лъаялъ гуккун чIанани, СагIадат, нахъаялде гъванща хъасизе ккезе буго. Дуда ракIалде кколебищ тIубараб лъай гьечIел учительзабиги, агрономал ва цогидалги цо чанго соналдаса хадуб жидер хъулухъазда хутIилелилан. Киналго гьел хисизе руго тIадегIанаб лъай босун рачIараз. ГIадада гуро гури, гьудул, гIицIго нилъер Дагъистаналдагицин щуго-анлъго институтги, чамго училищаби-техникумалги рагьун ругел. Дир хIисабалда, мунгицин дагьайги цIализе къваригIун йиго.

— Гьанже цIализе лъугьун дир ботIролъе жого инадаяли лъаларо, ХIапизат, гьелъул биценго жибго тезин. ГIашурае мун цIакъго хирияйги йигин, гьудул, гьагъазул къавулъа мунго нахъе ятIалъунгутIиялъе цо нух-рахъгIадаб жо гьабун тани, киндай букIина? - ян абуна СагIадатица квегIаб квералъ данде бачун ккураб харил квацIиялда нахъа база-буралъубго хъандироги ккун, гъоркьехун рахъалда йигей ХIапизатиде битIахъего гьурмадеги ялагьун.

Хъатикь ккураб ххарил квацIигун цойидасанго тIаде йорхун ячIана ХIапизат, билбагIарлъун цIадул цIун гьумергин, СагIадатиде бадиеги къулун, гьей лъикIаланго мехалда щибниги жого абичIого, гьалгъан ялагьун хутIана. «Алъ бицунеб жого щиб, дир хIалбихьулейищ ай йигей?» - абун ракIалде ккун, цо минутгIанаб заманалда жаниб ХIапизатица пикру хIалтIизабуна гIемерго батIи-батIиял рахъаздехун. Гьелъухъ балагьун СагIадатилги хIал хисана, «Алде алъул бакка-бахъи гьабунго щай дие букIараб?» - абун ракIалде ккун, рекIекълъарай гIадин лъугьана.

—СагIадат, дуца бицунеб жоялъул магIнаго щиб? ГIадамазда ракIалде кканиги, гьединаб жо дуда ракIалде ккезе бегьилааницщ? ГIусман дир вац вукIиницщ, йо, дуда лъалареб?! - абун ахIтIана ХIапизат ракI бекараб, загIипабго гьаркьидалъун.— ГIусман вуго дир вац, рагIаницщ дуда? Вац вуго!

— Гьеб гуро, дир гьудул ХIапизат, дунго лъикIай лъугьун дунго ургъун бицунеб рагIи. Дица дудехун гьаб кIалъай гьабуна ГIашуралги дур эбелалъулги гьариялда рекъон, гьезул гьари нахъчIвазе кIвечIого. ГIашурае бокьун буго жидер каву бахинчIого мун жидерго яслъун хутIизайизе, дур эбелги гьелъие разилъун йиго.

— Инсанасе къварилъабазулги къварилъи буго, СагIадат, къварилъи чучизе чи щунгутIи, ургъел бикьизе бегьулев гьудул гьечIолъи, - ян абуна ХIапизатица гьелда хьолбохъ гIодойги чIун. - Гьудул камурав чи нагагьги вукIунаро. Гьудулго гьечIев цого гьодилав вуго лъидехунго рекъоларев гIамалкъос, лъицаго гIамал гьабуларев талихIкъос. Амма гьудул вукIине ккола къварилъабаз къвал бараб къоялъ къо реххулев гурев, къотIносаги бакIарун лъор цIезабулев. РакI бащадав гьудуласдехун къварилъи чучизе щвани, инсан, ургъалил гьир тIаса бикьарав гIадин, вигьа-вичун уна, гьесул рекIее бигьалъи лъугьуна. Дица мун толаан ракI бащадай гьудул-гьалмагълъун, дир букIунароан дудехун бицунареб, дудасан балъго гьабулеб жо. ГIашурацаги эбелалъги дуда тIадкъараб жо гьеб букIараб батани, дуцаго абулеблъун гьабичIого, битIахъего, гьазда ракIалда гьадинаб жо бугилан бицине ккелароанищ? Гьудул-гьалмагъалъул тIоцебесеб налъи буго жиндирго гьудулалъул хIакъалъулъ рагIараб-тараб жо щибго хисизабичIого гьелда бицин.

Гьелдаса хадуб ихтияр буго жинда лъикI бихьараб ГIакълуги гьелъие кьезе.

— БитIараб буго, ХIапизат, дудехун гьелъул бицен гьабизе дир махщел гIечIо, гьелъул тIокIаб бицинчIого тезин, - абуна, хераз тIад къараб хъулухъ тIубазабун, гьезие тIубараб жаваб боси жиндирго налъилъун рикIкIарай СагIадатица. - Дирго ракIалде ккараб жо бицине дуца дие изну кьолеб батани, гьудул, рос хварай гIадан цогиясе инги, лъудби хвараз цогиял рачинги гьанжелъизегIанги ккараб, гьанжеялдаса нахъеги лъугьинесеб, тIолго халкъалъул гIадатлъун батараб нух буго. Кинан бугониги, гIадамазул къваригIел гьечIеб гара-чIвариги, вири-вараги тIагIун букIине, гьанже мунги киехун йикIаниги, цо бакIалда юхьине ккун йиго. Дуца вацлъун рикIкIунев ватаниги, ГIусманги дуда данде хахарав, тIул бикьарав вац гуро. Жакъа вацлъун ватаниги, дир хIисабалда, метер рослъун вукIинеги бегьула.

— ГIела, СагIадат, гьанжеялдаса хадуб тIокIаб дуца дие рос-рукъалъулги ГIусманилги бицине ккеларо. Жегиги дун гьелде регIун гьечIо, жегиги дида АхIмад кIочон гьечIо, дица гьев хваравлъунги рикIкIунаро, гьабсагIатги чIаго вугевлъун хIисаб гьавула. Дица каву бахиналда ГIашура хIинкъун ятани, хIинкъугеян абе, гьез къватIие гьечIого дун гьениса нахъе ине гьечIо. Жегиги дида тIад буго кIудияб намус, дица тIуразарун гьечIо АхIмадил аманаталги васияталги. Гьел тIурачIого дун цоги лъидениги регIуларо, - ян абун, къвалакье кверги бегьун ХIапизатица, тIуртIулаго квергун, къватIибе цIан бачIана гарбидасан жемизабун чIегIераб чалуялда бан щула гьабураб гьитIинабго бухча. Цабзаз тIезабун кунгун кIалги чIалхун, къватIибе бахъун бачIана гьелда жаниб сукI-сукIун къазабун букIараб кIиго кагъат. Гьезул цояб, рагьун, СагIадатихъе кьолаго бек-бекараб гьаркьидалъун ХIапизатица абуна: «Гьале, СагIадат, АхIмадил би!» - абун. Нахъеги цояб кагъатги гьелъухъе кьолаго тIаде жубана: «Гьале, гьудул, жиндирго бица белъараб АхIмадил васиятги.

ГьанжелъизегIан дица гьал кагътал цоги лъиданиги рихьичIо. РакI бацIцIадай гьудуллъун рикIкIун, гьанже дуда рихьулел руго. Дун росасе ина АхIмадил бацIцIадаб би тIурал тушбабазул анцIгоясулниги дирго квералъ, ялъуни дир кумекалдалъун гIодобе тIураб бица ракь буцараб мехалда.

## XVI.

Горо баралдаса нахъего ХIапизатил ракI хIалакун букIана ахазе ва пихъие кIудияб пасалъицин гьабичIодай цIороца абун ракIалде ккун. Заман букIана пихъ чIахIалъараб, бищунго хIинкъи бугеб заман, гъутIбузул карал рукIана, дагьа-макъабго гьури бахъани, горо баниги, тIатIала кколедухъ, пихъил бакIлъиялъ гIодорехун руссун, цIацIцIан инел. ХарибакIалдаса тIад юссарайго ХIапизат, хехлъи гьабун васги хахизавун, магъилъе къватIие яхъана. КIкIалахъе балагьараб кьурул рагIалдасан эхеде бакI-бакIалда ратулел рукIана иххихъ балагьизе, магъил хал гьабизе рачIарал гIадамал. ХIапизат йихьарайго данде векерун вачIун, гьезда гьоркьоса цояс абуна: «АхIмадил ахалъеги кIудияб зарал ккезабун бугоха, ХIапизат, исана ахие лълъим щвеялда щаклъи буго», - абун.

ХIапизатица хехлъи гьабуна ах бихьулеб бакIалде щвезе, жибго гьеб ахикье щвезегIан гьанже нух букIинчIо: кIкIалабахъан чваххулел иххаз гьенире нухал рихxун рукIана. Ахалда дандбитIун бугеб кьурул рагIалде щун гьелда бер чIварабго ХIапизат, цо борхатаб ганчIидеги яхун, мокъокъ гIадин, гIодой чIана. Гьанже гьалда цебе букIана ракI гъанцIулеб сурат: ахикье лълъим бачине АхIмадица рахъизарурал рорхатал цалалги, ссакалги рукIана риххун тIатIала ккун, гъогъол гохIал лъугьун. Гьезда тIасан лъун рукIарал цIулал рогIрал рихьулаан тIасан гIодоре реххун ун, гIурул рагIалде щун. Гьаниб ХIапи-затил беразда цебе чIана тIоцебе гьеб лълъим бахъизе хIалтIулеб заманалъул батIи-батIиял суратал: гIасияб кьурулъ хIалтIулел рукIана къадал устарзаби; гIурул рагIалдаса кьурул ракьанде щвезегIан гъоркьан тIаде халатаб мухъ гьабун чIун, гIагIаялда релъанхъилаго цоцахъе кьун, мадиро гьабун, гамачI бахъулел рихьулаан руччабигун бихьинал. РекIарал гIущтIул, халатал гIоркьазул жаналги кодор ккун, накIкIил чIалаби рикIун, руцIун рогIрал гьарулел рукIана цIулал устарзаби, рицщатал могразде тIадеги гьетIун, цо-цоялда кIи-кIи чи вараб ункъ-ункъ рукьалъ кIкIалабахъа, хьонлъаздаса гIебеде хIадурал рогIрал цIалел гIолохъабазул рагIулаан махсаро-хочIалъул, гъираялъул гьаркьал: «Гьа, гьункьея... цокIалго... цойидасан...» Кьурда рагъулел рукIана цин бихьиназ, цин руччабаз ахIулел роххалилал кучIдузул хIеренал бакънал...

Гьанже щиб бихьулеб? Кинабго гьеб захIмат, гIадада хун, кIалагъоркье речIчIун бу-го! Аб бахъун чIезабилеб кин? Заман буго бищунго хIалуцараб, магъил хIалтIабазул за-ман, ахиеги бищунго лълъим къваригIараб гIуж!..

Гьадинал пикрабалъе тIерхьун ХIапизат йигеб заманалда, ахие ккараб гьеб зарал рагIун, гьелъухъ балагьизе рачIана лъикIаланго чагIи ва, гьездаго гьоркьор, колхозалъул председатель Аххубегги Сурхайги.

— Огьо-гьой, ле, гьаниб лъугьун бугеб кIудияб пасалъи бихьулищ? ЛъагIалидасанги лъугIулареб хIалтIи лъугьинабун буго гури, — ян абуна гьеб бакIалде валагьун бербихха-рав Аххубегица.

— Дуца бицунеб жо щиб? ГIемераб хIалтIийищ гьениб бугеб! ГамачIги цIулги хIа-дураб буго. Цо чамго къоялъ росу бахъани, гъоркь букIахъе ккезабизе кIвелареб хIалтIийищ гьениб бугеб? - анги абун, гьоркьанго ХIапизатиде бер щвезабуна Сурхайица. ХIапизатихъ балагьун гьесда бичIчIана гьелда цIакъго ургъел чIван букIин. Гьесие бокьана, цо рахъалдасан, гьелъул ургъел тIаса бикьизабизе, цоги рахъалдасанги, живго гьелъул рахъ кколев чилъун вукIин гьелда бичIчIизабизе, гьелда живго лъикI вихьизавизе.

— Гьелде регIунищ гьанже ругел! Жеги реци лъугIун гьечIо, тIаде щолеб буго бачIин бакIарулеб заман, пихъ бетIи ва цогидабги. Хасало гьабуни гурони, гьанже нилъер гьеб хIалтIуда квер рекIинаро, - ян абуна нахъеги Аххубегица. Гьесде данде къацандана Сурхайги.

Гьадинал хабаразда гьал ругеб заманалда, жиндирго пикрабазда йикIун гурони, ХIапизатица гьезул цонигиясдехун щибиланниги абичIо. Гьелда лъалаан сезоналъул хIалтIаби гъоркьор хутIиялда, план тIубангутIиялда хIинкъун, гьезда гьоркьоб батIияб хIалтIи чIвазабизе Аххубегие бокьулареблъи. Гьев вукIинчIо гIатIидаб пикруялъул гIадан, гьесухъа бажарулароан цоцазе квалквал ккезе течIого цо чамго хIалтIи цадахъ бачине. Гьеб букIана гьесда колхозалъул магIишат кколеб куцалда цебе тIезабизе кIунгутIи-ялъе ругел гIиллабазул цоябги. Гьанже ХIапизатица мугъчIвай гьабулев чи вукIана гIицIго парторганизациялъул секретарь Хирачов СагIид.

МаркIачIудаса хадуб яхъун, ХIапизат парткомалде ун Хирачовасул кабинеталде лъугьана. Цойидасанго тIаде вахъун, кверги босун, гьес гьелда гIодой чIезе жиндирго гIебаб кIудияб столалда цебе халалъухъе лъураб гьитIинаб столалда нахъа бугеб махмар ккураб тамахаб бакI бихьизабуна. Гьабулеб букIараб жиндирго хIалтIиги цо рахъалдехуи хъурщизабун, живгоги гьелдехун гара-чIвари гьабизе лъугьана. СагIидида цойидасанго бичIчIана ХIапизат кIудияб ургъалилъе ккун ячIун йикIин. Гьелъ гьесие бицана ахие ккун бугеб кIудияб заралалъулги Аххубегица рицарал хьулкъотIизабулел хабаразулги.

— Ахие ккараб къварилъи дидаги къадго рагIун букIана, ХIапизат, амма жакъа гье-ниве валагьизе ине дир регIел ккечIо, - ян абуна ХIапизатица бицунеб хабар лъугIизегIан гIодове виччан гIенеккун вукIарав Хирачовас. - Цо рахъалдасан Аххубегица бицунеб жо-ги битIараб буго: гьаб буго магъил хIалтIаби тIатIала чIвараб, хIалуцараб заман. БукIани-ги, ахие лълъим бахъиги гьединалго хIалтIабазул цояб буго. Лълъим гьечIони, ах чIунтизе буго. Гьелъиеги нилъеца заман батила. Аххубегихъ нилъеца гьанже гIин тIамиларо. Гъосие хутIун руго рикIкIарал къоял. Гьаб анкьида жаниб районалдаса чагIиги рачIун, рищиял гьаризе руго, нилъеца цебехун бицен гьабухъего, гьевги хисизе вуго.

— Нахъеги гъовго вищун течIони, гъосул чукъби-рахьаналги гIемер рукIунин, - абун елъана Хирачовас жиндир мурад тIубазабизехъин букIиналда божун ракI регьарай гIадин лъугьарай ХIапизат.

— Йохъ, вищизе гьечIо, гьанже гъосул хIал киназдаго лъан буго, гъосда колхоз гьанжесел шартIазда рекъон кколеб куцалда цебетIезабизе, ругел ресаздаса пайда босизе кIолеб гьечIо. КъваригIун буго хIисаб кьолеб

докладалдаса хадуб гьарулел тIасанкIалъаязда гьурмахъ балагьичIого критика гьабизе, правлениялъул ругел киналго гIунгутIабиги рихьизарун, нахъаялде гьаризе кколел тадбиралги цIиял хIалтIабиги чIван къотIун цере лъезе.

— Председательлъиялъе кандидатурагIаги лъилха бугеб? Нужоца вихьизавулев чи вугевищ?

— Кандидатал кIиго-лъабго рукIине бегьула. Амма тIоцебесеб буго дуца кьураб Сурхайил кандидатура. Собраниялда гьесда цIар чIвазеги дуда тIад къала.

— Йохъ, СагIид, гьедин бегьиларо, цо чиясе цо хъулухъ гIела, - ян абуна ХIапизатица бахьинаб гьурмадегун гIамиркогIан багIарал тIеренал кIутIбузде гьимиялъул гIаламаталги рехизарун, битIахъего гьесухъги ялагьун. - Дица кьураб кандидатураялда нуж разиял ратани, собраниялда гьесда цIар чIвазеги, гьесул рахъ кквезеги цогиязда тIад къай. ТIасанкIалъаязда дицаги, щибниги нахъе къай гьабичIого, гIахьаллъи гьабила.

— Эб щай, ХIапизат, эдин гьабулеб? Дуцаго кьураб кандидатураялда рекIекълъунгIаги гурейищ мун йигей? - абун, лъикI кIвар кьун, гъоркьанго ХIапизатил гьурмаде бер речIчIизабуна гьелъулги Сурхайилги цебесебго къиссаги ракIалде щун, гьанже гьезул гьоркьоблъи хисундай бугеб абун ракIалде ккарав СагIидица.

- Расги рекIекълъун гьечIо, СагIид, дир рагIи кIилъуларо. ГьабсагIаталда нилъее гьесулалдаса лъикIаб кандидатураги букIунаро. БукIаниги, дида ракIалде ккола собраниялда цеве вахъун цIар чIвазеги, гьесул рахъ ккезеги дагьабги хIурмат бугел чагIазда тIад къани лъикI букIинилан...

НуцIида кIутIулеб гьаракь бахъана. «Лъугьа жаниве!» - абун СагIидица абурабго, рагьун нуцIагун, «Бегьилищ?» - абун, жаниве лъугьун вачIана Сурхай.

— ЦIакъ лъикI бегьила, щай бегьулареб? ВачIа, гIодов чIа, - ян абун, СагIидица гьесда бихьизабуна ХIапизатида данд битIараб рахъалда столалда нахъа лъураб бакI. Сурхай гIодов чIун вахъаравго, ХIапизат, «Лълъим бахъиялъул хIалтIуде кидаха нилъеца байбихьилеб, СагIид? ГIемер кватIани, дора рекьарал овощал бакъуца рухIун хвезе руго», - янги абун, тIаде яхъана.

— Абухъего, ахил иш квешго буго, - ян абуна, СагIидица жаваб кьезегIанго чIечIо-го, Сурхайица, цин гьесдехун, нахъеги, дагьа-макъалго рукIкIинарун лахIчIегIерал бера-зул гургинлъиги бахчизабун, жиндихъ ялагьун чIарай ХIапизатиде берги щвезабун. - Аххубегихъ балагьун иш тани, ахил битIахъе къваригIел лъугIизе буго. Гъос рицунел жалазухъ балагьун дирни битIахъе ццим бахъана...

— Цо анкьидаса кватIиларо, ХIапизат, дуца дурго гIедегIарал иргадулал хIалтIабиги лъугIизаре, лълъим бахъиялъул хIалтIи кинан гIуцIизе ккелебали планги гьабун, къваригIараб-тарабги хIадур гьабе. Гьагъаб нилъецаго бицараб иш лъугIарабго нилъеца хIалтIуде байбихьизе буго.

ХIапизатие кумекалъе дагьабги гаргадизе ракIалда букIаниги, СагIидица

жиндир кIалъай гьоркьоб къотIизабурав Сурхай гьанже «нилъеца бицараб ишан» абураб СагIидил рагIиялда тIад ургъизе лъугьана.

,— Нужое сордо лъикI, - абун ХIапизат нуцIихъа къватIие лъугьунаго, дализе риччан, рохокъотIиялде щварал гьелъул кьурарал гъалазда берги речIчIизабун, гордухъе вилълъунги, кавудахъа къватIие йорчIизегIан гьелда хадувги валагьун, СагIидица Сурхайидехун абуна:

— КигIан талихI бугев чиха АхIмад вукIарав? Щиб талихI бугеседай гьанже гьалъулгун гIумру гьабизе щвела?!..

## XVII.

- Цо къоялъ, къаденахъе, гьабулеб хIалтIи лъугIарабго, Меседул звенолъул гIадамалги тIад руссинарун, ХIапизат жийго цохIо ахикьго чIана. Гьенир гьаризесел хIалтIабазул хIисаб гьабулей йикIарай гьелъул пикру жиндехунго цIана кьурул рагIалда бугеб, битIахъе гIурулъе къулараб цо куракул гъветIалъ. Ролъул гIари гIадаб, тIогьиса бегIераб, аххадаса гIебаб гьеб гIемерал чагIи тIад хIалтIун цIияб соналде гIуцIараб залимаб ёлкаялда релълъунаан. ЯсикIогIан берцинаб гьелъухъ битIун курак барщараб мехалда балагьани, тIасан бер босизе бокьулароан. ГIурччинаб тIамхида гьоркьосан ракка-рал кантIогьилаб куракул къаял, маргъал-якъуталъул гарал гIадин, бакъде данде кенчIелел рукIунаан. БацIцIинчIого гIураб букIаниги, гьоцIо гIемераб, лълъим хIалаб гьелъул чIахIияб курак колхозчагIаз ахбазаналдасаги тIокI гьабун жидейго кваназе хъамихъул гьабун босун унаан. Кинабго бакIаризе щолеб бугони, гьелъул бахъизе кколаан лъеберго гьегьалдасаги цIикIараб барщараб курак. Амма гьелъул бащадабцин кодобе щолароан, гIурулъе гъун гIадада холаан. ХIапизатида ракIалде ккана дагьа-дагьалккун къотIун, гьелъул гIурулъехун къуларал гIаркьелалги дагълъизарун, ахикьехун ралагьарал, пайда босизе щолезул къуват цIикIинабизе. Жинцаго цадахъ босун букIараб гьитIинаб хъухъадироги кодоб ккун, ХIапизат гъотIоде яхана, байбихьиялъе цо гьитIинабго гIаркьел жинцаго къотIизе лъугьана. Хъухъан лъугIилалдего, чIваркьан гьаракьги бахъун, гьеб гIаркьелги, гьелъ хадуй цIан, ХIапизатги - кIиялго цадахъ тIасан гIодоре реххун ана. ГIурулъе балагьараб кьурул рагIалда, гIагIигIодул ва гIинтIидал хъархъазда тIад речIарай ХIапизат, гьел кквезе хапданиги, хъатикьан рорчIун ун гьелгун, тIасан гIодое реххун ана. ГIаркьелин абуни, кьурулъан гIодобе гIурулъе бортичIого, хъархъазда бан, гьенибго хутIана...

Жиндирго къваригIелалъ ГIисалазулъуе щварай Лайлада ХIапизат тIад юссун ятичIо. Къадеквенцин босичIого арай гьей жегиги ячIинчIин абуна ГIашураца. АхIмадие недегьал мацIалги рицун, рокъое тIад юссун унаго Меседулазул кавудахъе щварай Лайла, «Меседу, мун кида тIад юссарай? ХIапизат кий тарай?» абун, ахIтIана.

— Доя, ахикьго, тана, Лайла, ахикье щвани, долда тIад юссине лъаларо, - ян жаваб кьуна, екерун рагъирагIалдеги ячIун, Меседуца.

Радал арай ай бакъанимех щолеб заманалдаги тIад юссунарого щиб гьабулей йигей, цо жого гьечIого ай гьадигIан кватIилароанилан ракI цIогьорлъарай Лайла, рокъоего щвечIого, битIахъе ахикьехун ялагьун ана.

Лайлада ХIапизат ахикь ятичIо. Рахъ-рахъалде йортун, «ХIапизат, ва ХIапизат!» - абун кигIан ахIтIаниги, кьурабалъ багъун тIад буссун бачIунеб

жиндирго гьаркьил данде-рижиялъ тун батIияб жоялъ гьелъие жаваб кьечIо.

Лайла тIад юссана, нухда рата-ратаразда ХIапизат данде ккечIищанги цIехолаго. Росулъе щун uIеха-рехей гьабураб мехалдаги, киехунниги ХIапизат ятизе кIвечIо. Гьанже, гIицIго Лайла гурейги, цогидалги хехдаризе лъугьана. Росулъ ХIапизат ятиялдаса хьул къотIарабго, тIоцебе, ГIусман ва гьесдаса хадур, цо-цоккун, кIи-кIиккун, цогидалги ахикьехун ралагьун рекерана. Я ахикь йигони, ялъуни росулъе ячIун йигони гурони, ахикьахун цоги батIияб рахъалде ине ХIапизатие нух букIинчIо - ахил цояб хьибилалдаса гIодобе гIор букIана, цогидал рахъаздасанги рорхатал кьурабаз гьелда сверун сангар къан букIана. Ахикье данделъарал гIадамал рахъ-рахъалде рортана, кьурул нохъабазде, хъитIазде нахъе раккана, кирехунго ахикь свердана. Ахирги кьурул рагIалда, куракул гъотIоде гIагарлъухъ цоясда батана ХIапизатил таргьа-къайи. Кьурул рагIалда чIун бихьана гъотIол бихъараб гIаркьелги. Гьенире рачIа-рачIарал, цин гьалдолеб, кьурабалъ багъулеб бугеб гIурухъ ралагьун, нахъеги цоцазде бер щвезабун, бицине, абизе жо тIагIун, риххун хутIун рукIана. Хъухъан лъугIилалде бихъун ккараб гIаркьел бихьараб мехалда гьезул ракIчIана гьебгун цадахъ йортун, кьурулъан гIодое реххун ун, ХIапизат гIуруца йосун ун ятиялда.

Дагьаб добегIан, гIебеде бачIараб кьурул нодоялдеги ун валагьарав Сурхайида ХIапизат йихьана кьурулъ бугеб мегIели гIадаб цо рачлида чIун. «Хехлъи гьабун гьанире рачIа, йихьулей йиго!» - абун ахIтIана гьев. Рекерун ун ралагьарал гьезда киназдаго йихьана кьурулъан чваххулеб гIазухъахIаб тIокIкIараб иццул хьибилалда гIурччинххарда егун ккарай ХIапизат. Гьеб букIана, буравалъ борлъун кIанцIизабураб гIадин, кьурулъан чваххун бачIунеб лълъеца лъугьинабураб, анцIго метргIанасеб халалъиялда бугеб, милъирщодал бусен гIадин кьурулъ рекIараб, ххергIурчинаб цо тIанкI.

ЦIалкIинисан чваххулеб гIадин, цIала-цIалаххун гIурччинаб ххарилъан ва гIисинаб муцIидалъан бецIцIун гIурулъе чваххулеб тIокIкIараб лълъеда тIерхьине гIагарараб бакъуца букIана кьера-кьерал лъугьинарун. Ццидалаб къагIидаялда цо рахъалда бугеб кьурда тункун, нахъеги цояб рахъалда ругел нохъазда жанир цоцалъ речIчIун, рагъилел ругел карачелазул тIирабаз букIана, берераби, хIорсвераби лъугьун гьалделеб бугеб гIоралда тIад накIкI лъезабун.

ГIурул хъуялъ аскIов вугев чиясдаги гьаракь рагIулеб хIал гьечIониги, цо-цояз къасд гьабулеб букIана ХIапизатиде ахIдезе. Амма цогидал гIакълу цIикIараз, гьелги гIенеккун чIезарун, хехлъи гьабун росулъе цо-кIиго гIолохъанчи витIун, гIарщал-кварал рачIинаруна. Бищун щулиял тIаса рищун цоцазда рацIцIун, кьурулъе балагьараб гъотIол гIаркьелалда тIасан тиризарун рачун гьелгун, мухIканго бакьулъаги вухьун, ГIусман тIаса гIодове виччана. ГIарщал-кваразул нахъисел кIалалги ккун, гъотIода нахъа щула гьарун чIарал гIадамаз, кьурул цебе бачIараб гIусалда чIарав Сурхайил ишарабазда рекъон, дагьа-дагьабккун гIарщ гIодо-гIодобе биччалеб букIана.

ХIапизат чIаго ятана, амма лъавуда йикIинчIо. БотIрол тIоноцIалде къараб бакIалдаги кьенсералдаги ругел ругъназдасан бачIараб биялъ рукIана кIаркьабиги габурги багIар гьарун. Берзурукъалда букIана лъикIаланго гIамгIаро бахъун. БетIералда кверги чIван, ГIусман гаргадизе лъугьараб мехалда, ХIапизатица берал ралагьана, гIебеде ритIун бидул цIурал квералгун эхеде йорхизе лъугьуней йикIана. ТIоцебе бер чIварабго гьелда ГIусман

АхIмадилан ракIалде ккана. Сверун ругел кьурабаздаги бер чIван, гIурул кутакаб хъуйги рагIарабго, гьей йихха-чIваркьунги лъугьун, нахъеги лъавудаса ана.

ТIаса ругезде ахIтIон, ГIусманица нахъеги цо-кIиго кварги, буртинаги ва гьездаго цадахъ ХIапизатил таргьаги гъоркье бачIинабуна. Гьесда лъалаан ХIапизатил таргьиниб марлиги йодги букIунеблъи. Иццул лълъималъ биччизабун марлигун, йод бахун рацIцIадги гьарун, ГIусманица ругънал рухьана. Нахъеги гьебго марлиги биччизабун, гьумер-кवералдаса ва габуралдаса биги бацIцIад гьабуна.

ГIусманица тIелхаздаса ва гьурмадаса ва тIелхаздаса би бацIцIунаго ХIапизатица нахъеги берал ралагьана, сварабго гьаркьидалъун «АхIмад, нилъ кир ругел?» - ан абуна. «ХIапизат, мун щай тамахлъулей? Дун лъаларищ дуда? Дун вуго ГIусман!» - абун гьес абураб мехалда, ХIапизат, чIваркьун гьесухъги ялагьун, тIаде йорхун ячIана.

— ГIусман, нилъее ккараб щиб? Нилъ кир ругел? – ан абуна ХIапизатица, гьанже лъикIго йигьа-йичарай гIадин лъугьаниги, йихха-хичун рахъ-рахъалдеги ялагьун.

— Щибха ккелеб? Мун кьурулъан гIодое кIанцIун йиго, - ян абун гьимана ГIусман. - Гьеб лъан ахIуд рахъарал гIадамалги руго дора тIаса чIун...

— Мун кивха анив вукIарав?

— Мун тIаде яхъизе доле, гьадал гIарщаздалъун кьурулъан гIодове рещтIана. Гьанже тIадеги гьадаздасахун рахани гурони, нилъее тIокIаб нух гьечIо.

КIийихъе-лъабихъе сукIун буртинагун, ХIапизатги гьелда тIад гIодой чIезаюн, ГIусманица гьелда сверун кварал хьухьун, гьин гIадаб жо ккезабуна ва гьелдехун «Воре, мун щулаго чIа», - янги абун, тIаса ругезде ахIтIон, гьей тIаде цIазаюна. КIиабизе гъоркье биччан бачIараб гIарщидалъун живгоги тIаде ана.

Радал макьидаса йигьарайго, боцIи гъезе кватIундай дун ккарай абун ракIалде ккун, цойидасанго берал ричIун ялагьарай ХIапизатида кваранаб рахъалда хьолбохъ гIодор чIун Наташаги эбелги, квегIаб рахъалдаги ГIашураги Соняги ратана. ХIапизат босной ккарал-даса нахъе гьал ункъалго къасиги къадги ХIапизатил хьолбохъа ратIалъичIо, щибниги цо хъулухъалъ цоял ине ккани, цояз дежурналъи гьабуна.

— Нуж кир рукIарал? Дие лъугьараб щиб? - абун, йиххарай гIадин лъугьун, тIаде йорхизехъин йикIарай ХIапизатида жиндирго чорхол бакIлъи лъана. Надалдаса свериза-бун ботIродаги, кквераздаги марли жемун батана. Кваранаб бохги цIакъго бакIго букIана. Босной егун жинца лъабго сордо-къо бай лъарабго, ХIапизат тамашалъун хутIана. Гьелда ракIалде бачIана гьотIол гIаркьел хъухьалаго жийго гъоркье йортун инги, хъархъазда хапдолеб мехалдаги жийго лъавуда йикIинги. Гьелдаса хадуб ккараб жо лъалеб букIинчIо.

ГIашурацa вачун вачIарав АхIмадида убачалги гьарун, къвалакье вачун, недегьал мацIал рицун, гьевги хахизавулаго, ХIапизатица эбелалда гьарана Чакарги Меседуги ахIейин жинда аскIоре абун.

— Радалго ячIун дуде аскIоеги щун, Чакар, гIедегIун йигилан, жиндирго звеногун цадахъ магъилъе ана, дир яс, Меседу жеги хIалтIуде ун ятилароха, жакъа жеги гьание ячIинчIо, - ян абуна Лайлаца.

— Магъил хIалтIи букIадго Чакар магIарда бакъ чIвазегIан рокъой чIеларо,

дир эбел, Меседу ахIун ячIа, - янги абун, ХIапизатица байбихьана Наташадехун ва Сонядехун гара-чIвари гьабизе.

— Фронталъул щиб хIалдай бугеб, Соня? РакI боххулеб хабарго гьечIебищ?

— Квешго гьечIо, ХIапизат, гитлерилал гIалхулазда нилъер аскараз лъикI михир ба-чунеб буго: нолъ лъазабуна Ленинградалъул фронталъул цо бакIалда ккараб рагъда, лъукъарал ва кквезе щварал малълъичIого, тушбабазул азаридаги хадур чагIи чIванилан. ГIемераб давлаги босун буго. Жакъа радал кьуна Армавиралъул, Кропоткиналъул районазда цIоб гьечIел рагъал ругилан. Гьенир анкьнусидаги хадур гитлерилал гъурун руго, къойидаги хадур танкал ва гIемерал бронемашинабигин автомобилал хвезарун руго.

— Гъов цо немцас хъвараб жо рагIичIебищ, Соня? - абун елъана Наташа.

— Гьа, рагIана, немцазул цо чIварав капитанасухъ батараб книжкаялда хъвараб жо кьолеб букIана, ХIапизат, нолъ. Гьес хъван буго: гIурусалила гIажаибал кьвагьдохъаби ругила, гьезул гIужихъабаз гали цебехун босизе толарила. Гьезул хIинкъунгутIи, бахIарчилъи - гIадан божулеб жо гурилан...

— ГIурусазул хIинкъунгутIи нахъа бихьила эл бидулазда, - янги абун, ХIапизатица Наташада гьикъана:

— Дур дружинаялъул щиб хIал бугеб, Наташа?

— Гьаб жакъа къваригIаниги къватIире лъугьине бегьуледухъ хIадурлъун руго. Шамайги СагIадатгини унтаразе, лъукъаразе хъулухъ гьабиялъе битIахъе фелдшерасдаса нахъе ккеларо...

— Шамайгия?

ХIапизатил рагIи гьоркьоб къотIизабуна, «Дуца ниж хIинкъизарунагури, ХIапизат!» - абун, магIил цIун бералгун, гIебеде ритIун кввералгун ячIун, цойидасанго гьелда тIад хурхун, къварилъахьдизе лъугьарай Меседуца.

— Бакъда ахикь помидор, капуста бухъарабищ, Меседу, лъалъарабищ? «АхIмадил ахикь» бакъ рагIичIогогIаги бугебищ? - абун гьикъана ХIапизатица, жинда аскIов вукIарав гьитIинав АхIмадги кодове вачун, Наташада хьолбохъ гIодой чIарай Меседуда.

— Помидор, капустаги бухъун лъугIизабуна, ХIапизат, тIадежоялъе къадеялде цIадаца биххизабун букIараб кIиябго тIеялъул къадалги рахъинаруна. «АхIмадил ахикь» ражипер бекьараб цо-кIиго кьер дагьаб бакъ рагIараб гIадин лъугьун букIана, гIурухъан гIертIаз лълъим баччун, гьелги лъалъана. Бакъ рагIараб бакI батани, жакъаги гьединго гьабила.

— Вореха, Меседу, цIикIарал руччабазда лълъим баччизабун, гьезие гIакъуба гьабу-ге, ахикьго бигьаял хIалтIабазде тIамун те.

— Дунги Меседул звеноялъул член йиго, ХIапизат, овощал къачIазе дунги колхоз-руччабаздаса нахъе кколаро, - абун, Наташа елъараб мехалда ХIапизат,«Воре, Меседу, Ча-каридаса нахъе ккезе чIоге!», - ян абун гьейги нухда лъун, «Чан къоялдасандай дида тIаде яхъине кIвела?» - ян абун, Наташадехун жиндирго унтиялъул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабизе лъугьана.

## XVIII.

— Жакъа дун нижерго участкаялде ина, эбел, къадеялде, квенги босун, мунги хадуй ячIа, - ян абуна ХIапизатица Лайлада, жиндие магъилъе яхъине Наташаца изну кьураб къоялъ радал. ХIапизатица гьеб къоялъ гьеб бакI тIаса бищун букIана жийго цохIо йикIун ургъизе щолеб, гIадан-чи гьечIеб бакIилан. ТIадежоялъеги, гьеб букIана метер-сезего кIудияб хIалтIи гьабизесеб колхозалъул цIияб ах бихьулеб бакI. Киданиги лъицаниги бекьичIеб гIалхуда, гамачI-гъегъалъул ва заз-хъарахъалъул цIураб гьеб бакI жиндийго участкаялъе кьезабун, АхIмадоица, цогидазеги мисаллъун букIине, гьениб гьабун букIана цIоросаролъги батIи-батIияп культурабиги рекьулеб хур - пастIан.

Хурие щварайго ХIапизатица, жиб-жибалде аскIое щун, киналго культурабазул хал гьабуна: пастIаналда сверун чали къан букIана азали бахъараб, тIор баккараб цIоросаролъалъгун гьоркьо-гьоркьор ругел бакъдебуссалъул ва габанидул гъутIбуз. Гьелда жанибехунисан гIебеде ххергIурччинаб, буччараб цо кьер букIана гIаркьаххараб чIахIияб мочлода жемарал, гургинаб тIамахалъул ва кьера-кьераххарал тIугьдуз чар гьарурал багIаргьалил рачIазул. БагIаргьалида гьоркьор гьединго мочлоде рахарал охцералъул рачIазда, кантIогьилаб тIогьода, гIурччинаб тIанхида гьоркьосан далдалун рихьулаан, лъикIго хал гьабуни гурони, тIамхидасан ратIа рахъизе лъаларел халатккарал, канчIгIурччинал, гIисинал охцерал. Ахха-тIараде щвараб лъабго мухъ букIана хъахIилал, гургинал тIамхаз лъугьинарурал щурмазда жанир хъарпузал гIадал гургинал таргIал лъугьарал капустадул цIун. Гьезул мухъазда гьоркьосан кIи-кIи чIчIва бихьулаан гьанжего гьанже сурмалъизе лъугьараб баклажаналъул. Дагьал дорегIан рихьулаан ххергIурччиналда гьоркьоб билбагIарабги бугеб помидоралъул цIурал, гъоркь чIварал тIилаздехун щула гьарурал рачIал. Жидедаго хасал батIи-батIияп кьералгун рихьулаан ламадур, чIакIултIаналъул ва ражи-пералъул ункъбокIонал къотIелал. Кинабго гьеб чIаголъиялъ ХIапизатил ракI тирхизабуна ва гьелдаго цадахъ АхIмадги ракIалде щвезавуна.

Лълъим хIалаб, цIвак-цIвакараб кIиго охцерги тIун, ХIапизат хурул рагIалда бугеб, гьеб сверухълъиялдаго цохIо гурони гьечIеб, гIечул гъотIода гъоркь гIодой чIана. Хурул хьибилалдасан тIаса гIодобе, гIинтIидул ва санидул хъархъалъе чваххулеб тIокIараб иццул лълъималъул букIана чвал-чвали. Гъабу гIадин, хъархъазда жемарал чIабтIидал рачIал рихьулаан барщиялъ чIегIерлъараб чIабтIидал цIун.

СагIадатгун цадахъ ххарибакIалда йигеб къоялъ гIадин, гьанисан гьелда бихьулеб букIинчIо жиндирго росуги росдал мегъги. Росдадаги гьелдаги гьоркьоб букIана гIебеде бачIараб кIиго щобги, гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб расалъиялда хаслихъеялде боцIуе цIунун, къан чIезабураб гванзаб ххарица бацараб, тIогьолъ босараб сагаги. Гьелъул бакIалда гьанисан ХIапизатида рихьулаан мадугьалихъ бугеб чамго росуги, гьезул мегIер-гIалахги. Гьалъул берда цере рукIана бецIал рохьалгун тIогьолъ росарал мугIрул-щобал. Гьалъул бер щолаан къого-лъеберго километралъул манзилалъ гIурул жаниблъиялдеги.

ТIабигIаталъул кинабго гьаб берцинлъи ХIапизатида кIочана гIор бахун добехун, бакъуца боркьараб кьурул ракьанда бугеб ахидаги рихххун тIатIала ккарал цалазда ва гIурул рагIалда ругел рогIраздаги бер чIвараб мехалда. Гьанже гьалда ракIалде щвана тIолго росуго бахъун мадиро гьабун, гIурул рагIалдаса гамачIги баччун, АхIмадил цевехъанлъиялда гъоркь гьел цалал гьарураб

заман, рахъ-рахъалда ахIулел кочIол бакъназ кIкIал-мухъго зваризабурал роххалилал къоял. Гьелда цебе чIана щибаб къоялъ, АхIмадгун цадахъ ун гьеб ахикь гъутIби рацIцIунел, кIурулел ва лъалъалел рукIараб ракI регьараб заманалъул сурат. Жегиги ахикь ругел гъутIбузеги, рекьарал культурабазеги лълъим гьечIолъиялъул хIал щун, къеч рагIун букIинчIониги, ахикье лълъим бахъиялде бугеб хIалакиялъ, ХIапизатида цебе чIана тIамах гIубиллъарал гъутIбузул, бакъуца рухIун речIарал овощазул сурат. Гьелда ракIалде ккана бухъун, гIери кIутIун гьогьлъиза-бураб ахил чIабаргун гъутIбузукь бакIалгицин ракъдаллъиялъ кьватI-кьватIун ругел гIадин. Гьеб мехалда хIеренаб, гIодобе биччараб гьаркьидалъун ХIапизатица, гьечIев АхIмадиде хитIаб гьабун, жинцаго жиндийго ахIана:

**АхIмад, дур ахикье лълъим бегун бугин,**
**Дирго магIил иххаз лъалъанищ телеб?**
**Гьудул, дур гъутIбузул кьер хисун бугин,**
**Мун гьечIолъи бичIчIун чIегIер банциндай?**

**Баччизе кIолареб гьир тIаде ккедал,**
**Дир гьинал рекIелни хIубал реканин.**
**Дуца рахъун тарал рорхатал цалаз**
**Сужда гьабиялъе сабабго щибдай?**

**ХIасраталъул цIеца боркьараб дир ракI**
**Кьвагь-кьвагьун, бихъ-бихъун ине бегьилин,**
**Гьудул, дур ахалъул гьогьаб чIабарги,**
**Мун тIагIин хIакълъундай, кьватI-кьватIун бугеб?**

**БитIун гIадрил гIужалъ дир рекIел пихъни**
**Саву ккун чIурхIанин, гоганин, гъанин,**
**Роол моцI иналде тIамах гIоблъизе,**
**Дур гъутIбузда чIвараб гьаваго щибдай?**

**АхIмад, дуй гьабураб къотIи биххеян**
**Хабар гIемер буго гIищкъу ккечIезул.**
**Цогияв вокьеян, мун кIочон теян**
**Гаргар баккун буго рокьи ккечIезул.**

ХIапизатил гьалдаса хадур абизесел рагIаби гъоркьго хутIизаруна, «ХIапизат, мун щиб гьабулей йигей, дир яс?» - абун, цIоросаролъул тIамхазул хвачиги бахъинабун, хурул рагIалде яккарай Лайлаца. Охцералъул ва багIаргьалил рачIазда гьоркьое лъугьун, цебегоялдаса нахъего ХIапизатил рагъа-ракариялда хадуб хъаравуллъи ккун, гьелъ рикIкIунел пашманал кочIол рагIабазухъ гIенеккун йикIарай Лайла, анкьго-микьго къоялъ босной егун гьанжего гьанже тIаде яхъарай ХIапизат гIемер мехалъ пикраби- хиялазда тезе бокьичIого, битIахъе гьелде тIаде ана.

— Эбел, мун кигIан хекко ячIарай? – абун, тIаде яхъине лъугьана берцинго жийго жиндего юссун ургъизе квалквал гьабунинха гьанже гьалъ абун

ракIалде ккун, гьей ячIи-него бокьичIей гIадин лъугьарай ХIапизат. ГьебсагIат ХIапизатги гIодой чIезаюн, Лайлаца, помидор ва охцерал разе босараб корзинкаялъуса бахъун, жиндирго таргьил кIал рагьана. ГIурччинххералда тIад гIазухъахIаб кIудияб квербацIги тIибитIун, гъоркь гIабкIил тIамхалги тIамун, гьелда тIад лъуна жеги хинлъилаго ругел нисдалъ пуршабиги урбадул цIураб чинидал суркIаги. Нахъеги таргьиниса бахъун бана жаниса чIегIерлъараб, хIанчIулаго лълъим чваххулеб кантIогьилаб гениги барщиялъ сурмалъараб кокомги. БитIахъе кванaзе лъугьунаго тIасан эхеве, щобилъан гIодове вачIинев вихьана Сурхай.

— Ав саяхъ кивдай анив вукIарав? – ан абуна Лайлаца гьесда бер чIварабго, цIогьораб къагIидаялда ХIапизатил рекIелъе нух бахъизе къасдги гьабулаго.

— Щиб лъалеб, дир эбел, кивехун вугониги, жиндирго къваригIелалъ ун вукIун вачIинев ватила, нилъее гьесул ургъел щиб? – ан абуна ХIапизатицаги, кинан батаниги, жиндие батIалъи гьечIолъи бичIчIизабулеб къагIидаялда.

— ГIодор чIунищ ругел? ХIапизатги тIаде яхъун йигогури? Щулалъи кьеги! - ян ахIана Сурхайица щобил рагIалде, битIахъе гьезда дандбитIараб бакIалде щваравго.

- ГIодор чIун руго, мун киве щварав? - абун къокъаб, цIорорабго жаваб кьуна Лайлаца.

— Дуца гьереси бицунареб букIун буго, Сурхай, битIахъе кванaзехъин рукIана ниж, вачIа гIодов чIезе, - ян, эбелалъул жавабалъул согIлъи хвезабулеб къагIидаялда рази-ракиго кIалъана ХIапизат.

— Оцазе цIам кьезе магIарде ун вукIарав чи, къокъидаб нух бугин абун, гьанисан гIодове вачIунев вукIана дунги, нухго гьечIел бакIаздасан, бахараб ххарилъан гIодове вачIине ккун, гIемер гIакъуба бихьана, - ян абун, лъикIго намуслъарав гIадин, Сурхай, Лайла йигеб рахъалдехун, гъотIол хIохьоде мугъги чIвазабун, гIодов чIана. Гьесул намус биххизабизе гIоло, «Нуж кванaзе лъугьа, дун гьабсагIат ячIина, - янги абун, кодобе босун цо пурщинадул бащалъиги хIанчIулаго ХIапизат, багIаргьалил ва охцеразул рачIазда гьоркьосан кIкIуржун ун, цееса тIагIана.

ГIемер мех балелдего тIад юссун ячIун, цIорораб иццул лълъеца чурун билбагIарал помидоралги гIисинал охцералги Сурхайида цереги ран, ХIапизатги, «Нижер пастIаниб рижарал овощазулги хIалбихье!» - ян абун, кванaзе гIодой чIана.

— Ккун бугеб кIудияб хIалтIи бихьулищха, Сурхай, исана нилъер ахие лълъимго щвеладай? - ян абуна ХIапизатица, тIасан гIодобе, ахикье лълъим бачунел рогIрал ва цалал тIатIала ккараб бакIалдеги ялагьун. Цойидасанго кьурун нахъехун вуссун гIурул жаниблъиялде валагьарав Сурхайица жаваб кьелалде Лайла, «Кидаго хIалтIул ургъалида йикIун гурони, алда цоги жого лъаларогури», - янги абун, жиндирго хъусарулеб газаги кодоб ккун, хIалтIизеян абун, хуриехун лъугьун ана. ХIалтIулеб ххвелги гьабун, гьей, гIемерисеб мехалда, багIаргьалил ва охцералъул рачIазда гьоркьосан ХIапизатилги Сурхайилги рагъа-ракарияЛъул хал ккун йикIана. Гьелда бихьулаан, щакаб къагIидаялда къапезарун бералгин, ХIапизатидехун гаргадулев Сурхайил гьурмада, цин багIарлъун, цин хъахIлъун кьера-кьерал лъугьунел. Гьелъул ракI хIалуцун букIана гьез бицунеб жо рагIуларого ва ХIапизатил гьурмаде бер щоларого.

ХIапизатгун цадахъ гIодов чIун бащдаб сагIатгIанаб мехалъ гара-чIварун ва квана-гьекъон хадуб Сурхай, «Нужое дида гьабизе кIолеб кумек гьечIоха, нужое баркала», - ян ахIун Лайладегин, цIакъго рази-ракияб сураталда тIад вуссун ана.

Сурхай ун хадуб, хъусарилей йигей эбелалъе кумек гьабун чIар бахъизе лъугьарай ХIапизат, дагьаб мехалдего свакван, хIухь бахъиялъе лъалхъизе ккана. Цо корзинкагIанасеб барщараб помидорги бетIун, «Жеги дир жигар гIолеб гьечIо, абел, дун свакана», - янги абун, гьадабго гIечул гъотIокье ун, гIодой чIана. Гьалъие къваригIун букIана лълъим бахъиялъе планазе жийго жиндего юссун ургъизе.

— Цебего гIадин цалал рахъинарун, рогIрал лъундай лъикI?—абун кьуна гьелъ жинцаго жиндийго суал. - Цалал рахъани, нахъеги цо чваххунцIад барабго тIатIала ккезе бегьула, - абун кьуна жинцаго жавабги. - ХIалтIиги цIикIараб буго: анкьица колхоз хIалтIаниги, рагIалде бахъиналда щаклъи буго. Нахъаялде АхIмадица гьабун букIараб планалда рекъон, кьуруги борлъун, къор гьабуни щиб? Гьединал къорал гьарун лълъим бахъарал бакIал магIаруллъиялда гIемерал ругогури! Гьедин гьабуни, бищунго лъикI ккелаан. Амма гьабсагIаталда гьелъиеги рес гьечIо. Иргаялда цо-цо чи хIалтIун гурони, кIиго чи цадахъ къоринив хIалтIизе рес гьечIо. Гьеб буго, ахие лълъимги чIезабун, парахатго гIодоре риччан, ялъуни хасало гьабизе кколеб хIалтIи. Гьанже къваригIун буго хехаб куцалда ахикье лълъим бахъизе.

Гьединаб къагIидаялда батIи-батIиял планазе ургъулаго ХIапизатида ракIалде ккана, цалалго рахъичIого, кьуру борлъун картIал гьарун чIалабиги чIван, гьезда тIасан рогIрал лъезе. Гьеб букIана бищунго дагьал хIалтIухъабаздалъун ва къокъаб заманалда жаниб лъугIулеб хIалтIи. Амма цалал, ялъуни малал гьечIого цIвакараб кьурулъе рахине кIвезе рес букIинчIо. Малал гьаризе кканиги, рогIрал лъолеб бакI цIакъго борхалъуда букIана. ХIапизат ургъана гьеб хIалтIи, квараз рухьун гIодоре гIадамалги риччан, гьабизе. Гьеб пикру рекIелъе кIанцIарабго ХIапизатил тIолго черхалдаго гьаргъар бана, гьелда ракIалде щвана, гIарщацаги юхьун, жийго кьурулъан тIаде цIалеб мех. Балики, гьеб къагIидаялда лълъим бахъизе гьелда ракIалде щвезабурабги жиндиего ккараб гьеб лъугьа-бахъиналъул асаралъ батизе ккола.

Лайлада ракIалда букIана ГIашураца бицунеб жоялъул хIакъалъулъ ХIапизатие гьеб кьоялъ жинцагоги бакка-бахъи гьабизе. БукIаниги, Сурхай вачIиналдалъун рекIелъе кIанцIарал васвасаз гьелда гьеб иш нахътIамун тезабуна. Гьей божичIо, гьениве жив ракIалдаго гьечIого, тухлъукье кканин абураб Сурхайил рагIуда.

*( Хадусеб букIине буго)*

# ТIад тIавап гьабулел мугIрузул цIумаз ЦIунулеб бугилан ккола гьаб тIалъи



**ГIалихIажи МУХIАМАДОВ**

АВАРАЗУЛ ХАСЛЪИ БИЛАРАБ УММАТ,
УМУМУЗУЛ КЪАДРУ ЦIУНИЧIЕБ НАСЛУ

## ДАГЪИСТАН

**Дагъистан - гIагараб мугIрузул улка,**
**ТIабигIат беричеб умумузул ракь,**
**Дур рорхатал мугIрул, дур хехал гIорал,**
**Дур хъудулел рохьал, гIатIидаб ралъад.**

**Кверал меседилал устарзаби дур,**
**Кирго цIар рагIарал гIалимзаби дур,**
**ГIалам хIикмалъулел гьунарчагIи дур,**
**Гъудуллъи щулиял миллаталги дур.**

**Азарил соназул бечедаб тарих,**
**Наслаби чIухIараб бахIарзазул ракь,**
**Биччанте талихIги рекъелги даим**
**Дур захIмат хирияб халкъалъе кьезе.**

## ПИКРАБИ

**Беццаралъул къадру гIодобе ккараб,**
**Къимат тIокIабщинаб квер хьвагIун тараб,**
**Миллаталъул тIалаб тIадчагIаз тараб**
**БачIараб заманалъ бахъараб тату.**

РекIей гIагаразул кьерал мигьлъараб,
Дир гIелбащадазул къадар дагьлъараб,
РекIкIаб агьлуялъул рагIи билълъараб,
Дир хьул буссун буго гIумруялдаса.

Авар мацI лъаларел лъималазул рукъ,
ГIагарлъи кIочарал наслабазул бакI,
Росаби рихьичIел магIарул васал,
МугIрузде бахинчIеб цIияб гIолеб гIел.

Аваразул хаслъи билараб уммат,
Умумузул къадру цIуничIеб наслу,
КъватIисан бачIаралъ кверде росарал,
Росабальги васал – ахирзамана.

Дун, рехъен биларав тохав вехь гIадин,
Нилъалдукь кверги чIван, пикрабалъ вуго.
Нилъей умумуца чанги жо тана,
Нилъеца щиб телеб цIияб гIелалъе?

## ТIАДВУССИНА ДУН

Замана бачIингун нухаз, кверги ккун,
ГIагараб ракьалде вачуна инсан,
Бидулъ бессун бугеб бухьенгун рокьи
Вижараб ракьалде борчIула рекIелъ.

РикIкIад вугониги, къоял гIунтIигун.
Инсул тIалъиялде тIадвуссина дун,
ТIугьдузул халича ххарде рехараб
Хинаб роол къоялъ ссанда кIусизе.

КIудияб дуниял сверун хIалхьечIеб
РекIее бигьалъи бачIина гьениб.
КъватIиб дий сундульго батичIеб тIагIам
Батила гIагараб магIарул росулъ.

Дида цебечIела араб лъимерлъи,
Пикрабаз вачина гIолохъанлъуде, -
Кидаго рукIинин дида кканиги,
Цо лахIзат кинигин, кодоса арал.

ХIанчIида зазида батараб ватIан –
Дие мугIрул каранлъ кверггIанаб росу.
Соназги нухазги рикIкIалъарабгIан,
РекIей гIагарлъулеб тIадмагIаруллъи.

## ТIАГЪУРГИ, ЧУХЪАГИ, ХАНЖАРГИ

МагIарул тIогъроца тIокIлъи босула,
ТIад лъурасул къадру борхизабула,
Бихьинчилъиялъул рачел борчула,
БацIцIадаб ният-къасд рекIелъ тIирщула.

МагIарул чухъица чилъи бижула,
Чиясулъ ничгун яхI борчIизабула.
ВатIаналде рокьи цIикIкIинабула,
ЦIар арал умумул ракIалде щола.

МагIарул хонжроца къадру цIунула,
ЦIарги реццги босун, кIодо гьавула,
ХIалихьалъи, макру тIагIинабула,
ТIад гьеб борчараца чилъи цIунула.

Чухъаги ханжарги тIубан теялъдай,
ТIагъур лъурал гьанже гIемер дагьлъундай,
Къадруги, яхIги, магIарул ничги,
Чучлъун, загIиплъарал цIияб гIелалъул?..

## АБАДИЯБ КЪЕРКЬЕЙ

Хъудула, кьабгIола кьурул гIусалда,
ГIасиял гьаркьалгун, гьалагаб ралъад,
Цинги, аза-азар къатIраби лъугьун,
Щущала, чучула, чваххула нахъе.

РагIал бихьулареб гIатIидаб ралъад
Гучаб къуваталда къеркьолеб буго,
Чармил кьурабазул залимал сиртаз
Гьеб, дандечIей гьабун, квегъулеб буго.

Гьаб нус-нус соназул сунареб къеркьей,
Ракьалда бекьараб кьварараб низам,
Бергьенлъи лъалареб тIабигIияб рагъ,
РагIал-ахир гьечIеб гIумрудул къанун.

## ОГЬ, ГIАДАМИЛ ЛЪИМЕР

Огь, гIадамил лъимер, гIадлу хвараб рухI,
ГIазабги балагьги баччун ругьунаб,
ХIалхьиялда чIезе сабру гIолареб,
Сабруялда чIарал хIалхьун толареб.

Мун ракьалде вачIун рарал мехазул
Рагъги кьалги гьечIеб букIанищ гIасру?
Балагьалъул гъамас къарабищ жеги,
Къуват борцулезул къокълъичIищ читIир?

Огь, гIадамил лъимер, гIадлу хвеялъе
ГIиллаби ратизе дур бугеб гьунар.
Хадуб чIунтанщинаб данде буцIцIизе,
Дуцаго нахъойги чIамулеб гIазаб.

Кидадай лъугIила дур тIолел биял,
Кидадай къотIила къотIулел бутIрул?
МагIу бакъвараб мех бачIинародай,
Рекъелги рахIатги бихьилародай?!

## МАГIАРУХЪ

ХIанчIазул бакъпаца кверде босараб,
Камиллъи, беричлъи тIабигIаталъул,
ТIаса гIодоб чваххун, гIоргун жубалеб
ГIарцул лъарал чили – гьайбатаб сурат.

Гъамилал рохьаца рацарал мугIрул,
Зодор тIогьалги цун, гъапуллъун руго,
ГIурухъ лъимги гьекъон накIкIазул парча
КIкIалахъа эхеде ххарулеб буго.

ТIад тIавап гьабулел мугIрузул цIумаз
ЦIунулеб бугилан ккола гьаб тIалъи.
ТIокIкIарал иццазул матIуялъуса
Беричаб тIабигIат бихьулеб буго.

МугIрузда щущараб гIиязул рехъен
Гьоба аххалъуда бихьулеб росу.
Вехьасул тIилиде тIадеги къулун,
Дун - цо кьурул щобда щвантIих бачунев…

## КЪО ЛЪИКІ, ДАГЪИСТАН

**Таргъу мегІералда тІупун лъураб накІкІ,**
**ГІодизе къачІарал кьерхарал зобал,**
**Гвангъарал чирахъал, хъудулеб гІалам,**
**ГІасиял гьаркьазул гьал самолетал.**

**Дун цІорол гордухъан валагьун вуго**
**ЧІиргъи-хъуй гІемерал хІанчІазул тІелахъ,**
**ТІаде их бачІиндал рохарал гьазий**
**Дир бакІаб ургъалил агъазго гьечІо.**

**Сапарал, шагьарал, халатал нухал,**
**Щивасе Аллагьас бикьараб къисмат,**
**Къоял лъугІизегІан лъугІулареб нух,**
**Ахир батизегІан букІунеб сапар.**

**Дир сапар - халатаб, къо-лъикІ, Дагъистан,**
**Дудаса тІезе дий букІунеб захІмат.**
**Нужги лъикІго рукІа, дир гьудулзаби,**
**Бичас хъван батани, рихьила жеги.**

**Къисматалъ рикІкІаде рачаралщинал,**
**Рокъоре кІочонге нухал кидаги.**
**ГІумру киб аниги, ахираб рещтІен**
**Инсул тІалъиялда батаги нилъер.**



ГIалихIажи
МУХIАМАДОВ

## ВЕХЬАСУЛ ТIИЛ

I.

– КъебедхIажи-даци, мун конторалде ахIулев вуго! – ян ахIана, гIурччинаб лажбар бахараб, тIеренаб хьорщол чалиялда тIасанги ваккун, ичIго-анцIго сон барав гIадав васас рокъоре рахунеб ганчIил болъоялда тIад кIусарав инсуде.

– Ия! Дунищ? – ан божичIес гIадин цIехана инсуца. Гьес цин гъуждузде реххараб тIогьилкьераб хъабарча битIа-бищизабуна.—Херав дидасагIаги щиб гьазие хIажатаб? – илан тIадеги жубана.

– Лъаларо. Мун ахIизе витIанаха, – янги абун, тIадвуссун векерун ана дов вас.

– Нилъер совхозалъул суал гьоркьоб лъураб собрание гьабизе районалъул хIакимзаби рачIун ругин рагIун букIана сонго,- ян абуна школалде ине къватIиве вахъунев дица инсуда.

Росдал администрациялде унеб гIатIидаб къватI букIана школалда цебесан добехун, гьединлъидал живгун цадахъ ине дун щайдай чIоларевин инсуда ккунгутIизе, «Дир тIоцебесеб дарс буго… дун инин, мунги бигьагьабун вачIаха, дада», – ян абуна дица.

– Мун а хех гьабун, хIалтIуде кватIизе гурин. Дун гьабсагIат вахьина, - янги абун, эмен рокъове жаниве лъугьун ана.

ЛъабкъойилъаГИ цIикIкIарал соназул гIумру магIарухъ тIамурав инсул сахлъи, бакъул хIал бергьараб, гьава-бакъги батIияб лъарагIлъуде вахъингун хехго загIиплъана. Гьалгощинал сонал аниги, жеги жинца цониги дару гьекъезе ккечIин, больницабиги жанив лъугьун рихьарал жал рукIинчIин, унтарахъе ваккизе ун гурониян вукIунаан эмен. Гьанже, цIияб, лъарагIлъуда бугеб росулъе вахъун щуго-анлъго сон балелде, гьасул сахлъи нахъе ккана. Кьерхарал къоязги бакъул багIари дагьлъараб радал-къасиги, гьоркье жоги рехун, рукъалда цебе болъоялъул къеда мугъги чIван, унел-рачIунезухъ валагьун, ялъуни цо щалгунниги хабар-кIалалда вукIунаан гIемерисеб мехалъ эмен.

МагIарухъ анлъго гьитIинал росаби цолъун гьабураб гIаммаб совхозалъул гъутан букIараб бакIалда гIун бачIараб берцинаб, кIудияб росулъ гьел киналго росабазул гIадамазул гъункараб цо жамагIат лъугьун букIана. Гучаб кIудияб пачалихъги биххун, гьабулебги унеб нухги лъалареб, бада-гъудурги, ахIи-хIурги цIикIкIараб, гIадлуги биххараб заман бачIун букIана. Дагъистаналъул гIемерисел росабазул колхозалги совхозалги щущан унел рукIана. Гьел

гIуцIцIулеб заманалъул нугIлъун вукIарав, доб заманалъул къварилъиги захIматги бихьарав инсуе цIакъ рокьукъаб хIакъикъат букIана гьеб. Улкаялда лъугьун бугеб ахIвал-хIалалдаса рази гьечIого, къоялъ телевизоралдасан кьолел цIиял, расниги рекIее гIоларел харбазда хадув халккун вукIунаан эмен. Дагьал цересел соназ гьекъел-мехтелалде рагъ лъазабураб улкаялъул бетIерлъун гьекъолдухъан ккей гIажаибаб хIужжа гьечIищан вукIунаан гьев…

… Анлъго дарсги лъугIун, къадекакил заманалда рокъове вачIарав дида азбаралда гъотIоде бухьараб хIалакъабго цIахIилкьераб гIака батана. «Лъилдай гьаб батIияб хIайван, бичизе цониги гьоболас бачIун батила», – ян пикру гьабуна, рокъове лъугьунаго, дица. Дун жаниве ваккигун эбелгун харбида ватана дада. Гьасул гьаракь борхараб хабар къватIибго рагIарав дида бичIчIана эмен цо сундасаяли рази гьечIого вукIин. КIалтIа бухьараб гIакдал бетIергьанги гьенив гьечIоан…

– Гъоб лъил гIака, эмен? – ан гьикъана дица салам-каламалдаса худуб, кодор рукIарал тIахьалги столалда тIад лъолаго.

– Нилъерха! Гьолда ракI рекъоларогойищ мун? Совхоз биххигун, нилъее щвараб бутIайин гъоб баркаман! – ин абуна инсуца цо гIажаибаб ццинги чарабухIиги жубараб гьаракьалъ.— Аллагьасул нагIана батаял ракъарал бацIал! ТIутIун совхозалъул буголъи, боцIи-малги бан, гьанже халкъ гуккизе аз гьарулел хIаял рихьулищ?

– Мун гьедигIан ццидаххунев щай?… ХIакимзабазда лъалеб батила щибкинали, – ян гьоркьой жуяна гъасда цее кванда квалквадулей эбел.

– Кинха вукIинев ццидаххинчIого, мегIер-гIалах цIураб гIи-боцIиги гIачиялги гьал дуца кинабго лъалелин абулел хIакимзабаз пучч-хач гьабун тараб мехалъ! Колхозал гIуцIцIулелъул гIаммаб магIишаталде жубазе бурутI, бечегицин букIинчIел, гьанже кверщел кодоселлъун лъугьараз гьадинаб пасалъи гьабураб мехалъ? Колхозалги совхозалги риххарал батIиял росабазулги районазулги гIадамаз кинабго магIишат захIматхалкъалда гьоркьоб бащад бикьана. Умумузул кули-мархьуги, ахал-хурги жидерго бетIергьабазухъе тIадруссинабуна. Дир инсул азариде гIунтIун гIиялги, анцIила кIиго бечIчIулеб гIакаги, лъабго чуги, мучIдул, кулабиги ун рукIана рахъун хIукуматалъ колхозал гIуцIцIулеб мехалъ! Дида кинабго ракIалда буго, гьаб жакъа къо гIадин… Гьанже гьаз бихьулищ дие добгощинаб магIишат-боцIухъ хисун кьураб хъоросараб гIака! Гьай гIангурбацIал, гьай чакъалал! — ян тIатIала такрар гьабуна инсуца.

Совет хIукуматалъ колхозал гIуцIцIулелъул рахъун арал гIиязулги, бихьараб захIматалъулги цебеккунги чанги бицунаан инсуца… Бугониги, дун вукIана гьес дагьабги гъваридго доб заманалъул бицинародаян. Дида ракIалда букIана заман батигун гьеб къалмиде босизе…

## 2.

– Совет хIукумат тIубанго щулалъаралин абизе бегьулел лъеберабилел соназул ахир букIана, – ян байбихьана инсуца печалъул нуцIаги рагьун, каркарунбагIараб цIадул хIенехI гIицIцIал квераз босун, хъалияналда цIаги рекIи набулаго. ГIемерал соназда маххул къебедлъун хIалтIарав гьасул пинкьаххарал

квераздa бухIи-цIорой гIемер лъалароан. Гьес хъалиян рекIунеб куц бихьарал чагIаз гIажаиблъи гьабулаан, дие гьеб ругьунаб жо бугониги. – Дагьал цересел къояз, ЦIоралда хаселги тIамун, магIарухъе бачIараб гIиял рехъенги росданахъа ГIаникь магIарда парахат гьабун вачIарав инсуца лъабго къо бан букIана росулъ. ГIебал гъуждузул, гьоркьохъеб лага-черхалъул, чIахIиял хъатазул, килщалги михъалги танхьил кIкIуйдуца релъарав, кьагIрил къохьол гьабураб гъалараб тIагъур риидалги тIаса бахъуларев, гъварараб гьаракьалъул чи вукIана эмен. Гьев эбелалдаса анцIгониги соналъ кIудияв вукIана. Сундулниги хабар ккейгун, махсародего гIадин, « Кусу, мун гьитIинай чIужу, дуда гьеб жеги бичIчIуларин» вукIунаан эмен. ГIияде живго инчIониги, кидаго гьесда кодоб букIунаан тIогьиса кIичIараб, махицIулал гьабураб, вехьасул тIил. Рокъове вачIингун, рагьтIа течIого, жанибе босун, гъанситоялда аскIоб къеда дализабулаан гьес гьеб. ТIилида рукIана жиндаго гурони магIна бичIчIуларел носоца рикIарал расенал, хIуччал, ишараби. «Гьеб тIилида буго дир гIи-боцIул кинабго хIакъ-хIисаб», – ин абулаан инсуца. Рехъалъа къваригIараб гIиялъажо, тIилил кIичIараб рахъги горбода ялъуни хIатIида базабун, цIакъ бигьаго кквезе бажарулаан инсуда. Босун гьебгун чанцIул хIалбихьаниги, дихъа гьеб бажаруларoан. «Дудаса жеги унго-унгояв вехь вахъунаро гьеб бажаричIого» , – ян абулаан инсуца, кIийиде бикьизабун гIиял рехъенгун, хадув лъугьараб куй ккветзе бажаричIого гIодов ккун, тIаде вахъун, дун векерахъдулев вихьигун.

Хасел тIамизе гIиял рехъабиги рачун тIабигIатги берцинаб, гьава-бакъги рекъараб, анкьгицин нухда балареб ЦIоралде унеб гIадат букIана нижер мухъалда. Гьабан абизе гIазу бачIого хасел тIамурал соналги рукIунаан гьенир. Белокани ва Къабахчоли росабазда аскIоб мухь кьун ккураб авлахъалда букIунаан нижер гIиял къаву. КIицIулниги дунги щун вукIана ЦIоралде инсуда цадахъ. Гъораги рукIана дида лъалел, дир гьудулзаби лъугьарал кьерилал лъимал. Дагьа-макъаб падар мацI бичIчIулаан дидаги.

Рекъон кколеб мухьги кьун гIияда тарал гIухьби ругониги, парахат росулъ чIолев чи вукIинчIо эмен. ГIемерисеб мехалъ, сардал ран, магIарда гIиял къавабахъ вукIунаан. Унта-щокъал гIиязе дару-ххер гьабулев, эбел хун хутIарал кьагIазул тIалабалда, къояз къавуда вукIунаан. Росулъе вуссаниги, маркIачIуда ялъуни кватIараб сардилъ вачIунаан рокъовеги. Росулъ хвел-хоб кканиги, бертин-туй бугониги, чанго къоялъги чIун, вахъун унаан магIарде. ГIи-боцIул мацI лъалев, гIажибаб рокьи гьезде бугев чи вукIиналъ батилаха, гьеб пишаялда баракат лъун, гIураб ресалда букIанин нижер хъизамин абизе бегьила.

ЦIоралда вукIаго инсуда рагIунги бихьунги букIун буго Совет хIукуматалъ, колхозал абун, тIолабго халкъалъул гIи-боцIиги мал-мулкги данде реххарал

магIишатал гIуцIцIизехъин рукIин. Гьелъ рахIат хвезабурав гьес дагьаб цебего гочинабуна ЦIоралдаса гIиял рехъен магIарухъе. Рорхатал мугIрузда жеги тIубанго гIазу биинчIел, нухал рагьичIел кIкIалалги ратун, захIмат бихьун, церехун соназдаса цIикIкIун камиялги ккун щванин исанаян абулеб рагIана гьес эбелалда.

ЦIоралдаса магIарухъе тIадруссингун, росулъа кумекалъе гIолохъабиги ахIун, инсуца хIораб гIиги чахъабиги ратIа рищулаан ва, батIияб чолонирги

къан, мухьдахъ ккурал гІухьбиги хадур тІамун, хьихьулаан. Ахираб лъабгоункъо сон букІун батила, дун гьес, жинда нахъа чодаги рекІинавун, цин-цияб магІарде вачунаан. Сордо бан дора хутІараб мехги букІунаан чанги. ГІиял къавуде ниж гІагарлъигун хІапдолаго данде рекерун рачІарал гьабзазул санго гьабулароан инсуца. АскІоре гІагарлъигун, нижги лъан, хьвагІезарулаго рачІчІалгун, разиго, нижер чу сверун лъугьунаан гьел.

– Гьал, ракьа-хинкІ рехун, дудего ругьун гьаре, дир вас. ЛъикІалги квешалги чагІи гьабзазда рикІкІадасанго лъала, – ян малълъарулаан эмен дида.—ХІинкъучалгиха азда хех тІатунел...

Цудунаб ихдал, гІи къинлъизе байбихьарабго, сардилъ вахъун, чолонив сверун, къинлъарал чахъабазулги кьагІазулги тІалабалда вукІун, кьижизе регІуларебги заман букІунаан инсул. ГІажаибаб жо гьечІищха, гьесда жив вачІиналде къинлъарал чахъабазул цоцалъ журан хъуялда багІдилел кьагІазул кинаб кьегІер кинаб чахъдалали батІа бахъизе лъалаан.

Риидал чахъаби речІчІулеб, росдадаса гІемер рикІкІад гьечІеб ГІаникь гІиял къавуде ине гьира дирги букІунаан. Гьекъезе гьалараб рахьги, кваназе кигІанги хІанги щолаан гьениб дие. Хасго дие бокьулеб, сверухъ къавабазда багъун гьой толареб, чІегІераб Борокги гьениб букІиндалха. Нижер росулъа рекъараб мухь кьезе (гІемерисезе гІиял хІан кьолаан) къотІи гьабурал ункъощуго бихьинал рукІунаан жиб-жиб къоялъ лъоре магІарде хьвадулел, гІиял речІчІизе гІухьбузе кумекалъе. Дун цо-цо мехалъ гьезда цадахъги унаан ГІаникье. Сордо бан лъова дун чІезе бокьулаан гІухьбузеги жидеего кумекалъе вукІине. Гьединал къояз дол речІчІарухъабаз эбелалда хабар лъазабулаан дун лъоваго хутІанилан. Амма рецари байбихьараб заманалда ворчІулароанха дун магІарде. Хасалоялде росулъ бокьорги кІиго колохъги хьихьулел гІачиязе таманаб ххер хІадуризе кколаан. Къумал колохъ ругел ххарибакІал гІемерисел инсуца, хъун гІиялъажогун, ахІун росдал бихьиналгун цо-кІиго къойида жанир рецулаан. Гьеб заманалда диеги хІалтІи камуларoан.

Гьанжего-гьанже гьаюрай яц Хатиматил кини босулаан эбелалъ цадахъ колохъе. Эбел ецаризе ингун гІемерисеб мехалъ дун вукІунаан гьоров ялъуни гьоцІив кинидул хъаравуллъиялда. Росдадаса бакъбаккул рахъалде гІебеденухалъ унеб ЧІанил колодаги рукІана нижер мучІдулги рекьулел хурзалги, кІигониги бокь-гьорги. Гьенире ине бигьа букІаниги, росдадаса гъор- кьегІан, кІкІалал тІинда гІурухъ ругел Къумал кулабахъе ине бигьаяб жо букІинчІо. Бокьуларoан дие гьениве ине. Кидадай гъоба гІурул рагІалда гьабихъ росдал гІадамаз тІех ххине байбихьилебин вукІунаан. Къадекак базе ва дагьалъ хІухьбахъизе эбел ячІингун дун хехгьабун тІаса-гъоркье гІурухъ гьабихъе вортулаан. Гъора улбузда цадахъ рачІун кьерилал васал камуларoан дие цадахъ расандизе, ялъуни гьабил рогІороялъухъа речІчІун лъадаца сверизабулеб гьабил техтероялъул халккун рукІине. Цояз тІехх ххенолаго, хадусел гьенибго бугІа барссулел, хІадур гьабулел рукІунаан. Лъималазул ахІихІурги, хІаялги камуларoан гьел къоязда гьабихъги, гІурул рагІалда гІатІидаб салул байданалдаги. Кваназе тІоххол къайиниги, гьекъезе лъадалъ буцараб тІоххол «бихъаниги» камунги хутІуларoан…

**3.**

…Кьвахх-кьваххиялда зобалги гъугъан чваххунцIад балеб сордо букIана.

Квание квалквадулей эбелги, гъанситоялда цIадул иш рекъезабулев эменги рукIана.

– НуцIида кIутIулеб бугин ккола, вахъая, дир вас, халгьабе, – ян абуна эбелалъ гIиссинал вацазул тIалабалда вукIарав дида. ХIакъикъаталдаги, цойги нухалъ нуцIида кIутIулеб гьаракь бахъана. КIанцIун вахъун дица гьеб рагьана. НуцIида нахъа эхетун вугоан гьанжего-гьанже михъ-мегеж баккулев, борхатаб, хIалакъабго лага-черхалъул, гъалараб тIагъурги лъурав гIолохъанчи. БотIродаса хьитазде щвезегIан цIалтун виччун вугоан гьев. Дица, хьолбодехун кьурун, гьесие жаниве лъугьине нух кьуна.

– Ассалам гIалайкум, МухIама-даци! – ян борхараб гьаракьалъ салам кьуна гьес жанибе гали лъурабго.

– ВагIалайкум салам, бихьинчи! ГьадигIан бецIаб, цIадалаб сардилъ мун сунцагIаги гьаниве вачарав? – ин гьикъана данде вахъун инсуца къеда магIалги чIван гьабураб хъорщол бакIида лъураб щайтIан-чирахъул мукъсанаб канлъухъе мухIканго гьоболасухъги валагьун.

– Дун Гьиндиса ЧIанкIаясул ТIинамухIамал ХIасанхIусен вуго… Инсуца духъе кагъатгун витIана,—ян абуна гIолохъанчияс, жив рукъалъул хважаинасда лъачIолъи бичIчIун.

– Гьа, гьоболасул вас, дуца хехгьабун тIаса жо бахъе, биччун бихьула дур кинабго ретIел. ГьадигIан бецIаб, тIупан тIун цIад балеб сардилъ мун дихъе витIизе ккани, щибгIаги ккараб?

– Дун къватIиве вахъараб мехалъ цIад балеб букIинчIо… ЧIагIдаш лъар бахун тIаде вайгун байбихьана базе, – ян абуна каранда чунтбиги ругеб, горбоде щвезегIан маргъалалги рараб, солдатазул гIадаб, биччараб гурдеги бахъулаго ХIасанхIусеница.

– Ихдалги риидалги цIад бачIого букIинищха… Исана сонго цIадалаб букIинин ккола, – ян абуна инсуца дагьаб сасараб гьаракьалъ. – Къварилъи ккун батичIониха нужер росулъ, гьоболасул вас?

– Дида рагIараб-тараб батIияб лъугьа-бахьин гьечIоха, МухIама-даци…

Бакъанида районалдаса вуссана эмен… Цинги духъе гьаб щвезабизе витIанаха, – ян абуна гIолохъанчияс, лъороса бахъунункъиде сокIараб кагъат инсухъе бегьулаго.

Эмен, кагъатги кодобе босун, мухIканго гьеб бега-битIизе лъугьана. Гьесул рахIатхун букIин бихьулеб букIана кагътида квалулаго.

– Ма, гьоболасул вас, дуцаго цIале, дир канлъиги дагьаб загIиплъун буго, гIажамалъул гурони гьаб цIияб къагIидалъул хьвай-цIали дие захIмалъулеб буго, - ян ХIасанхIусенихъе бегьана гьес кагъат.—КIварцIикIкIараб иш гьечIони, гьадинаб сардилъ мун инсуца дихъе витIилароан… ЦIале!

Чирахъул канлъухъе гIагардеги къан, жиндирго рагIад кагътиде чIваларедухъ хьолбоде бетIерги дализабун, кагъат цIализе байбихьана гьоболас…

«Салам, ГIалил МухIама, дуде, рокъосезде ва росдал жамагIаталде. Нуж сах-саламат таги Аллагьас. Хадубги, жакъа дун районалъул хIакимазабаз кIварцIикIкIараб данделъиялде ахIун вукIана. Гьениб гьоркьоб лъураб суал

букIана тIолабго улкаялдаго гIадин, нилъер гьанирги гIаммал магIишатал-колхозал гIуцIцIизе рукIиналъул. Дуда щиб жо колхозали рагIунги батила, гъоркьисала дица гьелъул дуда бицунги букIана. ГIаммаб магIишат гIуцIцIулелъул кинабго халкъалдаса гIи-боцIиги, чIегIерхIайванги, чу-хIамаги, кули-мархьуги, ххарибакIалгицин хIукуматалъе кьезе кколеб хIукму буго бахъараб. Гьелда дандечIчIарал, ялъуни бугеб боцIи-панз бахчарал чагIи, кинабго магIишатги нахъе бахъун, кулак гьарун Сибиралде ритIарал хIужжаби гIемерал руго Дагъистаналда. Дир дуде, хIакимасул амру гуреб, гьобол-гьудуласулаб гьариги, малълъа-хъвайги буго, дурги хъизан-агьлуялъулги гIумруялъе хIинкъиги, заралги кколел жал гьаричIого, берцинго, хабар къокъ гьабун, дур гIи-боцIиги гIаммаб магIишаталде кьун, колхозалъул мухъилъе лъугьаян. Мун гIи-боцIул мацI лъалев, гьелъие ругьунав чи, хадусала дица колхозалъул гIухьбузул тIалаб гьабулеб, кинаб букIаниги хъулухъалда тIамизе яхI бахъила. Гьаб дуде бугеб гьари Аталасул МухIамадгIалидеги буго. Гьеб досда бичIчIизабизе дуда тIадкъан толеб буго. Чанго къоялдаса дунги вачIина нужехъе, хутIаралъул хадуб бицина. Дир вас къаси энивго те, кьерхунеб бугин... Саламгун ЧIанкIаясул ТIинамухIамад.»

Кагъат цIалун бахъингун лъикIаланго заманаялъ рокъоб сихIкъотIи лъугьана.

Бихьулеб букIана гьеб хабар инсуе расги бокьичIеблъи. СихIкъотIи биххизабуна гьитIинай ХатиматилгIодиялъ. Вацал ЗейнулгIабидги Мирзалавги, гьоболасда тIад beралги лъун, гьесул щибаб рагъариялъул халккун рукIана. Гьездаса дагьай балугъай яц Хаджайги эбелалъ буцун лъураб тIоххол гIамида квалулей йикIана…

– ВахI, вахI! Гьединищха иш букIараб? Гьебищха цIияб хIукуматалъ гIадамазул гьабулеб тIалаб? Дидани ЦIоралдаги рагIун букIана ИстIаленил амру бугин жидее бокьун лъугьине кколин захIматчи колхозалъул мухъилъейин. Гьаз щайха Сибиралъул бицунеб? Кулак гьарилин хIинкъаби кьолел? Дица, рокъов, парахат вегун вукIинчIого, годекIаниб харбида заман чIвачIого, ганчIида бетIерги лъун, цIадакьги, гIазукьги магIарухъги ЦIоралдаги сардал-къоялги тIамун, захIмат бихьун данде гьабураб боцIи вуцIцIунчIун хIукуматалъе кьеян абиялъул магIна щиб? — ан живго жиндаго гаргадилаго тахида кIусана эмен.— Ма дуе цIияб хабар! ТIоцебе рагIараб мехалъ къватIул харбалин тун рукIана, гьедин батиялда хьулги букIана….

– Мун гьедигIан ургъелчIван лъугьунгеха, МухIама. Аллагьасул цо хIукму батила. Живги вачIинин анивеян хъван бугоха ТIинамухIамаца, гьесулгун дандбайха. Нилъер Богьнода мухъалъул цIияб хIукуматалъул хIакимзабазул цояв гурищ эв? Гьоболас кумек гьабичIого тезе ратиларо нилъ, – абун кIалъана къвалбан кинида яс кваназаюлей эбел, инсуде тIаде бегараб ургъел бихьун.

– Гьоболасги гьудуласги гьабизе кIолеб жо щибха букIунеб, Кусу, доба МаскIуялдасаго бачIараб ИстIаленил амру гьеб батани. ХIуригат бахъигун гIадамазул яшав цебетIелин, гIумру лъикIлъилин гурищ ал рукIарал? Валлагь бичIчIуларо! Таллагь лъаларо!…

– Нижер ХIорихъ годекIанибги церекъад бихьиназул хабар гьел колхозазул букIана. Къарахъе къваригIелалъ ун рачIараз бицунеб буго дозул добаги

гъоркьисалаго байбихьанин колхозал гІуцІцІун гІадамазухъа боцІи-мал бахъизеян. ГІи-боцІи кьеларин чІаразул чамалиго хъизам туснахъ гьарун Сибиралде ритІизе Гъунир-ХІубикье рачун анин бицунеб рагІана, - ян абуна къадал ракьанда цІадул хинлъи чІвалелъув кІусарав ХІасанхІусеницаги.— Инсуца абуна метер нижер кІиго росдал жамагІаталъул кІудияб данделъи букІине бугин ЛъагІриб майданалда. Нилъер Богьнода мухъалъул анлъабго росдал цо колхоз гІуцІцІизехъин рагІула…

Къаси нахъалъизегІан кІалъалел хутІана эменги ХІасанхІусенги. Цинги босун кодоб щайтІан-чирахъгун вегизе бакІ бихьизабизе хадув вачун гьоболгун цояб рокъове ана эмен.

Бусаде вахарав дида макьу щолеб букІинчІо. Чанги пикраби гьаруна дица, гІемерал суалазе жавабал ратуларого бусада чанцІулго хьибил хисана…

Сверухъ гІиял къавабазда багъун данде гьой толареб, гурун мугъалда рачІчІги лъун даим гІиял хъаравуллъуда букІунеб чІегІераб Борокги инадай бахъун гІияда цадахъин ургъелчІван пикраби гьарулев вукІана дун.

«ГІиял рахъун аниги, дица Борок кибего биччаларо. Росулъе бачина. ГІиял къавуда ццидалаб букІаниги, гІадамасде бортулеб, хІинкъи бугеб гьой гьечІогури доб» – ан пикрабалъ вукІарав дун лъачІого кьижун ккун ватана.

**4.**

Дов сардил чапар вачІун анкьидасан росдал годекІаниб букІана районалъул хІакимзабиги рачІараб жамагІаталъул данделъи. Сулейман-дибирасул рукъалъул къеданахъа лъурал бакІазда гІодор чІун рукІана районалдаса рачІарал хІакимзабазул лъабгоял. Гьездаса кІигоял рукІана рагъулаб ратІлилъ, бакьулъ гІебал къохьол рачлазда тунчулги рарал, цІвак-цІвакарал хоромалъул чакмабиги, тІасан гІебал галифа тайпаялъул тІажалги ретІарал, кьварараб, ракІчІараб рагъа-ракарияльул гІолохъаби. Цебе мажгит букІараб, гьанже школалде сверизабураб, годекІаналда аскІоб кІитІалаяб минаялъулги, сверухъ цогидал рукъзабазулги тІохазде ракІарун халккун рукІана росдал руччабиги, гІисинал лъималги, ясалги. Бихьиналин абуни, годекІанир бакІал щвара-щваралъур кІусун, данделъи байбихьизегІан цоцалъ щур-щудилел рукІана. Дунги годекІан дандбитІун Шайихасул тІуцабго, цотІалаяб минаялъул тІохил рагІалда кІалагъоркье вегун, найил тІала гІадин хъудулеб годекІаниве валагьун вукІана. КигІан валагьаниги, росдал бихьиназулъ эмен вихьулев вукІинчІо.

– Киве тІагІун вукІарав, КъебедхІажияв, дица радалиса мун валагьулаго росу тирана?—ян гьикъана дидаги лъачІого аскІове щун ватарав Аталасул

МухІамагІалил ХІажас. – Ниж гъол гьалбадерил чуял гьекъезаризе ТІадаиццухъе ун рукІана. Дорасаги рачун ЧІанил байданалда роржизе тІамуралха гІетІулъ рецІцІизегІан. Цо гъозул лебаллъи…

– Мун регІун вихьулаха, саламатав чи, жакъа чуял тІамизе. Дуда гъол хІакимзаби сундуе рачІарал ва гьаб данделъи щибизе гьабулеб бугебали лъалищ? – ан данде суал кьун кІалъана дун ХІажасул ургъелгьечІолъи рекІее гІечІого. – Нилъер кинабго гІи-боцІиги, хІайваналги хІукуматалъ колхоз гІуцІцІизе рахъизехъин рукІин лъаларебищ дуда?

…ХIажав дидаса кIигониги соналъ кIудияв вукIана. Борхатаб лагаялъул, лебалав, бокьаралъуве кIанцIун вахъун ине хIадурав вас вукIана гьев. Кидаго инсуда цадахъ магIарда гIи-боцIул тIалабалда вукIунаан ХIажав. Гьезулги букIана, нижерго гIадин, мухькьун хьихьизе гIухьбиги ккураб, кIудияб гIиял рехъен. ТIадеги гьесул инсуца чуялги хьихьулаан. Гьелъ батила, чуял кутакалда рокьулев, гьезие хъулухъалъе хIадурав вас вукIана ХIажав. Берталъе ялъуни сапаралъ ине ахIуд риччарал чуял ккун рачине Мачалги ГIаникьги мугIрузде гIемер витIулаан гьев росдал бихьиназ. КигIан гIамал мекъабги чу кквечIого тIадвуссун вачIунароан ХIажав.

– Инсуца абуна киналго кьеларила жинца гIиялги, гIачиялги, оцалги, хъвехъун росдае рикьизе кканиги, – ян абуна ХIажас, дир гIиндеги къулун, сасараб гьаракьалъ.

– Воре, дуца гьел жал, дие рицаниги, цогидазе рицунге! Гьел харбал рагIани, лъалищ дуда, кинабго магIишатги нахъе бахъун, нуж хъизанго цадахъ, туснахъ къотIун, Сибиралде ритIулеблъи? Гъора, ЛъаратIа туснахъалда чамалиго хъизамал рагIула тIомуразулги, кьаналазулги, анцухъдерилги росабалъа туснахъ къотIарал, гIи-боцIи кьеларин хIукуматалда дандечIарал, ялъуни бугеб гIи-боцIи бахчарал.

– Нолъ къаси дур эмен вукIана вачIун нижехъе. Нахъарокъор дир дадагун хабар-кIалалда рукIана сордо нахъалъизегIан. Гъоз бицунеб рагIана дида гьаб дуда бицараб,— ан абуна ХIажас доре-гьанире beралги щвезарун.—Гьабги добги бичIчIуларого гьечIо дун… Дуда лъалеб батиларин вукIана.

Нижер накъит гьоркьоб къотIизабуна годекIаниб жамагIаталъусан бахъараб хъуялъ. ГIодор кIусун рукIарал гIемерисел, тIадеги рахъун, районалъул хIакимзаби кIусараб столалде гIагардегIан ракIарана.

– Доле рачIунел руго, – ян абуна ХIажас, кваранидехун вуссун кверги битIун. ХIакъикъаталдаги СагIид-дахIададал рукъалда нахъаса къватIчIван рачIунел рихьана дида церехун рихьичIел бихьинал. Гьезул цояв вугоан борхатаб лагаялъул, бакьулъ рачелги борчарав, бухаритIагъурги лъурав, чараб мегежалъул, горбонире щвезегIан маргъалал рараб гурдеги ретIарав чи. Гьесул хьибилккун вачIунев вукIана гьоркьохъеб лага-черхалъул, чIегIерал, керчал кьунсрузул, чIегIераб лакайдул хъабарчаги ретIарав, гьединабго лакайдул, надалда багIараб, щугIаркьелаб цIва бараб кепка-тIагъурги лъурав, гьоркьохъел соназул бихьинчи. ЦIвак-цIвакарал хоромалъул чакмабазул цокIалаб къирщ-къирщи бахъунаан гьес гали бахъанщинахъе. Гьев кIудияв хIакимчи вукIин бихьулеб букIана дов ворхатас гьесул гьабулеб адабги, щурун дос бицунелъухъ гьесул кIваркьун гIинтIамиги бихьун.

Гьезда хадурго дир эменги, нижер сардилав гьобол ХIасанхIусенги рукIана рачIунел. Росулъе щвейгун кидаго рокъоб толеб вехьасул тIилги бугоан инсуца щаялиго кодоб ккун. «Гьадав ворхатав чи ватила ЧIанкIаясул ТIинамухIамад», – ан пикру гьабуна дица ХIасанхIусенилги досулги релълъен-хъвай халлъун. Гьоркь ратаразулгун хъваш-башалдаса хадуб ТIинамухIамад галул манзилалъ цеве вахъана.

– Ассаламу гIалайкум, ТIадиял росдал баракат лъеяб жамагIат! – ин ахIун салам кьуна гьес, кIиябго квералъ бакьулъ бараб рачелги ккун. Гьесул

саламалъе жаваб кьолеб хъуялъ цIуна годекIан.—Жакъа нужер росулъ гьаб данделъи сундуе гIоло ахIарабали баян гьабилин цин… Нилъер улкаялда Совет хIукумат бахъаралдаса гIезегIан сонал ана. Граждан рагъазги, жаниселги къватIиселги тушбабазул гъужумазги чурхъун лъураб нилъер пачалихъ гьанже щулалъулеб, бечелъулеб буго. Гьалмагъ Сталинил нухмалъиялда гъоркь коммунист партиялъ гьарурал кIварцIикIарал ишазулги, захIмат хирияб нилъер улкаялъул хIалтIулги хIасилал ккола гьеб. Партиялъул кьварараб хIукму буго тIолабго улкаялдаго гIадамазул мал-мулк, гIи-боцIи, буголъиги данде реххун, киназего гIаммал магIишатал – колхозал гIуцIцIизе. Нилъер Дагъистаналъул цоги районазда ва росабалъ церего гIуцIцIун рахъаралги руго гьел. Нилъ хутIун руго киназдасаго нахъа.

Дагъистаналъул обкомалъул хIукму буго нахъбахъун течIого исана колхозал гIуцIцIиялъул хIалтIи тIубан рагIалде бахъинабизе. Нилъер Богьнода мухъалъул аслияб магIишат гIи-боцIухъанлъи букIинги хIисабалде босун, гьаб анлъабго росдал гIаммаб гIи-боцIухъанлъиялъул колхоз гIуцIцIизе буго…

ТIинамухIамал ахирисел рагIаби гIадамазул разигьечIеб хъуялъ гьанкъун ана. ТIохазда руччабазулги годекIанир бихьиназулги бичIчIизе захIматаб ахIи-хIур бахъана.

– Ле, дир вацал, дир лъимал, росуцоял! Сабру гьабе! Сабру! – ян ахIана ТIинамухIамал хьолбохъа ракьулъан гIадин ваккун вачIарав хъахIаб мегежалъул, мугъзалъа дагьавго къуларав, хIалакъабго лагаялъул дир дахIадада СагIидица. Гьесда гIемерисез СагIид-дибиранги абулаан, росулъ гIемерал соназ дибирлъи гьабурав вукIиналъ. Нижеца, гIиссинал лъималаз, гьесда СагIид-хIада абулаан, дахIадада абураб магIнаялда. Гьесухъ гIенеккулаан жамагIат. Гьедин ккана гьабнухалдаги. ТIохазда руччабазул разигьечIел цо-цо гьаркьал хутIизегIан, кинабго жамагIат СагIид-хIадал ахIуде гIенеккана.

– Хириял росуцоял! Дие бокьун буго нужеда цо жо бичIчIизабизе… ХIамил бетIер гIанасеб, мугIрул каранда кьурабалъ хурхараб, нусгоги цIараки гьечIеб росдал годекIанир нилъ ахIдон, хъудун гьабизе кIолеб яги бажарулеб жо букIунаро. КIудияб улкаялъул аза-азар росабалъги чIахIиял шагьараздаги билълъанхъараб, тIадбан унеб хIукуматалъул амруги, хIукмуги хисизабизе ялъуни гьелда дандечIезе нилъ бегьуларо ва бажаруларо.

Нилъерго бутIрузде балагьги, зулмуги цIачIого, сабуралда рукIине ккела…

Аллагьасул хирияб Къуръаналда хъван буго нуж гIемеразда хадур рилълъаян ва тIадтарав хIакимасе мутIигIаллъун, ритIухъаллъун рукIаян. Батила цо хIукму Бичасул. ГIенекке нилъеда кинабго бичIчIизабизе рачIарал хIакимзабазухъ... Бице, ТIинамухIама, дурго…

– Щиб гьениб бичIчIизе захIматаб жо? Зулму буго нилъеда тIад гьабулеб!

Зулму! ЦIцIан кодоса кинабго боцIи-панз, магIишатги бахъун нилъер мукIурал, мискинал лагъзал гьаризе къваригIун буго цIияб хIукуматалъе! – ян ахIана мажгиталъул къадал ракьанда бихьиназул гурулълъан цевеги вахъун, дир инсул вацгIал ГIумарил ХIажимухIамаца. Гьев вукIана борхатаб, къуватаб лага-черхалъул, гьоркьохъеб магIишаталъул, годекIаниб аскIоб рукъ бугониги, нагагь гурони гьенив вихьуларев, кидаго хIалтIулъги ишазулъги тIерхьарав, захIмат хирияв чи. Гьев, гIодовуссинавизе хIалбихьулезухъ гIинги тIамичIого,

жеги кIиго-лъабго галул манзилалъ цевегIан вачIана. Гъуждуздаса хъуштIун бортун унеб букIараб хъабарча хапараб кверalъ ккун, кIичIван къвалакь ккуна гьес. – Зулму гурищ букIунеб гIадамазул кодоса буголъиги бахъун, гьелда рази гьечIезе кьварараб тамихI гьабилин хIинкъабиги кьей? Ия? Нужго ралагьеха нижер росу бугеб тIадегIан – мугIрул тIогьиб бихьизе. ЛъикIаб гIумруялъги гIиллаялъги рачун ратиларо гьал мугIрузде нижер анкьумумул. Гьаниб, гIи-боцIи хьихьун гурого, магIишат гьабизе ресги гьечIо, я пихъил ахал гуро, я цIоросаролъул хурзал гуро. Мукъсанал, лабалал хурзабахъ бугIа бекьун, тIехх кванан, мискинаб магIишаталда ругел нижехъа боцIи-панзги бахъун кинан ниж рукIаян кверщелкодосел ругел? Ия?

Нахъеги годекIаниб добго хъуй бахъана. Районалдаса рачIарал хIакимзабазул цояс ТIинамухIамал гIинзунибе щибалиго щурана. АхIи-хIур гIодоцарабго, нахъойги ТIинамухIамаца байбихьана:

– Хириял гьалмагъзаби! ХIукуматалъ гIадамазул яшав цебетIезелъун, халкъ мискинлъиялъул квачIикьа бахъизелъун гьарулел тадбиразул цояб буго колхозал гIуцIцIи. Росабалъги шагьараздаги мискиналги бечедалги гIадамал рукIунгутIизе, ращалъи гьабулеб буго Совет властались…

– Мискиналги бечедалги гурел, киналго мискинал рукIинаха гьеб мехалда. Кинабго магIишат кодоса арал чагIи, мискинал гурого, киналха рукIунел? – ин бахъана нахъеги мажгиталъул къадал ракьандаса бихьиназул гурулълъан лъилалиго гьаракь. Гьеб рекIее гIечIев ТIинамухIамаца дагьабги гьаракь борхун байбихьана бицине:

– Нужеца Совет хIукуматалъулгун махсараби те! Ниж гьанире ритIарал, нужеда колхозалъул мухъилъе лъугьаян гьардезе гурел, щиб жо колхозали нужеда бичIчIизабизейин. Ана доб заман – захIматчи жиндиего бокьун вачIине те колхозалъул мухъилъеян тараб. БичIчIулеб гьечIо гьеб бецIал мискинзабаздаги, бечедал, гIи-боцIулги ах-хуралъулги бетIергьабаздаги. Гьанже улкаялдаго батIияб буго билълъанхъизабизесеб хIукму. Гьелъулги долъулги нужее бицине рагIи кьолеб буго нилъер райисполкомалъул пирсидатель ТIалхIатил МухIамадие…

КIанцIун бакIидасаги вахъун, кIиго галул манзилалъ цевегIан вачIана дов ЧIанкIаясул ТIинамахIамагун вачIарав, лакайдул хъабарча ретIарав бихьинчи. Гьесул ракIчIараб рагъа-ракариялдасан бихьулеб букIана гьев чанги данделъабазда цеве вахъарав, хIалбихьи бугев чи вукIин.

– Ассаламу гIалайкум, росдал жамагIат! Дун кIваркьун гIенеккана нужер гьаниб бицарабщиналъухъ. Гьал колхозал гIуцIцIизе байбихьарал соназда дун щвечIел росаби нилъер районалда хутIун ратиларо. Кибго цогояб букIана ва жеги бугин абизе бегьула жамагIаталъ бицунебги гьикъулебги. Совет хIукуматалъ кинабго халкъ бащад гьабизе буго. РукIине гьечIо бечедал, чияр гьийин кваналелги, гьезда цере хIалтIулел мискинзабиги. ТIоцебесеб иргаялда дие абизе бокьун буго хIукуматалъулги партиялъулги амруялдаги хIукмуялдаги нахърилълъине кколин. ДандечIаразе кьвараараб тамихIги гьабизе буго. Гьанив дагьав цеве цо саламатав чияс, вахъун цевегун, абуна зулму бугила хIукуматалъ гьабулебилан. Зулму гьабулеб гьечIо, гьалмагъзаби! Зулмуги кьварарал тадбиралги гьаризе руго пачалихъалъул хIукмуялда хадур жалгоги

рилълъунарел, хутIаралги мекъаб рахъалде цIцIалел товарищазе, – ян абуна гьес ГIумарил ХIажимухIама вугеб бихьиназул гурулълъеги валагьун.— Совет хIукуматалъулгун хIажатгьечIел хIаял гьаризе къасд ккаразе букIунеб тамихI, гьаниб мугIрул тIогьиб росулъ ругел нужеда хьинтIичIониги, рагIунгIаги батиялда дир щаклъи гьечIо. Росдал щибаб хъизамалъул бугеб боцIи-панзалъулги, магIишат-яшавалъулги, хурзал-мучIдузулги хъвай-хъвагIай гьабизе буго ва, бихьизабураб къадар гъозиеги тун, хутIараб колхозалъе кьезе тIадаблъун гьабун буго.

– КигIанаб къадарха, дир вас, бихьизабун бугеб нижее тезе эб хIукуматалъ? — ин гьикъана къеда мугъги цун кIусарав херав Шайихас, гъоркьан тIаде ТIалхIатил МухIамахъги валагьун. Шайихав вукIана мискинабго магIишаталъул, росдал гIемериселго гIадин, хасало бетIербахъиялъе ЦIоралде унев, риидал-ихдал росулъ вукIунев гIадатияв чи. Ихдал рекьи гьабизе мухьдахъ кьолел оцалги рукIунаан гьесул. Гъежда лъун пуруц-рукьгун, хадурцIан оцалгун, ихалъ вукIунаан гьев росдал магъилъ рекьи гьабулев. Мадугьалихъ росабалъецин хьвадулаан гьев мухьдахъ векьаризе.

Росдал годекIан гьесул рукъалда цебе букIана. Цо-цо мехалъ, къватIивецин вахъинчIого, рагьараб гордухъанги ваккун, годекIанире ракIарарал бихьиназулгун накъиталда вукIунаан Шайихав.

– Гьелъул ургъел гьабуге, кIудияв чи, дуца. Заман щварабго кинабго баян гьабила нужее. Ракъуца хвезе тезе ратиларо хIукуматалъ нуж, – ин абуна ТIалхIатил МухIамаца, тIаса гъоркье херасухъги валагьун.

– Я, дир васха, эб Совет хIукумат бахъаралдаса гIадамазул яшав цебетIолеб бихьуларого вуго дун, тIадеги налукалги рахъулел, магъалабиги цIикIкIунел рукIин гурого. Нужер гъоба, эхебехун, батIияб Совет хIукуматищ бугебали лъаларо, – ян абуна Шайихас бакъалдаса берал рахчизе надалда кверги ккун, МухIамахъги валагьун.

ГодекIаниб гIадамал релъулеб хъуй бахъана. ГIенеккеян ахIулезулги жидерго разигьечIолъи загьир гьабулезулги ахIи-хIурги цоцалъ жубана.

– Гьалгощинал росабалъа гIадамазухъа рахъарал гIиял рехъаби лъицаха нужер хьихьизе ругел, эзул тIалаб гьабизе лъида тIадаблъун букIинеб? – ин ахIана мажгиталъул тIохил рагIалда кIусарав МагIли-ХIажияс.

Борхатаб лага-черхалъул, зодилкьерал беразул, хIалакъабго гъумералъул, тIатIала кверал лъун вукIунарев, кидаго хIалтIулъ тIерхьарав, мискинабго бетIербахъиялъул чи вукIана МагIли-ХIажияв. Цере-хадур гьарурал, лъабго васги цо ясги рукIана гьесул. КIиго кIудиял васал ХIабибуллагьги ШагIманги, лъудбиги рачун, рукъалде руссарал рукIана. Гьев кIиявго вас МагIли-ХIажияс, росулъ гIараб цIаларал чагIазухье кьун, цIализаруна. Гьезул пагьму-гьунар бихьун, мискинаб рукъалъе гьезул кумек-квер кигIанги хIажат букIаниги, Къарахъеги, Сугъралъеги ритIун цIикIкIарал гIалимзабазда цере цIализаруна. Кумекалъе хьолбохъ течIого васал цIализеян къватIире ритIулев чи кинав вукIуневан кIалъалезе жавабалъе: «ГIелмуялдаса бергьараб къуватги бечелъиги гьечIо», – ян къокъаб жаваб кьолаан гьес.

– Колхозалъулин абун теялъе гIоло гьел батIияб дунялалде рачине гьечIелъул. Гьел хьихьизе руго нужецаго, гьалго мугIруздаги мучIдуздаги,

хIукуматалъ рекъонкколеб мухьги кьун, – ин абуна ТIалхIатил МухIамаца гъоркьан тIаде МагIли-ХIажиясухъги валагьун.— Гьалегури, кигIанги гIолохъабиги бихьиналги ругин нужер росулъги. Дида бичIчIараб бакIалдасан, щивав колхозчиясда хадур хъвазе руго захIматкъоял ва гьелда рекъон кьезе буго мухьги.

Нахъеги хъудизе жубана жамагIат. Эхеде кверги борхун, гьел гIадлуялде ахIулев ТIалхIатил МухIамаги вукIана.

– ГIелин ахIдарал! ГIенеккея цо! Нужее кинабго баян гьабизегIан гьоркьорчIван суалал кьоге. Ахиралда рес кьезе буго бокьаразе бичIчIичIеб гьикъизе. Гурони, нужеца кIвар цIикIкIараб данделъи гIала-гъважаялде сверизабизехъин буго. Гьеб цо, кIиабизеги лъазабулеб буго нужеда гIи-цIцIани ругониги, гIачи-оцал ругониги, чуял-хIамул ругониги, бугеб къадаралдаса дагь рихьизарурал, ялъуни рахчизе хIалбихьарал чагIи ккани, кьварараб тамихIалде цIцIазе рукIин.

«Хурзал-мучIдулги, гIи-боцIул мугIрулги колхозалъе ани, щибха нижее хутIулеб? Гьадинаб зулму пачаясул хIукуматалъулги букIинчIо! Гьабищ Совет хIукуматалъ халкъалъе кьураб эркенлъи? Йохъ, бегьулеб, данде кколеб жо гуро!» – ян ахIдолел рукIана гIадамал. Мажгиталъул тIохил рагIалде ракIарарал руччабазул гурулълъан гIодулеб гьаракьги бахъана. Районалъул хIакимзаби лъикIаланго заманалъ щиб гьабилеб, бицинебали лъаларого, цоцахъ ралагьун хутIун рукIана. Халатбахъараб ахIи-хIуралъе ахир лъуна Аталасул МухIамагIали цеве вахъингун. Гьес цояб кверalъ гIонсохъего ккун букIана къокъабго тIил, цоялъ, бахъун, ботIродаса хъахIаб кьагIрил къохьол гьабураб тIагъур эхеде борхана. – ГIенекке! Ле, диналъул вацал, гIенекке! – ян ахIана гьес кьварараб гьаракьалъ. Гьев вукIана дир гьудул ХIажасул эмен. Гьесде росулъ Аталавин къокъго ахIулаан гIадамаз. ГIемераб гIи-боцIиги, гIачиялги, чуялги ругев чи вукIана Аталав. ГIазухъахIаб бетIералъул, херлъиялде бараб гIумруялъул чи вукIаниги, жеги чорхолъ къартIги, чIаголъиги бугев, чотIахъанасул гIадал дагьал жанирехун гьетIарал махIабазул, тирияб рагъа-ракариялъул чи вукIана Аталав. Кидаго мегIер-гIалахалда, хадур тIамунункъалго васалгун гIи-боцIул тIалабалда вукIунев, магIишат гьабизе бажари бугев, кIвахI лъаларев чи вукIана гьев.—Нужецаги ну-нуди те! – ян ахIана гьес, кьурун кваранидехун вуссун, мажгиталъул тIохда жеги ахIи-хIуралда ругел руччабазда щцидалал бералги речIчIизарун.

– ХIурматияб жамагIат ва районалъул хIакимзаби. Дун вуго тIубараб гIумру гьаб росулъ арав, ЦIорги лъарагIлъиги бихьарав, Дагъистаналъул гIемерал росабалъеги щварав, гIумру лъалевин абизе бегьулев чи. Нужеца гьанир кIалъаязулъ бицунеб буго мискинзабазул гьийин кваназе, зулму гьабизе бечедал чагIи Совет властalъ тезе гьечIилан, – абуна гьес хIакимзабаздехунги вуссун. – Гурищха?.. Киналго ращад гьаризе ругила, тIадеги колхозалги гIуцIцIун, кинабго магIишат гьенибе реххизе ккелила. Дун вуго гIураб магIишатги, боцIи-панзги бугев, ресалда вугевин абизе бегьулев чи. Гьале росдал жамагIат, гьикъеха нужецаго лъил магIишат дицаги, дун гIадал цо чангоязги гьаб росдал гIадамазул кванарабин, лъие нижеца зулму гьабурабин. Гьаб росулъ жамагIаталъул кинаб тадбир батаниги, мажгит бай, росулъеги,

ххарибакIаздеги нухал гьари, къварилъи-гIатIилъиялъул данделъаби, нижеца кумекги цебехъанлъиги гьабичIого, унелищан. Ккараб бакIалде цогидаз цо кьуралъубе кIигоги лъабгоги кьола хъвезе гIиялъажо батаниги, мискин-пакъиразе садакъа батаниги, ригьин-цIаялда сайигъат-салам батаниги. Дица магIишат зулму гьабун, бахъун, ялъуни бикъун данде гьабичIо. Гьаб годекIанив къоялъ чIанда-харбида вукIинчIого, ганчIида бетIерги лъун, кодоса тIилги биччачIого мегIер-гIалахалдаги ЦIоралдаги сардалги къоялги рорчIун данде гьабураб буго. Гьедин гурин абизе кIолев, ялъуни нух бугев чи ватани, вахъун, абе жамагIаталда цебе. Нужеде ккараб, нижеца роххун, разилъун колхозалъе гIумруялъул-гIумруялъ данде гьабураб магIишат кьелин ялъуни кьезе кколинищ? ХIисаб гьабеха, гьудулзаби, лъиениги бокьилищ жив бетIергьанаб гIанкIудул тIинчIниги гIадада билизе, добе-гьанибе ккезе? Ия? Ниж гIадазда чияр гъийин кваналел, мискинзабазе зулму гьабулелин абуни, кинабго магIишатги, боцIи-панзги, мегIер-гIалахги, мучIдулгицин халкъалъухъа рахъулеб хIукуматалда щиб цIарха телеб? Гьеб гурищ унго-унгояб зулму? Ия? Гьебищ эркенлъиги, халкъалъухъе ихтияр щвейги, гьел гурелги ахIияздалъун бахъараб хIуригаталъулги, Совет хIукуматалъулги тIалабги мурадги. ХъахIав пачаясул букIинчIо гьединаб зулму халкъалда тIад гьабулеб…

Аталас бицараб ритIухъ гьабулеб хъуй бахъана нахъойги годекIаниб. Дун инсухъ валагьана. Гьев, гIияда вугеб мехалъ гIадин, тIилида тIадеги вегун, пашманго валагьун вугоан кIалъалев Аталасул МухIамагIалихъ. КигIан гIадамаз ахIи-хIур гьабуниги, улкаялда кибго тIадбан унеб колхозал гIуцIцIиялъул тадбир гьадингосел харбал гуреллъи бичIчIарав, ккезе бугеб гIага-шагарго баянлъарав гьесда цIакъ захIмалъун букIана. Гьедин тату хун, пашманго дида дада жеги вихьун вукIинчIо.

Гьев вукIана кидаго абизе бегIераб рагIи кIалдиб хIадурун батулев, годекIанивги гвавулъги кепаб махсаро камуларев, росулъ гIадамазул кIалухъ рукIунел лъугьа-бахъиназулги харбазулги чи. Совет властьги гIуцIцIун, рагъ-кьалги лъугIун, халкъалда цIияб гIумру малълъулел соназда киналго росабалъго гIадин, нижехъги, мажгитги къан, гьениб хъвай-цIали малълъулеб школа-ликбез рагьана. ГIиссинал, чIахIиял ратIа гьаричIого гьенире ракIарулаан росдал бихьиналги, гIолохъабиги, лъималги хъвай-цIали малълъизе. Дида гIажамалъ хъвазеги лъалин, гьеб цIияб латин къагIидаялъул хъвай-цIалиялда бараб, яги гьеб хIажатаб пишаги дир гьечIин чIарал чIахIияб гIелалъул бихьиналцин толароан анкьида жанир кIицIул-лъабцIулниги ликбезалде рачинчIого.

Гьенир гIемер кколаан кепал лъугьа-бахъиналги, махсаро-хочIги. Цо къоялъ хIарпал малълъулеб дарсида ккараб лъугьа-бахъин хадуб росулъ гIемераз кеп щун бицунаан. ЧIанил колохъе гIачиязе рагIи-ххер базе ине заманги гIагарлъун рахIатхун вукIуна эмен. МугIалимас, къеда бараб хъарщиялда хIарпги хъван:

– Гьаб щиб, ГIалил МухIама? – ян цIехараб мехалъ, гордухъа къватIиве колохъе унеб нухде валагьун пикрабалъ вугев гьав рекIеда ватизавула.

– Дуца цIулал тIорччоца хъорщода хъварал мухъал ругоха, - ян абула инсуца чIаралъусаго гъоркьан тIаде мугIалимасухъги валагьун. Релъулеб хъуй бахъуна киназулго.

– ХIарпал лъазарун гьечIоха, МухIама, дуца. Гьаб «Ци» хIарп буго, – ян абула рази гьечIого мугIалимас.

– ВахI! Цийищ?  Кинаб ци? Дун кутакалда хIинкъула циялдаса! – янги абун, къадада магIидаса бахъун хъабарчаги кълвалакь ккун, къватIиве векерун уна киндай колохъе ине рес щвелебан рахIатхун вукIарав эмен. Нахъойги бахъуна киназулго релъулеб хъуй. Доб къоялъ тIокIав дарсидеги вачIунаро эмен. Цойги къоялъ авар адабияталъул дарсида рекIехъе лъазабизе кьураб

Сталиниде гьабураб ЦIадаса ХIамзатил кечI цIехолев вукIуна мугIалим.

**«МагIишатиябгун культурияб рахъ**
**Кутак цебе тIуна Сталиница» -**

гьедин байбухьулаан доб кечI. ГIемераз цере рахъун рикIкIана гьеб.

– Лъазабизе кIварабищ, МухIама, кечI? – ин гьикъула мугIалимас дарсил расги ургъел гьечIев инсуда.

– КIвана. Амма тIоцебесеб кIиго мухъ, – ян абула инсуца.

– ВахI! Щай аб гIицIго кIиго мухъ? РикIкIеха гьебгIаги, – ян абула, цеве вахъунги чIун, мугIалимас.

**«МагIишатияб квен, культурияб тIехх**
**Камизе гьабуна Сталиница»**

- ян рикIкIуна, досул бадивеги валагьун, инсуца. МугIалим цо параялъ, рагIаралда божизе кIоларого, гьалгъан хутIула. Цинги вархxиялда бахъараб релъиялъ рекIеда ватизавула.

–МухIама! Дур бетIер сверунищ? Гьаб щиб махсаро? Гьаб рокъосагиросулъаги къватIире гьел рагIаби ани, дуе гьабизе бегьулеб тамихIалъул хъачIлъи лъалищ дуда? Саламатав чиха, ле! – ян абула, мугъалда нахъа квералги лъун, цеве-нахъе хьвадулев мугIалимас.— Вореха, нужеца гьаб ха- бар доба-гьаниб бицунге. КъваригIел гьечIел чагIазухъе щвани, расги лъикIаб хIасил букIинаро. Махсаро гьабизе дуцаги, МухIама, батIияб рахъ балагье, - ан абула живго валъаргъи рекIее гIечIев мугIалимас. Цоги къоялъ ЧIанил колохъе гIачиязе рагIи-ххерги базе, гьоралъул тIохда михирги бачине арав эмен хехго тIадвуссун вачIун вуго.

– Жакъа хехго тIадвуссанагури, МухIама, гирарабищ тIохда михир, – ан гьикъун буго эбелалъ, тахидаги кIусун, как базе щватаби рахъулев инсуда.

– ВахI! Дун къаси колохъго хутIилиланищ мун йикIарай? Валлагь гирарабха михирни гъоба кIкIалахъе гIурухъе щвезегIан, – ин абун буго гьимулаго инсуца. ЦIулал молохъа тIадеги вахун гъажалда букIараб михир тIохрагIалда лъун букIун буго ас, амма хадув живго тIаде вахиналде гирун тIохдасагун хурзал, мучIдул къотIун тIаса-гъоркье кIкIалал тIинде гIурулъе ун буго гебегун.

…Аталасул МухIамагIалил кIалъаялдаса хадубги жамагIат таманаб хъудана. Цояз гьес бицараб ритIухъ гьабуна, цогидаз, гьев жиндирго боцIул ургъалилъ вукIун, кIалъалев чиян рикIкIана. ЖамагIаталъул пикру кIиййиде-лъабиде бикьаниги, хIукуматалъул амру ритIухъ гьабун, гьелъул рахъккураб кIалъай гьабизе цеве вахъунев чи ккечIо. Гьаб данделъи халатбахъунеб ва къваригIараб

рахънибе бачIунеб гьечIолъи бихьарав ЧIанкIаясул ТIинамухIамаца нахъеги байбихьана бичIчIикьеялъулаб кIалъай гьабизе.

– ХIурматияб росдал жамагIат! Гьаб росулъ дир гьоболлъиги, гьудуллъиги камураб рукъги тухумги гьечIин абизе бегьула. Гьанир цере рахъунги чIаралъуса ахIунги цо-цо гьалмагъзабаз цIакъ кьварарал, хIукуматалъулги, партиялъулги амруялдаги нухдаги дандечIарал, къваригIел гьечIел харбал рицана. Гьелъухъ законалда рекъон букIунеб тамихIалъул кьвариги хъачIлъиги бичIчIуларел чагIи нуж рукIиналъ, дица гьал районалъул хIакимзабазда гьарула гьаб годекIаниб бицараб-тараб къватIибе кьоге,- ян абуна гьес дозул рахъалдехунги вуссун.—Хадубги, колхозалде лъугьаян нужеда гьардезе рачIарал чагIиги ниж гуро. Гьеб нужее бокьаниги, бокьичIониги букIинесеб ва хIукуматалъул амруялдалъун чара гьечIого гьабизесеб иш буго. Нужерго бутIрузде балагьги зулмуги цIцIачIого, дие бокьилаан нуж хIукуматалъул амруялъе мукIурлъани. Дагьаб цебе хIурматияв СагIид-хIадаца абухъе, хIамил бетIергIанасеб росдал годекIанир нилъ ахIдон, хъудун гьабизеги хисизабизеги кIолеб жо букIунаро. Гьаб колхозал гIуцIцIиялъул иш буго нилъер кIудияб улкаялда чаналиго соназ цебе байбихьараб ва ахиралде щолеб бугеб тадбир. Те пайда гьечIел харбалги, сабуралда рукIа… Гьалдалъун росдал данделъиги къараблъун рикIкIуна. Дица цебеккунго лъазабурал чагIазда гьабсагIаталда школалде рачIаянги гьарула. ХутIарал нужерго хIалтIи-ишазде русса. Баркала киназего!

…Гьедин лъугIана доб къоялъ нилъер гьитIинаб росдал годекIаниб букIараб данделъи. Таманаб мехалъ бихьиналги руччабиги бакI-бакIазде ракIарун кIалъалел, жидер ургъелал цоцазе рикьулел хутIана.

Дол, цереккун лъазабун, школалде ахIаразда гьорлъ дир эменги вукIана. Школалде сверизабуниги, росдал жамагIаталъ мажгитан гурони абулароан гьелда. Дун, хех гьабун тIохдасаги рещтIун, инсуда хадув мажгиталъул кIалтIе щвезегIан вилълъана. Гьол жанире ингун, ХIажимухIама-дацил рукъалъул кIалтIа, мажгиталъул нуцIида дандвитIун къадал ракьанда гIодов кIусана. Дида аскIоре жеги таманал чагIи ракIарана. Гьоба жаниса бихьиназул цин гьаракь борхулеб, цин гIодоцунеб, амма бичIчIизе захIматаб гаргар рагIулеб букIана. Рагьун мажгиталъул нуцIагун, жанире хьиталги рахъичIого унел-рачIунел бихьинал рихьигун, дида ракIалде щвана, мажгитги къан, гьениб школаги гIуцIцIун ниж, цIалдохъаби, жанире рачунеб къо. Хьитал рахъичIого жанире лъугьине хIинкъарал ниж, къватIиб росулъа мугIалимас, лъикIаб-квешаб бицун, гьесизарулел рукIана. Дир гьитIинай яц Хаджай щиб бицунги хьиталгунги гьел рахъунги лъугьинайизе кIвечIо жание. Гьелъие мажгит букIана гIиссинал ясал жанире лъугьине гьукъараб бакIлъун. Къуръан малълъизе ниж васал гьенире хьваданиги, ясал СагIид-хIадахъе яги цогидал цIаларал чагIазухъе рокъоре хьвадулаан. НуцIида гъежги цун, кIиябго кверalъ гьумерги ккун, гIек-гIекиялда гIодулей гьелъухъги валагьун, «Гьа, телин гьанжесалалъ, нахъа ячIиней ятила» – янги абун, къан хадуб нуцIагун, жаниве лъугьун ана мугIалим. Дица гьей, кверккун ячун, къулгIаялъубе чваххулеб лълъадаца гьумерги чурун, рокъое йитIана.

Мех балалде годекIанире, хадур цIцIан кьоло-гъолорал районалъул хIакимзабазул чуялгун, ХIажавги гьесул кIудияв вац МухIамаги, Хабчул МухIамал ТIайгибги, ХIафиз-ГIумарил ТIинамухIамаги рачIана. Чуял, сверун

Лъугьун, халгьабизе гIолохъабиги дир кьерилалги лъугьана.

Заманалдаса мажгиталдаса къватIире хIакимзабиги, гъоре ахIаралги рачIана ва годекIанире рилълъана. Дагьалъ хабар-кIалалдаги рукIун, гьел, къо-лъикIги гьабун, хадурцIцIан чуялгун ЧIанкIаясул ТIинамухIамада хадур къватIчIван гIебеде росурагIалда ГъоркьаахIинуб гьоцIире рилълъана. Гьел нухарегIизе унел бихьиназда гъорлъ дадаги вукIиналъ, дунги вилълъана гьелгун. ГьоцIир чуяздеги рахун гьалбадерица гIебеде Гьиндибе ва Къардибе росулъехун нух босана.

–Хадусала кинан-щиб букIинебали дица лъазабила. КватIичIого районалдаса гIи-боцIул хъвай-хъвагIай гьабизе чагIи рачIине руго, – ян абуна ЧIанкIаясул ТIинамухIамаца, районалъул хIакимзаби дагьал рикIкIалъигун, чодул кьолониса дагьалъ гIодовеги къулун, инсуда.—КъваригIел гьечIел харбал рагIизаруге кколелги кколарелги чагIазда. Бажарараб кумек, кверчIвай гьабичIого дунги вукIинаро… ЛъикI хутIаги…

– Нух битIаги… ЛъикI буго… Дуца малълъухъе гьабила, ТIинамухIама... Батила киналъего Аллагьасул цо хIукму, – ян абуна инсуца пашманаб гьаракьалъ.— ГьабичIого ресги щибха нижер…

ГIурущобда нахъе гьалбадерил чуял тIерхьингун эмен квегIиса тIадехун,

ТIадхIорихъ мугIрул щобда бихьулеб гIиял рехъаде валагьун чIана. Росу бихьулеб щоб букIинальги батила, ГIаникь магIардаса кваназе гIиял рехъен гьенибехун биччалаан мех-мехалда гIухьбуз. Мех-мехалдаса гьез, гьениса рецарулел руччабазде яги росданахъа бачазда ругел лъималазде, ахIун лъазабулаан жидеего къваригIараб-таралъул. «ГьедигIан цIцIакал рахъизе нижги чIеларелха, хIакимзаби», – ян щурун абуна инсуца, хIакимзаби тIерхьараб щобдеги валагьун, жиндаго гIадин. Дица гьесул рагIабазул цIикIкIараб кIварго гьабичIо... Хех галабиги росулаго, цеве-цеве унев инсуда хадув гъезе яхI бахъулаго, рокъобехун нух босана.

**5.**

Ниж рокъоре щвейгун эбел къварид ятана. Данделъи унаго, нижер рукъалда цебехун букIараб Шайихасул тIохил рагIалда руччабазулъ йихьун йикIана дида гьей. Гьениб рагIараб хабар рекIее гIечIей гьелъ ниж жанире раккигун, суалазул цIад базабуна инсуде:

– Вай, Аллагь, цIцIан кодоса кинабго магIишатги бахъун, мугIрул тIогьиб, кьурабалъ къараб росулъ кинан гIадамаз гIумру гьабизе кколеб? Кинаб мунагьалъухъдай Аллагьас нилъеде гьаб балагь тIамураб? Мун кIалъачIищ,

МухIама, ЧIанкIаясул ТIинамухIамадгун?

– Дуца ахIи-хIур те, Кусу. Гьебги добги заман щвейгун якъинлъизе батила.

Гьанже абулелъулги гьабулелъулги хIисаб гьабизе, цIодорго рукIине кколеб

заман бачIун буго. Абурабги абичIебги НКВДялде щвезабулел мацIихъаби камуларо, мун гIемер кIалъаге иццухъги корохъги. Нилъер ургъел-тIалаб

гьабизе магIишат, гIи-боцIи гурелги, рукъ цIурал гIисинал лъималги ругин. Чан жоялъул пикруги хIисабги гьабизе кколеб бугеб гьанже…

– Мажгиталде щибизе нуж ахIарал? Бихьулищ эз гIи-боцIи бугелщинал тIаса рищун ахIана гъореги. Лъалеб батиларищха хIукуматалда лъил кигIанисеб къадар боцIул бугеб, щвезабун батиларищха райкумалде кинабго аниса ракIал чIегIерал чагIаз, – ин жийго жиндаго гIадин кIалъана гъасда цIа бакизе квалквадулей эбел.

Эмен, жиндирго бакIалда вехьасул тIилги лъун, тахбакIида гIодов кIусана. Гьев кутакалда рахIатхун вукIин бихьулеб букIана. Накабазда лъурал жиндирго риццатал килщалги ругел чIахIиял хъатазухъ тIоцере рихьулел гIадин валагьун хутIун вукIана гьев. «ГьедигIан цIцIакал рахъизе нижги чIеларелха», – ян такрар гьаруна гьес дол гьалбал регIулелъул ГъоркьаахIинуб гьоцIир абурал, дида магIна бичIчIичIел рагIаби.

– КъебедхIажияв, мунги бакъани-маркIачIул гIужда тIагIунге, вихьулетолелъув вукIа. Щиб-кинали дица хадуб бицина, – янги абун, хващтIан вахъун эмен къватIиве лъугьун ана. Мех балелде гьесда хадув вахъарав дида ХIафиз-ГIумарил рукъалда нахъе тIерхьун унев гьесул мугъ бихьана. Дида бичIчIана гьев Аталасул МухIамагIалил дове унев вукIин. Гьесда хадув ине хьитал ралагьулев дун  эбелалъ жаниве ахIана.

– Дун лълъел цIун ячIинегIан гьалда аскIов вукIа, дир вас, – ин абуна ретIа-къалей эбелалъ, гьитIинай Хатиматил киниде бетIерги хьвагIун.— Кьижун йиго ай, ахIи-хIур гьабуге, гьудулзаби рачIани, къватIире нухда лъе, гьей нолълъ рогьинегIанги кьижичIин.

МаркIачIуда инсуца дунги Хабчул МухIамал ТIайгибги, ТIадчIанил гIурда ракьулъ магIги чIван, халатаб гIарщида бухьараб чу бачине ритIана. ТIайгиб дидаса чанго соналъ кIудияв вукIана, гьев дир инсуе вацгIал кколаан. ТIеренаб, борхатаб лага-черхалъул, чIахIиязул тIалаб, кIанцIун вахъун, тIубазе хIадурав, михъида хIурчIвалев лебалав гIолохъанчи вукIана ТIайгиб. Инсуца гIемер ахIулаан гьев кумекалъе гIиял речIчIулелъул, квас къунцIулелъул ва ЦIоралде-нахъе рехъаби гочинарулелъул. Ниж чуги бачун рачIингун эмен, хех кьили-тIенкги босун, гьеб кьолозе жувана.

– Векере, квачалаdensредухъ хехго ретIа-къай, дуе цIиял чарухъалги кьеян абе эбелалда. МагIарде ине ккола. Хех гьабе! – ян абуна дида инсуца.—ТIайгиб, мунги хIадурлъе нижгун вилълъине. Дур кумек хIажат буго, дица инсудаги лъазабунин, воре, дагьаб гIедегIел гьабе, – ян рагIана рокъове лъугьунев дида, инсуца ТIайгибидаги абулеб.

Хадуб цIцIан чугун эменги нижги къватIчIван гIебеде магIарде ине къватIире рахъана. Аталасул МухIамагIалил рукъалъул кIалтIа бугоан кIиго кьолораб чуги сверун лъугьун гьесул ункъавго васги. Цинги, эхеде магIарде унеб  нухде ниж райгун, гьелги хадургъун  къватIир рахъана. Зирххун роцIцIараб зодор цIик-цIикиялда гвангъарал цIвабзазулги, цIун бахъунеб моцIролги  канлъиялъ, квалквал гьечIого унедухъ, нижее нух бихьизабулеб букIана. Росу бахингун

эменги, Аталасул МухIамагIалиги, гьесул цIикIкIарав вас ХIабибулагьги чуязде рахана. Нижецаги хехгьабун чуязул рачIчIал ккезе гIамал гьабуна, гъоркьан-тIадехун кIичIардилаго унеб нухда рилълъине бигьалъи букIине. Дунги ХIажавги, нижер чодул рачIчIги щулаго квераздa жемун, унел рукIана.

-- Нилъ кире ва щибизе унелали лъалищ дуда? - ян гьикъана щурараб гьаракьалъ ХIажас, дидехун бетIерги гьетIизабун.

-- ГIаникь магIарде гIиял къавудеха,- ян абуна дица, инсуда кире гьадин къаси рахъун унелали гьикъизе ургъичIолъиялдаса ракIги бухIун.

-- Щибизе?

-- ГIиял къадар рикIкIине ва квешаб-лъикIалъул халгьабизеха…

-- Лъалеб гьечIо,- ян абуна ХIажас, кIудияб кIваралъул балъголъи лъалес гIадин.

-- Щибизеха?- ян гьикъана хIакъикъаталдаги нижер къасисеб сапаралъул балъголъи лъазе бокьарав дица.

-- Рехъалъа тIасарищун нилъерго лъикIал куйдузулги чахъабазулги цо къадар УхIдил магIарде гьоболасухъе щвезаризе ккола нилъеца къасиго.

Колхозалъ кинабго боцIиги нахъе бахъун, гьакIкIан кIалалгун чIезе ккани, нилъ гIабдалзаби гурелъул… Нилъер чIахIияз гьединаб хIукму гьабун буго, - ян щурун абуна ХIажас. – Дидаги дагьаб цебе вац ГIабдулагьица бицана,- ян тIадеги жубана гьес. ХIажас бицаралъ дие кутакаб асар гьабуна. Дида гьанже бичIчIана «ГьедигIан цIакъ цIцIакал рахъизе нижги чIеларин» инсуца сон абурал рагIабазул магIна. Дир ботIролъ ххенолел рукIана киндай гьеб иш рагIалде бахъинеб, годекIаниб районалъул хIакимас абичIищха колхозалде гIи-боцIи кьезе инкар гьабуразе яги бугеб къадаралдаса дагь бихьизабуразе, кьварараб тамихI гьабилин, мацIихъабаз къаси гьабизесеб районалъул хIакимзабазда лъазабуни, балагь бачIинарищ нижеде абурал пикраби.

- Нилъ гьадин сардилъ рахъун магIарде унел рихьанагури чангиязда, гъоз мацI гьабуни, щибдай букIина? – ян абуна дица, хIакъикъаталдаги ургъалилъе ккун.

- ГIиял бетIергьаби магIарде ин бегьулареб жойищ? Дагьабищ лъугьа-бахъин, къваригIел букIунеб? – ин кIварго гьечIого абуна ХIажас.— Сон дадаги вац ХIабибуллагьги ун рукIун руго мегIер бегун нахъехун УнхIада росулъе гьоболасулгун къотIи гьабизе, нилъер цо бутIа гIиял заманалъ дозул рехъалъе журан тезе, гьаниб рикIкIен-хIисаб гьабун бахъинегIан.

…ГIаникь гIиял къавуде щолеб лъарахъе ниж лъугьунаго гьабзазул хIапдей рагIана. МоцIрол канлъухъе, тIаса-гъоркье нижеда данде ццидалаб хIапдейгун роpтун рачIунел гьаби рихьана. Гьел аскIоре гIагарлъигун, дун, цIарги ахIун, нижер Борокалда данде вилълъана. ЦIахIилкьераб залимаб гьеб моцIрол канлъухъе жеги кIодолъун, гIассияб жанаваралда релълъун бихьулеб букIана. Дун лъаравго аскIобеги бачIун, гьелъ хъващтIан кIанцIун дир каранда лъуна жиндирго цересел кIвачIал. Дун ватиялдаса унго-унгоги боххун букIана Борок. Ниж къавуде щолаго, кодор каналда ракарал цIаялгун гIухьбиги рачIана данде. Гьезул хъваш-башалдасаги хабар-кIалалдасаги дида бичIчIана ниж рачIине рукIин гьезда цебеккунго лъалеб букIараблъи.

ХIораб гIиги речIчIулел чахъабиги батIа-батIаго къан рукIана чолонир.

Цо-цо рехъада хадув кIи-кIи вехь вукIана, мухьги кьун ккурал. Гъезул кIигоязул бицунеб мацIалъул сверелалдаса бихьулеб букIана гьел батIияб мухъалъул чагIи рукIин. Гьеб букIана росдал жамагIаталъулго гIиял хьихьулеб мегIерги къавуги. Нижерги Аталазулги гурел, росдал цогидал гIадамазулги гIиял рукIана гьанир рехъалъ. ГIи бечIчIулелъул щивасул чахъабазул къадаралде балагьун рукIунаан  лъие чан къоялъул рахь кьезе кколебали чIезарурал къоял.

Чолониб къараб гIиялълъа, кодор рекIарал каналгун свердун, чIахIияз рихьизарурал чахъабиги, хадуб цояб рехъалъа куйдулги, ккун, къватIире реххулел рукIана нижеца. Ахиралда чолода къватIирехун кIиязулго цадахъ рикIкIун, кIинусидасаги тIаде къадар гIиязул гIуна.

– Гьа, гIелин гьанже, – ян абуна Аталас жиндир хъахIаб дегIенги кIичIарал лълъурдулги ккун, чолол кIалтIе хадуб цIцIалаго.— Воре, гIолохъаби, рикьа-риххизе риччаге гьел... МухIама, дуда лъалаха кинаб къавуде ине кколебали…

– ЛъикI буго… Гьанже гIемер чIезе заманги гьечIо, рогьиналде лъоб мегIер бегизе ккола нилъеца, – ян абуна инсуцаги, кваранидехун, УнхIадил магIарде бетIерги хьвагIун.—ХIажавги КъебедхIажиявги рилълъинчIониги гIезе ратила, дие кумекалъеункъо гIолохъанчи ругелъул.

ТIайгибги, Аталасул лъабалго васал: ХIабибуллагь, ГIабдуллагь, МухIама рехъалъа рищарал гIиязул тIалаб гьабизе рортана. ГIаникь-лъар бахинегIан гьезие кумекалъе нижги рилълъана. Гъоркьан тIаде кIичIардилаго унеб нухде гьел райгун, эмен, чодеги вахун, квердасан кванан ругьунаб чIегIераб дегIенги хадуб ахIулаго, бигьагьавун гIияда цеве ана. Гьезул сас-махI къотIизегIан лъарахъги кIусун, нижги къавуде тIадруссана.

Доб сордо дицаги ХIажасги гIухьбузда аскIоб бана. Къаси кванан рахъарабго кIудияв вехь ГIалиги нижги, хадур тIамун гьабигун, кIиябго рехъадул халгьабизе, чали сверун рилълъана.

– Къаси дунги нужер кIигоялги гьанир регилаха, гIолохъаби, кIиабилеб сордо буго нижехъе «сардил гьобол» бачIунеб, – ин абуна вехьас, горгьабун бегараб хIораб гIиял рехъадул гъоркьияб рахъалде щвейгун. – Нужее бицине гIажаибаб лъугьа-бахьинги бугебха дир, – ян тIадеги жубана гьес, регизесеб бакIалъул хал-шалги гьабулаго.

– «Сардил гьобол» щиб, ГIали-даци? – ян гьикъана дица, дида ракIалда ккованухъе батизе бокьичIого, моцIрол канлъи бугониги, чIегIерлъун бихьулеб ЦIурал байдабазде тIаса гъоркьеги валагьун.

– Щибха букIунеб, гьудулав чи, къаси гIиял къавулъеги кIанцIун, хапан лемагги хъамун, кIкIалахъе тIерхьун унеб циха. Амма къаси долъул жо кколаребха, дида цадахъ гьадинал бахIарзал рукIаго, - ян абуна гьес нижер кIиясулго гъуждузда квералги лъун.—Гьадин роцIцIараб, цIвабиги кунчIараб, моцIги гвангъараб сардилъ чанай бахъине къасд гьабуларебха гIалхул жанаваралъ, амма ракъиялъ бокьараб гьабизе тIамиларищха рухIчIаголъи. Нилъги тох рукIинаро, хIажат ккани щукьвагьулебги бугебха нилъехъ..

ГIали-дацил хабаралъ нижее расги лъикIаб асар гьабичIо. Амма гьеб досда тIатине биччачIого чIезе яхI бахъана нижеца. Дагьалъ хабар-кIалалдаги рукIун, къавудаса буртабиги, туманкIги босун, ГIали-дациги нижги цебеккун

халгъабураб бакIалде тIадруссана. Кидадай гьес доб гIажаибаб хабар бицинебан халккун рукIана ниж.

– КIикъойилъаги тIаде сонал ана дица вехьасул тIил кодобе босаралдаса.

ГьабсагIаталда нужер гIумруялъул чи вукIун ватила дун тIоцеве инсуда цадахъ магIарде араб мехалъ, – ин байбихьана хабаралде ГIали-дацица, хъалиялда цIаги лъолаго.—Чанги чIегIерабги, хъахIабги, лъикIабги квешабги бихьана захIматаб вехьасул хIалтIи гьабулаго дида магIарухъги ЦIоралдаги, бахIарзал. Амма араб риидал гьадаб щобда нахъа ТIадхIорихъ габурлъуда бихьаралъ кутакаб асарги гIажаиблъиги гьабуна дие. БатIияв чияс гьелъул дие бицарабани, лъаларо дун божизе вукIаравищали…

Анкьалъ чIечIого цIадал рана дол къояз. Цо къоялъ, бакъанимех гIагарлъигун, нахъеги чIегIерал накIкIаз зоб бацана ва мех балелде байбихьана тIупан тIун цIад базе. Жеги сордо щун гьечIониги, накIкIаз дунял бецI гьабуна. Нижеца хехгьабун рехъен къавуде къотIизе гIамал гьабуна. Чолонибе гIиги къан, пажинирeги лъугьун, биччараб ретIел хисулеб букIана нижеца.

– ГIали, Аталасул чIегIераб куйги бихьулеб гьечIо, хIораб рехъадаса тIун гIиял хутIун ратизе руго нилъехъа, – ян абуна дир гьалмагъас пажинивеги ваккун.—Цо дуцаги халгъабуни лъикIан…

Нижер лъабасго рахъун халгъабуна чолонир къарал гIиязул. Аталасул дегIенги дирго кIибагъаб куйги камун ругоан рехъалъа. Нижеца хIукму гьабуна камураб гIияда хадув, бецIлъилалде, ТIадхIорихъ габурлъухъе дун ине. Гъежда туманкIги бан дица нух босана. ЦIад дагъаб хьадарлъаниги, сверухъ жо бихьулаpедухъ  накIкI лъун букIана. Дун нижеца къавулъе рехъен бачараб нухккун унев вукIана. ТIадхIорихъ габурлъухъе дун ваккигун, дидаса нусго галул манзилалъ гIадин тIадехун ичIго-анцIигогIанасел гIиязул гуриги цебе къотIун, дидехун мугъги кьун унев залимаб къаркъалаялъул чи вихьана дида. Цин цояб квер гIебеде битIун, цин цогидаб квер хьвагIун, гьев чияс гIиял щобда нахъехун къотIулел рукIана. МаркIачIул бецIлъиялъги гIодонакIкIалъги,мухIканго валагьизе дие квал-квал гьабулеб букIана. «ВахI, щивдай гьадин кватIараб гIужалъ гIиязул тIалабалда вугев чи?» – ян пикру гьабуна дица. Дица гьаракь гьабуна.  Гьев чи, гIадалъ тIил барав киниги, тIуркIана. Цинги, дагьалъ къулун гIодовегун, кьурун дидехун бетIер буссинабуна. Дун абизеги ахIизеги рекIеда ватуларого гьалгъан хутIана. Гьеб дида гIаданин ккараб жо бугоан ци! Гьеб цо лахIзаталъ дихъ балагьун чIана, цинги къулун гIодобегун, ругелъурго гIиялги тун, щобде нахъе лъутун ана. РекIеда ватун, гъеждаса туманкI бахъулев дун вукIаго, нижер гьабиги ана щцидалаб хIапдейгун долда хадур роpтун. Бихьулищха, бахIарзал, циялъул бугеб гIакълу-цIодорлъи? ГIиял жиндаса хIинкъунгутIизелъун, гIадамасухъего бахъунчIун, гьезие гIамал гьабулеб букIун буго. Циги чуги бищунго цIодорал хIайваналин абулаха. ГIиялги церекъотIун, дун къавулъе тIадвуссана. Дица бихьаралъул бицингун, «Маргьабазе цIакъав вугоха мун, ГIали», – ян абун, кIварго кьечIо гьалмагъзабаз дир харбиде. Аммаха, гьудулзаби, гьаб кIиябго беpалда бихьана гьеб жо. Бокьани, божа, бокьичIони, божуге, – ян абуна, гIодобе хъалиянги рехун, вехьас.

Дунги ХIажавги кIудияб тамашалъи гьабун цоцахъ ралагьана. Жиндир хабаралъ нижее кIудияб асар гьабиялдаса воххарав гIадин вукIана ГIали-дациги. Гъалараб буртинадулъги жемун, цIвабзазул цIураб зодове валагьун, вехьасул хабаралъул хIисаб гьабулев вукIана дун. «Гьесул бакIалда дун вукIаравани, щибдай дица гьабизе букIараб? РечIчIун туманкIгун чIван реххилаан. Гьас щайха гъоб тIуризе тараб? Батила дуе, чараб бурутI, бахъун нахъисел хIатIаздагун, пахруго бетIерги кIичIизабун тIаде бортараб мехалъ, анагури тIурун мунан кIалгьикъана дида жанисеб гьаракьалъ. Доб цебего, дун гьитIинаб мехалъ букIараб жойин дицаго диего ракI-макIги гьабуна. Гьанже дун кIудияв гIуна, бихьулищ ГIали-дацицаги нижеда бахIарзалин абулеб» – ин анцI-анцI пикрабалъ вукIарав дун лъачIого кьижун ккун ватана.

## 6.

Радал ниж рорчIигун бакъ эхеде бахун батана. ГIиял рехъенги лъар бахун добехун хьонлъуда кваналеб бугоан. Дица, тункун, ХIажав макьидаса ворчIизавуна. Гурун къвалакь буртабиги ккун, гъоркьан тIаде ниж рачIунаго, къавудаса добегIан чIвараб цIулал хIободаги бан, куй ччукIулев эменги ватана. Ниж рорчIилалдего УнхIадил магIардаса тIадруссун рачIун рукIун руго гьел.

– Гьа, вахъаравищ? Векере, лъарахъа лълъел цIун вачIа, – ян абуна инсуца аскIове щолев дун вихьаравго. Лъарахъе унеб гохIил тIогьиб буртинаги тIамун, хьибилчIван вегун хьонда кваналеб гIияхъ гIащикъго ралагьун ругоан Аталавги гьесул васал ХIабибу-ллагьги ГIабдуллагьги.

– БоцIуда баракат лъезе ккани, инсанасе гьел унго-унголъунги рокьизе ккола. КIвахIалавги, хьантIаравги, захIмат бокьуларевги чиясул хIалтIи гуро гIи-боцIухьанлъи, – ян абуна Аталас, аскIове щварав дихъги валагьун. – Дир инсуца абулаан: магIарул аби батанила гIиялъажоялъ рукъалъул ункъабго бокIнидаса мискинлъи къватIибе гъолилан: цоо бокIнилъ къунцIараб квас лъезелъун, цогидаб бокIнилъ бечIчIараб рахьдал хъаба лъезелъун, лъабабилебги ункъабилебги бокIназда хIанги, гьанги лъезелъунин. Цо-цо чагIазда, дир гIиязул рехъаби гурони, гьезда нахъа бугеб хIалхьи гьечIеб гIумруги, квач-цIоройги халлъичIого, гьабизе кколеб гIетI тIураб хIалтIиги бихьулебго гьечIо. ЦIакъ бичIчIизе захIматаб ва хIинкъи цIикIкIараб заман бачIун буго, дир лъимал. Щибаб бицунеб рагIулги багъарараб лагаялъулги хIисаб гьабе, цIодорго рукIа. Кинабго буголъи ва боцIи кодоса бахъун, гIадамал тезе ругин хIукуматалъин абураб жоялда божизе бокьун гьечIо. Батила Аллагьасул цо хIукму…

Гьезул хIатIааххадаса гъоркье ралагьизе хIинкъарал кьурул парсал рукIана. ГIаникьлъури (парсал) абулаан нижеца гьелда. МаркIачIудаги къасиги лълъел цIезе унелъул цIодорлъи гьабизе кколаан гьениб…Лълъелги цIун дун тIадвуссингун гьан къотI-къотIулев эменги, цIа-кан рекъезабулев Аталавги, сверун лъугьун гьесул лъималги ругоан.

– Вореха, гIолохъаби, нолъ къаси нилъеца гьабуралъул къватIиб рагIи бахъуге... ХIалихьатал чагIи камуларо, мацI гьабизе бегьула бокьарас, божи гьечIеб, хIинкъараб заман буго гьанже, – ян абуна Аталас, кваназе гIодор чIейгун киназдего beралги щвезарулаго.— Макьилъ бихьаниги божизе

вукIинчIо рехъалъа дирго гIиял цIогьохъего рищун рахчизе ккараб заман бачIинин абурабани… Хадуб ккараб ккела… Аллагьас лъикIаб хьван батаги…

Росулъе унелъул инсуца, ххамилъги жемун, куйдул бох лъуна дагIнил цIакидаса гьабураб ТIайгибил богIорцуялда жаниб. Гьеб букIана гьабураб кумекалъухъ гьитIинабго сайигъат. ХIарахIокь лъарахъе щведал нижеда дандчIвана дирго кьерилал Бадал ГIумарил МухIамадги Зурма-ГIумарил КъурбамухIамаги, Мачал магIардаса ахIун риччарал чуял ккун рачине унел.

Дунги ХIажавги, тIадруссун, гъираялда гьезда цадахъ рилълъана магIарде.

Мачал хIорихъ чвердезеги байдабазда чуял тIамизеги бугеб гъираялъ нижеда кIоченабуна рикIкIада магIарде нухлул халалъиги, чуял ккезе чIоларого букIунеб рекерахъдиги. Аза-азар тIугьдуз берцин гьабураб, рачлихъе бахунеб ххарил ва цо-цо бакIазда ратулел гIисинал хьуцIцIазул цIураб байдан нижеца хех нахъа тана. Лъар бахингун эхедераялъ ине кколаан. Мачал гIиял къавуде щолеб гохIикь ххардаги регун, беразда дурнабазухъего кверални ккун, кигIан ралагьаниги, нижеда чуял рихьулел рукIинчIо.

– ХIорихъе лълъим гьекъезе рачIун ратизеги бегьула, ялъуни доб щобда нахъа Къунел магIардехун инеги рес буго гьел, – ян абуна КъурбамухIамаца, цонигиясда чуял рихьичIеб мехалъ, нижее ракI-макI гьабизе гIадин.

– Гьадал гIухьбузда цIехеларищха нилъеца, дозда рихьичIого рес гьечIо чуял, – ин абуна къавудаса кваранидехун хьонлъуда бихьулеб гIиял рехъаде кверги битIун, Бадал ГIумарил МухIамадица.— Свак чучиялъе цин чвердела, цинги рилълъина дозухъе.Гъоркьан тIаде ниж рахингун гохIда нахъа бакъуде кенчIолеб, тIину бихьулеб бацIцIалъиялъул кIудияб Мачал хIор цебереххун бачIана. Бакъбаккул рахъалдаса гьитIинабго лъар бугоан гьенибе чваххулеб. Нилъер росда сверухъе тIокIаб гьединаб кIудиябги бацIцIадабги хIор гьечIо. Пайда щибха, гьеб гьедигIан рикIкIада мугIрузул ракьанда букIун.

Хех ретIелги тIаса бахъун, цоясда хадур цоял гьарун, ниж хIоринире кIанцIана. Цереги чанцIулго щун рукIиналъ, нижеда лъалаан гъварилъи дагьаб, хIинкъи гьечIеб бакI тIаса бищизе. Хинаб роол къо букIаниги, хIорил лълъим гIезегIан цIорораб бугоан. Гьелдаса дагьаб добегIан цойги хIор букIана, амма гьенир чвердолароан гIадамал. Сверухъе хьуцIцIалги лъугьараб, бакъуде кенчIолел беэнал, нартил гIадал кьер-кьерал горалги тIад чIараб чорокаб лълъим букIана гьениб. Чвердон рахъун, ххарда бакъалда регарал нижеда тIаде магIардаса гъоркье вачIана гъалараб тIагъурги лъурав, къокъабго лага-черхалъул, бакъуца чIегIерлъараб гьумералъул, ризаб мегежалъул гIиявехь.

– Гьадаб щобда нахъа хьонлъуда руго нужер чуял. Радал гIиял къавуде гIагардегIан рукIана рачIун. Хадур гьаби лъугьун, дорехун ана къотIун, – ин абуна гьес тIилги добехун битIун, ниж гьанире рачIиналъул мурад бициндал.— Нужеца хех гьабе, гIолохъаби, кватIизе гурин, бигьаго ккезе чIоларин эл.

Гьес абухъего, чуял ккезе чIоларого гIемерал рекерахъдизе ккана ниж. Лабалаб хьонлъуда нахъехун, нух гьечIеб кьурул щобдеги рацIун, къваригIараб кIиго чодул горбода гIарщ бухьине бажарана ахиралдаги.

Нижедаса рорчIарал хутIарал чуял чундузул лебаллъиялда гъоркьан тIаде гохIде ххарун унел рукIана. ТIараде щолаго цIахIилкьераб барти, нахъисел бохдулги хъущтIун, тIаса гъоркье рехун бачIун, хутIаразул гурулълъ речIчIана,

талихIалъ гьезул кумекалдалъун хъитIнибе бортичIого хутIана. Хис-хисун тIадги рекIун, хIоринире рацIун чвердезаруна нижеца чуял. Чахьазде лълъим бахингун, гIебеде гарбалги ритIизарун, пенхъолаго, гIажаибго берцинго лъедолел рукIана гьел.

…Бакъанида, рохьдохъанас магIардаса гIачи росулъе къотIулелъул щвана ниж росулъе. Доб къоялдаса нахъе цо моцIниги ун букIанин ккола. ГодекIанибги, корохъги, иццухъги бицунеб хабар цохIо гьел колхозазул букIана. МагIарул батIиял районазда ккаралин цояздаса цоял божизе захIматал харбал раккулел рукIана: цо кинабалиго росулъ, кулак гьарун, Сибиралде ритIун арал хъизамазул, колхозалъул боцIи талавур гьабулел, ххер-хур цIа гъун рухIулел хъачагъаллъун мугIрузда рахчун чIарал бечедазул ва гьезда хадур лъугьарал НКВДеялъулазул хIакъалъулъ. Жалго разилъун гIи-боцIиги кьун, колхозалъул мухъилъе лъугьани лъикIин, жидергоги хъизамазулги гIумру хвасарлъиялъеян рикIкIунелги рукIана.

Рокъоб щибаб сардилъ гIадин, инсулги эбелалъулги хабар кколаан гьелда тIасан. Эмен цIакъ ракIбекун, хисун лъун вукIана ахираб заманалда. КIицIулниги росдал сельсоветалъул конторалде, мадугьалихъ бугеб Хадиял

Росулъе ахIун ун вукIана гьевги Аталавги, гIи-боцIул къадаралъулги, гьелда релълъарал цогидалги баянал тIалаб гьаризе. Ахираб нухалъ районалдеги ана ахIун. Гьениса вуссарав эмен жиндирго тахида, унтарав чи гIадин, захIматго кIусана. Гьесул кьертIураб гьурмахъ ялагьун сабру хун лъугьана эбел. Эбел-инсул къварилъи бичIчIараб гIадин, рокъоб лъугьараб сихIкъотIи биххизабураб гIодулеб гьаракь бахъана киниялда юхьарай гьитIинай Хатиматил.

– ЧIанкIаясул ТIинамухIамадги ватана районалъул конторалда, гьесулгун дандги бан, диего бокьун гIи-боцIиги кьун, колхозалъул мухъилъе лъугьунев вугин гIарза кьуна, – ян абуна инсуца, хъалиянги рекIинабун, керчаб тIагърикьан щаялиго дихъги валагьун.— БатIияб рес батичIо гьаб хIакъикъаталъукьа нилъер хъизангIаги хвасарлъиялъе, гIи-боцIулни бицинарин…

– Вай, бихьунги бицунги гIадам божизе бегьулеб хабарищ гьаб? Щиб мунагьалъухъ, БетIергьан Аллагь, дуца гьаб балагь нижер бетIералде биччараб? – илан гIодизе лъугьана эбел. Гьелъухъги ялагьун, кинабго бичIчIичIониги, гьитIинай Хаджайги лъугьана гIодизе…

– Кусу, дуца бакънал те! Лъималги хIинкъизарун, гьеб щиб дуда батараб жо гьабизе? Гьанже, гIодизе гурел, тIадеги яхIги, сабруги, чаранги рекIелъеги биччан, къваригIел гьечIел харбалги рицинчIого, щулаго, цIодорго рукIине ккола нилъ. ТIомаразулги, кьаналазулги, анцухъдерилги росабалъа буголъи араб гIечIого, хъизанго цадахъ кулак гьарун, ХIубикь-Гъунире ритIаралги рагIула. Гьаб кIочарабги балагь бетIералде щогегийин гьардезе кколеб заман бачIун бугин. Батила Аллагьасул цо хIукму…

– Нилъее дагьалниги гIиялъажалго толарелищ эз? Рукъ цIураб хъизам кин хьихьизе кколеб нилъеца, элъул хабарго ккечIебищ, МухIама? – ян гьикъана щайтIан-чирахъул канлъи щолареб рукъалъул бокIнилъ киниялда къвалги бан

яс кваназаюлей эбелалъ. КIазил рагIалалъ мех-мехалда магIуги бацIцIунеб букIана гьелъ.

– Тезе ругин дагьа-макъалго жалин абуна, амма кигIанаб къадаралъин абичIоха жеги. Кулак гьаризесел, ресалда ругел щибаб росдал гIадамазул сияхIал рагIула гьенир хъван хIадурун. Колхозалде лъугьине гIарза кьуни, хутIизе рес бугин, жинцаги хIакимзабазда лъикIаб хабар бицинин дир рахъалъанин абуна ЧIанкIаясул ТIинамухIамацаги. Аллагьас гьеб балагьалдасаниги цIунилел ратила… ХутIаралъул пикру-хиял хадуб гьабила…

Мухьги кьун, хасел тIамизе ЦIоралда росарал ракьазул суал тIубазе дове ана эмен кIиго-лъабго къойидасан. Анкьниги добаги бан, цо къоялъ маркIачIул гIужда, росурагIалда чодасаги рещтIун, хадуб цIцIан гьебгун, гъоркьан тIаде вачIун, рукъалъул кIалтIа хIобода чIвараб магIида бухьана гьес чодул чIолохъжо. ТIаса гьирги босун, «Гьелъул гIадлу гьабе» – ян абулеб гIадин, диде, бетIер хьвагIун, ишанги гьабун, рокъове лъугьун ана.

– Нилъер гIиял къавуги хIукуматалъ колхозалъе бахъун ун батана, гьелъул бетIергьанчиги кодовего щвечIо. Кулак гьаруразул сияхIалъулъ вукIин тIатун, тIагIун вугин бицана лъале-хъвалез. Кибго тIадбан унеб бихьула колхозазул иш… ТIокIалъ нилъ гIиялгун ЦIоралде инаро… Кинха инел, гIиялго гьечIел чагIи… Гьединаб буго жакъа къоялъул хIакъикъат, - ин абуна инсуца къаси кванан рахъингун. КьертIураб гьесул гьурмахъ ялагьун, лъикIаб хабаргун гьев вуссинчIолъи бичIчIаниги, суалал кьезе хIинкъарай гIадин эбелги гIенеккун чIана. — ТIокIаб тIаде цIияб хабар-жого бугебищ? Росулъ щиб ахIвал-хIал бугеб?

– ГьечIо батIияб щибго жо... Гьел колхозазул бицунеб гурони, гьанже иццухъги корохъги батIияб хабарго букIунаро. Эмен ЦIоралдаса вуссун мехго балалде, районалъул хIакимзабазул къокъаги бачIун, гIиял къавабахъе хьвадун, гьабун хъвай-хъвагIайгун нилъерги, Аталасулги, цогидал росуцоязулги, дагьалго жалги гъоркь тун, гIиялги рахъун ана. Бугеб къадаралде балагьун, хIукуматалъ гIиял инчIеб нагагьги хъизам хутIун букIун батиларо нилъер гIи-боцIи хьихьизе квегIенаб росдал жамагIаталъул…

… Доб къоялъ росдал бакъбаккул рахъалда бугеб ГIуракь щобде бакIарун букIана жамагIатго. Жеги рии бакьулъе щвараб заман букIаниги, ГIаникь гIиял къавудаса гъоркье, ЦIурал расалъи чIван, къотIун унеб нилъер росдал жамагIаталъухъа колхозалъ араб гIиял кIудияб рехъен бихьизе лъикIан дудаго. ГIодулел ва хьандолел руччабиги рукIана, гьабизе бажарулеб жоги хутIичIого, чарабухIун бихьиналги гIолохъабиги рукIана. Гьиндиб росдада цебе бугеб ЛъагIриб майданалда ракIаризе амру букIана тIолалго сверухъ росабалъа данде гьарурал гIиял рехъаби. Гьениб кIиго-лъабгониги къо бана, киналгоги данде кьабун, бечIчIулеб чахъдал ва хIораб гIиял кIиго кIудиял рехъабаз. АнцIила кIиазаргоялдаса тIаде къадар гIиял букIанин гьенибан бицунаан. Щибаб къоялъ ГIуракь щобде ракIарун, щибдай рехъабазда гьабулебан хал ккун рукIунаан гIемерисел росдал гIадамал. Лъабго къойидасан гъоркьан тIаде гьаругьинан Къарахъ мухъалдехун унеб Коло-росохъ магIарде нахъе тIерхьун ана гIиял рехъаби. ХIубикь-Гъунире рачине амру щванин тIасаян бицана чIахIияз. Гьелгощинал къояз эменги тIагIун вукIана росулъа. Ахирги, киве гьев аравин гьикъидал, эбелалъ абуна, гьев рехъаби къотIун Къаралазул Гьочоб росулъе щвезегIан витIун анилан. Щуго къойидасан къаси кватIараб гIужалъ, къватIиса сас-махIго чIвачIого, хъващтIан нуцIаги рагьун, рокъове лъугьун вачIана эмен. Дунги эбелги хутIизегIан киналго кьижун рукIана.

– Гъа, щиб гъабулелха ругел? – ан гьикъана, щиб абилебали лъаларого гӀадин инсуца.— Къаси сардил бецӀлъиго щиб… Дунни чоца вачана нух таричӀого… ЦӀодораб хӀайван…

– Вуссаравищ?.. Нижги гьадин ругоха... Гьабизеги, абизеги жоги тӀагӀунха,- ян абуна эбелалъ, нуцӀикӀалтӀа тӀасажо бахъулев инсуда аскӀое йилълъунаго.

– Унго, киналго гӀиялищха рахъун арал, нилъее жого течӀебищ, МухӀама?

– Тана, Кусу…тана… Гьале гьаб тӀил тана! – ян абуна инсуца ццинги чарабухӀиги жубараб гьаракьалъ, дваргъан гӀодоб тӀилги кьабун. – Нужги

тана, дунги тана… Гьадин таниги, Аллагьасе щукру гьабизе ккараб хӀалги буго!

– Божун йикӀинчӀо, божизе бокьун букӀинчӀо гьадинаб вахӀшилъи хӀукуматалъ гьабиялда… Аллагьасдаги ислам-диналдаги дандечӀарал капурзабазул гьабулеб-толеб батӀияб букӀинищха,- ян абуна, жиндиего ракӀ-макӀ гьабулеб гӀадин, магӀуги бацӀцӀунаго эбелалъ. – Инсанасул хьул халатаб жолъидал…

– Дуца гьел къваригӀел гьечӀел харбал те, Кусу. Нилъер мацӀалдаса бортарабщинаб рагӀи хӀалихьатал гӀадамаз НКВДеялъухъе щвезабизе рес буго, тӀаде анцӀго жидецагоги жубан. МагӀишат гьабизе лъаларебани, нилъер къавулъ гъобгощинаб боцӀи-мал букӀинароан. Ургъила, хӀалтӀила, ракъуца хвезе ратиларин, – абуна инсуца, вехьасул тӀилги кидаго лъолеб бакӀалда мухӀкан гьабулаго. – ГьедигӀанго цӀоко бахъизе дунги чӀеларин… Дида цереги рагӀарал гьел рагӀабазул магӀна дида бичӀчӀана. БатӀияб магӀарде щвезарураб нусгоялдасаги цӀикӀкӀараб бетӀер гӀи-цӀцӀаназулги букӀараблъидал нижер, дозул щиб-кинан ккарабан цӀехезе дир таваккал гӀечӀо.

– Гьел рехъаби доре Къарахъехун щайха аз хъамурал? Элъул магӀна щиб? – ан гьикъана эбелалъ дада кванан вахъарабго.

– Нилъер районалда колхозалде лъугьине бокьаразул къадар цӀакъго дагьаб букӀиналъ Гъуниб районалъул ЧӀохъдерил колхозалъе кьезехъин рагӀула доб кӀиябго рехъен. Гьочоб росулъе щвейгун дора ратарал цойги рехъабалъе журазаруна нилъералги. Нижги тӀадруссун ритӀана, – ян абуна инсуца, кидаго гӀадин гӀицӀцӀал квераз босун цӀадул хӀенехӀалдаса хъалиянги рекӀинабулаго. Кар-карун багӀарараб хӀенхӀица къалъизабураб гьесул гьумер, хӀалакълъун, гвандал лъугьун бихьана дида.— Къарахъ мухъалда гӀачиялги, хурзал-мучӀдулги, кулабигицин ун руго колхозалъе рахъун. Гьебго жо кватӀичӀого гьанибги билълъанхъизабила гьаз… Инсанас хӀехьезе кӀолареб балагьги талихӀги кьоларила Аллагьасин абулаха цӀаларал чагӀаз. Ккараб ккела, хъвараб бихьила…

…Гьедин лъугӀизабуна инсуца араб гӀасруялъул лъеберабилел соназда колхозал гӀуцӀцӀулелъул магӀарул гьитӀинаб росулъ букӀаралъул бицараб хабар, гъваридаб пашманлъиги, жакъа совхозги гьеб совхоз гӀуцӀцӀараб гучаб пачалихъги биххун, гӀаммаб магӀишат пучч-хач гьабурал цо хассал чагӀазде бахъараб ццинги, чарабухӀиги цоцалъ жубараб асаралъул цӀурал бераз цӀадул гвар-гвари бахъараб печалъухъги валагьун. Бахараб, хъахӀаб мегежалъул, хӀалакъаб, цӀадул канлъуца гвангъизабураб, пашманаб инсул гьурмахъ валагьарав дида бичӀчӀулеб букӀана гьесул рекӀее бугеб захӀматаб хӀал.

– Доб тӀоцебе бакӀарараб бищунго лъикӀабги, къадар цӀикӀкӀарабги гӀиял кӀиго рехъен ЧӀохъдерил колхозалъе кьуна. Нилъер мухъалъул гӀадамазе

колхозазул мухъилъе лъугьине къабуллъуларого, тIадчагIаз гьедин гьабунин бицунаан доб мехалъ. КIиго соналдасан цIидасан бахъана хIукуматалъ гIадамазухъа додинго гIи-боцIи ва, ахир-къадги, гIуцIцIана колхоз.

КватIичIого байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Киназдего гIунтIун гIолохъабиги бихьиналги фронталде ун, колхозалъул иш гIиссинал гIолохъаби - нижедаги, харабаздаги, руччабаздаги тIаде ккана. Бихьараб къварилъиялъулги, хIехьараб ракъи-къечалъулги бицине рагIабазул къуватги дир кIалзул махщелги гIеларо… ГIи-боцIул мацIиги лъалев, унго-унголъун гьеб пишаги бокьулев инсуда кIвечIо батIа кIанцIун жиндирго магIишатги гьабун вукIине. Гьесие гьедин бокьаниги, тезеги тelaроан гьев хIукуматалъ. Колхозалъул гьутабаздаги магIарухъги ругел магIишатазе киб-щиб къварилъи кканиги, витIулаан правлениялъ эмен. АнцIила ункъо сон барав дицаги босана вехьасул тIил кодобе. Рагъдаса хадусел соназ нилъее гьаб жакъа росу бугеб бакI кьуна хасало гIи-боцIуе гьутанлъун букIине. ТIоцебе гьаниб гIиял къаву чIвазе ритIана дунги, ТохI-ГIумарил ГIабдуги, Аталасул ХIажавги, МухIамаги, Зурма-ГIумарил КъурбамухIамаги, Бадал ГIумарил МухIамадги. Ракьулъе, хоб гIадин, гвендги бухъун, тIад гIурдузда муцIиги тIибитIун, хасел тIамизе хьошал-къазмаби гьаруна нижеца. ХIукуматалъул кьварараб тIадчIейги, хадуб халкквейги букIана гIи-боцIудаги нижер рукIа-рахъиналдаги. ЛъагIалил ахиралда захIматкъоял рикIкIун кьолел тIощалил бутIабиги рукIунаан, нижеего росу сверун хутIарал хурзабахъа бакIарараб хIалухъинги гIолаан хIалихъего бетIербахъиялъе… Мунагьал чураяй эбелалъ бицунаан: Къумал жаниблъиялда нижерго рукIарал колхозалъ рекьарал хурзабазда къоялъ ккураб кIалгун якъунги къечонги хIалтIун, тIаде росулъе ячIунаго цIубарал богIол дагьалго тIорал ретIун щватинире ракIарун руго долъ. Хаслихъе захIматкъоязда рекъон тIощел бикьулаго щуго къали богIол цIезе кколелъуб ункъоги цIун, колхозалъул пирсидателас, «Кусу, гIела дуе ункъо къали, дуца Къумал хуриса цебего бакIарана щуабилеб къали» – янги абун, нахъе йитIун йиго. Доб къоялъ жинда цо гьищтIи рагIун букIанин тIорал щватинире ракIарулагоян йикIунаан эбел. Гьединаб кьварараб цIуна-къайги бербалагьиги букIана колхозалъул буголъиялда хадуб… Чанги гьаримав мискинчияс захIмат бихьун, гIетI тIун гIуцIцIараб, цIунараб магIишат букIана расги бечедаб гуреб нилъер колхозалъул… Гьанже бихьулищ бачIараб заман? Доб мехалъ гIаммаб магIишаталде жубазе бурутIцин букIинчIезул наслабаз бокьахъе пасат гьабуна совхозалъул кинабго буголъи! Гьай хъурмал! Гьай бацIал! Сталинил закон бокьилаан жакъа, кколеб тамихIалде гьел цIцIазе! – ян абуна инсуца бухIун лъугIулеб хъалиянги цIадабе рехун.

– Кулак гьаричIого рорчIаралищха нилъер росулъа ресалда рукIарал гIадамал? – ин гьикъана дица, гьеб дидаго лъалеб букIаниги, дагьабги гъваридго бицинародайин гьелъулан хьулалъ.

– Аллагьасул цIобалдалъун рорчIана. Эменги Аталавги чанцIулго ахIана сельсоветалдеги районалдеги щал-щалниги суалал кьезе. Бакъвараб гьанниги, хIан-нахниги - сайигъат-саламгун унаан гьел ахIанщинахъе гьоре. Кирго камуларел лъикIал, иман бугел чагIазул, хасго гьобол ЧIанкIаясул ТIинамухIамал кумекалдалъун къварилъиялдаса рорчIана.

Мадугьалихъ росабалъа, кулак гьарун рачун, тIагIинаруралги ккана. Бицунаан Гьиндиб росулъа Меседул Дибирав абурав чи, вачун арав, тIокIалъ тIадвуссинчIилан, гьевги, лъабкъого гурони гIиялъажоги гьечIев, росулъ лъилалдасаги я берцин къачIараб гуреб, я кIудияб, бечедаб гуреб рукъалъул

бетIергьан, гьоркьохъеб магIишаталъул чи. Жиндир гIияда колхозалъул гIужал ралелъул, чарабухIарав чияс абун рорчIарал «Исанани дир гIияда чIванин колхозалъул гIужал, тIасияб соналъ гьабзазда чIвазе ратила нужеца гьел», - илан абурал рагIаби НКВДеялъулазухъе щвезарун ратана мацIихъабаз. ХIакимзабазулгун хIал-махI рекъезабизе бажаричIел яги бокьичIел, мугIруздаги ЦIоралдаги рахча-хьван рукIаралги ккана. Гъобго Гьиндиб росулъа СалихIил Дибирас, азарилълъаги тIаде къадар араб гIиял бетIергьанас, колхозал гIуцIцIиялъул хабар баккарабго, гIемерал гIиял ричунги, жамгIиял хIалтIаби гьариялъухъги кьун, рикьун тIаса инаруна, колхозалъе додинго гIиги кьун, гIенеккун чIезе тадбир гьабуна. Кин букIаниги, кулак гьавун, районалде вачун арав чи, гIагарлъиялъ хIакимзабазе жоги кьун, хабарги рекъезабун, хвасар гьавуна. Гъозулго росулъа Бегасул МухIамад кулак гьавун вачун унаго нухда къаси сордо базе рештIаралъуса, кьижун кколев милициялъуласда тIадги речIчIун, бахъун досул туманкIгун, бецIлъукье тIурун ворчIун вуго. Цин магIарухъ, цин ЦIоралда вахча-хьван, таманал соназ вукIун вуго гьев, ахир-къадги гьоркьор чагIи кIалъан, херлъарав, унтарав чиги вукIиналъ хIалхьиялда тун вуго. Нилъер районалдаса, кулакалилан багьанабиги ратун, гIезегIан чагIи тIагIинарунин бицунаан чIахIияб гIелелъул гIадамаз.

Хадусел I937-I938- абилел соназда гIараб цIаларал чагIазда тIадги гьабуна таманаб зулму. «КIалзул кулак» абураб цIаралда гъоркьги, хIукуматалда дандечIарал харбал рицанин, цо букIарабги, анцIго букIинчIебги тIад лъун чангиял тамихIалде цIцIана, гIакIа ва налукал тIад лъун, къварид гьаруна. Гьебгощинаб балагьги захIматги бихьун гIуцIцIарал магIишаталги гучаб пачалихъги пасат гьабун бажарилин ккун букIинчIо… Жанисел тушбабаз гьабуна кинабго. Гьелги ратана гIемерисел коммунист партиялъул чIахIиял хъулухъал ккурал, кверщелги къуватги кодобе щварал вахьнаби…

Доб къоялдаса нахъе чанцIулго рокъобги, гIадамал-чагIи ракIарaралъубги ракIунтун бицунаан инсуца совхозалъул боцIи-мал талавур гьабураб тIалъиялде жиндирго бугеб разигьечIолъиялъул.

– ТIубараб дунялго тIаделъун биххизабизеги хIинкъизабизеги кIвечIеб гучаб пачалихъ, жанисел, балъгоял тушбабаз чурхъун лъуна. ГIадада гуро Сталиница додин кIваркьолеб букIараб пачалихъалъул жанисел тушбаби тIатинариялде ва кьварараб тамихIги ээие бихьизабун букIараб. Дов вукIана хIакъикъаталдаги ВатIаналъул тIалаб бугев, гьелъие гIоло хвезеги хIадурав, тIолгодунялалдаго къадруги бугев пачалихъалъул бетIер. Дов аралдаса тIокIалъ бегьулев чи ккечIо нилъер улкаялъул тIалъуде, – ян абуна инсуца, кинаб пикру дир бугебали лъазе бокьараб гIадин, гъоркьан дихъги валагьун.

– БитIараб буго дуца бицунеб, эмен. Кьварараб законги, гIадлуги гьечIеб иш цебехун билълъунаро ва гьелъ къваригIараб хIасил кьоларо, – ян тIадчIвана, хIакъикъаталдаги гьес бицунелъул гIемерисеб битIараб букIиналда ракIчIарав дица.— Хасго гьаб хIукуматалъул бищунго захIматалги къваридалги соназул нугIзаллъун рукIарал нужер гIелалъе захIмалъиларищха гьабсагIаталда лъугьун бугеб хIал…

– Гьав гьекъолдухъан бетIерлъуда вукIаго нилъер пачалихъалъул кинаб-гIаги цебетIей ва къадру букIинаро,- ян абуна улкаялъул бетIер Борис

Ельцинил политикаялда кидаго рази вукIунарев инсуца. Добаса, бетIералдаса, хун буго кинабго… БетIералдаса…

# Дун вуго магІарулав, Кьурабазда гъорлъ гІурав

ХIайдар ХIАЖИЕВ

## МАГIАРУЛАВ

Дун вуго магIарулав,
МугIрул ракьанда гIурав,
МагIарул лъим гьекъарав,
Куйдул мохмох кванарав.
Дун вуго магIарулав,
Биун чармил гьавурав,
Хвалчакьа хIинкъуларев,
Гулла жинда къаларев.
Дун вуго магIарулав,
ЩIадуца вухIуларев,
Ралъдалъ жив гъанкъуларев,
Къорица жив кколарев;
Зодоса цIваби росун,
Йокьулелъе гьел кьолев,
Ралъдал тIинда бугеб тIегь,
Квер бегьун, жинца тIолев,
РекIее хириялъе
Хазиналъун гьеб кьолев.
Дида гIемерал цIарал –
ХIисаб гьабе, гIадамал:
МагIарулав, орсияв,
Аорсиянги толев.
Гуржияз кидаяли
ЛекIиянги абурав,
ЩIакъго лъай цIикIкIараца
Албанецилан толев.
Китаяца дие цIар
Юэчжиян кьун буго.
Цогиги руго цIарал –
Гьел гьанир рехселаро.
Нужее хIажалъани,
Хъирще нужеца тIахьал.
Римал дица гъурана,
Ункъабилеб гIасрудал
Байбихьи бугеб мехалъ,
Надир-шагьасул бодул
Ханжу дица гьабуна.
АхIулгохIда вагъана,
Ведено хъала бана,
Гуржи-мусудузул ракI
Дица асир гьабуна.
Дун вуго магIарулав,
Кьурабазда гъорлъ гIурав,
ЯхI-намус чорхолъ бугев,
Аллагьасул дин ккурав.
Дун вуго магIарулав –
МегIер кваранаб барти!
Амма дида квелъ базе
Лъидаго кIвезе гьечIо.

## НАХЪА КОЛОСА
## КIУДИЯВ ХIАЖИ

*(поэма)*

I.

Хунзахъ тIалъиялда
Колоса ХIажи
Щибаб лъимералда
Лъалев вукIана.
Дун щварал росабалъ
Гьев лъаларев чи
Цониги дандчIвачIо,
Киве щваниги.
РечIчIизе сверутIе
Гьев вахъунелъул
Хунзахъа ХIажиян
АхIулаан гьез.
Дир эмен ХIажил цIар
Питeралде щун,
Поддубный вачIана
Гьевгун речIчIизе.
Дун, тохтирлъун цIалун,
ЩIалиги лъугIун,
Унсоколой щвана
Гьел сах гьаризе.
Къалъул гIуж букIана
Дун щвараб заман.
Больницалъул хIаким –
Главврачасда
АскIове вилълъана
Щун вахъиналде.
«Ассалам гIалайкум,
БетIерав тохтур!
Дун духъе витIана
Дуй кумекалъе!»
«ВагIалайкум салам,
ХIажил вас ХIайдар!» -
Больницалъул хIаким
Вахъана тIаде:
«Жеги мун цIалулев
Вугеб мехалъго
Дур хIакъалъулъ харбал
Дида рагIана.
Кинаб гIайиб дуца
ДитIа чIваниги,
Хирургасе хIалтIи
Дир гьаниб гьечIо.
Жанисел унтаби
Сах гьаре дуца,
КигIанго дуе гьеб
ЗахIмалъаниги…».
ЛъикI бугинги абун,
БетIерги къулун,
КъватIиве вилълъана
Гьесда аскIоса…

II.

Цо хIалтIул къо лъугIун,
Къаси мехалда
«Кумек!» - илан абун
РачIана дихъе.
Дирго «слушалка»
Кисинибги лъун,
Унтарав вугеб бакI
Гьикъана дица.
Пуланаб рокъове
Жанив лъугьиндал,
КIудада ватана
Бусада вегун.
Салам кьун, аскIове
Дун гIагарлъана
Ва херасда аскIов
ГIодов кIусана.
Гьес дида гьикъана:
«Щиб росулъа мун?»
Дица жаваб кьуна:
«Нахъа Колоса».
Нахъойги кIудияс
Гьикъана дида:
«Дур инсул цIар щиб?»
Дица жаваб кьуна
Гьев унтарасе:
«Дир эмен – речIчIухъан,
Колоса ХIажи».
Херав цIакъ вохана,
Гьимизе кIвана,
Чорхолъа унтаби
Анилан ккана.
«Валлагь, дир вас, дида
Дур эмен лъала.
Поддубныйгун ХIажи

РечIчIулеб къоялъ
Дун Хунзахъ вукIана
Горсвериялда.
Кьурул хъинс гIадинав
ГIурус вихьидал,
РакI хIинкъун букIана
ХIажи къелилан.
ВачIана сверутIе
Гьев гIурус вачун,
ВачIана сверутIе
Дур эмен вачун.
Инсуца, векерун
АскIове вачIун,
ГIинда нахъа цо хъат
КьабгIана гьесул.
Гьеб хъатил бахъараб
КIудияб гьаракь
Кьили мегIералда
РагIун батила.
ГIурусав хъахIлъана
ХъахIаб боз гIадин,
Гьесул сородиги
Бихьана дида.
Къанщараб цохIо бер
Балагьилалде
Поддубниясул мугъ
Кьурда регъана.
«Аллагьу Акбар!
Аллагьу Акбар!» –
АхIулеб букIана
Кинавго чияс.
Эхеде рехарал
Нижер тIагъраца
ТIалъиялъул рохел
Загьир гьабуна.
ХъахIилаб бухари –
Дур инсул тIагъур
ГIарцул цIезабуна,
БугIун, гIадамаз.
Гьес гIарац босичIо,
Кьуна баркала:
«Нужер рохел гIелин,
ГIарац кIваричIин…».
…Херав унтарасе
Сахлъиги гьарун,
Рокъове вуссана
РекIелъ рохелгун.
Буйнакск шагьарги
Лъала щивасда,
Гьениб мажгиталъуб
Бан батила как.
Цо пуланаб къоялъ
Щвана гьениве,
Гьенив вугев дибир
Дида лъалаан,
Дибирасда аскIов
Ватарав чияс
Дие суал кьуна:
«Щиб росулъа мун?»
Дица жаваб кьуна,
Цебего гIадин,
«Дун Нахъа Колоса
Вуго!» – ян абун.
Цоги суал кьуна
Нахъойги гьес дий:
«Дур инсуда цIар щиб
 БукIараб?» - илан.
Дица жаваб кьуна,
Кидаго гIадин,
Гьев Нахъа Колоса
ХIажи вукIанин.
Гьесул гьумералде
Гьими рехана:
«Дунги мажгиталъул
Кассирлъун вуго.
Дур эменги дида
ЩIакъго лъикIго лъала.
ХIажи вачIунилан
РагIараб мехалъ,
Ниж – гIиссинал лъимал,
Нухазда рахъун,
Гьев вихьизейилан
ЧIолаан рохун.
ХъахIилаб бухари
ТIад лъун букIана,
ЧIегIераб буртина
РетIун букIана,
МагIарул черкеска,
Гуржи мачуял,
ТIад месед бекьараб
Ханжар-рачелгун,
ГIарцуца къачIараб
Чуялда рекIун,
Вихьа-тIерхьудаса
Гьев тIагIинегIан
ХутIулаан хадур
Ралагьун лъимал.
Дир росдал цIар буго –
ТIаса Хъараниб,
КъваригIел кканани,
ВачIа гьоболлъухъ…».

## III.

Поддубный вуссуна
Доб Питералде,
КІочонеб букІинчІо
Инсудаса къей.
АнкьцІулго чемпион
Гьев дунялалъул,
ЗахІмалъун букІуна
ТІалтІа кІигъеж цуй.
Хунзахъ тІалъиялде
ТІелекь росдаца
ХІадурула цо чи
РечІчІизейилан.
Кваназе гьавула
Росдацаго гьев,
Жанив тун хьихьула
Бугъа гІадинан.
ЦІар гьесда букІана
Гъванкилан абун,
Ххенолеб гьобоцин
КІиябго квералъ
ТІаса босулаан
ТІелкьал рохизе.
Бубудиги гьесул
Бугъил гІадинаб;
ГІодоб хъатги кьабгІун,
Ракь кодоб босун,
Зодобе гьебги бан,
ЧІваркьун чІолаан,
Гьав бугъа вугилан
Халкъ гаргадизе.
Чапар витІула гьез
Хунзахъ росулъе,
РечІчІухъан жидеца
КъачІан вугилан;
Нужерав ХІажиги
Цеве вачеян.
ГьоцІдерил росулъа
ГІагарлъи бачІун,
Дир эмен Хунзахъе
Анила вачун.
ЦІакъ санагІатаб бакІ
Бугила «Тобот»,
Гьенир данделъизе
Кканила къотІи.
ГІалам букІанила
Гьениб данделъун,
Горсвери букІуна
ЦІакъго кІудияб.
Горбода рахас бан,
«Бугъаги» бачун,
ТІаде щолел руго
Гьале тІелкьалги.
Горбодаса рахсал
РатІа гьарула,
Бергьине кколилан
Лъазе гьабула.
СверутІе вачІуна
Колоса ХІажи,
Гьеб бертадул свери
Бугеб гІадинан.
Гъванк вортун вачІуна,
Бугъа кинигин,
Цинги, зунараб хьат
ГІинда нахъа щун,
БотІролъ тІил кьабураб
Бече кинигин,
Валагьун чІола гьев
ХІажил рахъалде.
ХІажи тІад хурхуна,
Гьабула «бедро»,
Мугъ Гъванкил седола
Ракьул гьурмада…
ТІелкьадерицаги
Рахъула хунжрул,
Гьел къватІире цІала
Хунздерицаги,
Дир эмен восула
Горсвериялде,
Дибирзаби рачІун,
ВагІза гьабула,
Рагъалдаса рекъел
ЛъикІаб букІинин.
СверутІе рехахъе
Рахсал хутІула,
Гъванкги цеве къотІун
ТІелкьалги уна.
Хунзги дир эменги
ТІадруссун уна.

*( Хадусеб букІине буго)*







Индекс годовой - ПС807 - 0
Индекс полугодовой - ПМ962 - 0

